8. Alniyazova G. Qaraqalpaq naqıl-maqallarınıń aksiologiyalıq sipatlaması. Xalıqaralıq konferenciya materialları toplamı. – Nókis, 2015.103-104-b.
9. Orazımbetov A. Qaraqalpaq naqıl-maqallarında somatizmlerdiń qollanılıwı. Xalıqaralıq konferenciya materialları toplamı. – Nókis, 2015. 122-123- b.
10. Qunnazarova Sh. Qaraqalpaq xalıq erteklerindegi naqıl-maqallardı lingvomádeniy úyreniwdiń áhmiyeti. // Ilim hám jámiyet, 2018, №4.
11. Abdinazimov Sh. Hayal sózi haqqında. // Vestnik KGU im. Berdakha. – Nókis: 2015, №4. 104-106-b.

**ORCID:** 0009-0004-5151-3700

# QARAQALPAQ HÁM INGLIS TIL BILIMINDE PEDAGOGIKALÍQ TERMINOLOGIYANÍŃ IZERTLENIWI

**Sultanova Dilfuza Kamalovna –** *tayanısh doktorant*
zamir.bek@bk.ru
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# ИССЛЕДОВАНИЕ ПЕДАГОГИЧЕСКОЙ ТЕРМИНОЛОГИИ В КАРАКАЛПАКСКОМ И АНГЛИЙСКОМ ЯЗЫКОЗНАНИИ

**Султанова Дильфуза Камаловна –** *базовый докторант*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# A STUDY OF PEDAGOGICAL TERMINOLOGY IN KARAKALPAK AND ENGLISH LINGUISTICS

**Sultanova Dilfuza Kamalovna –** *doctoral student*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch soʻzlar:** pedagogik terminologiya, termin, ta'lim, pedagogika, leksik-semantik xususiyatlar, terminologiya, qoraqalpoq tili, ingliz tili, qiyosiy tilshunoslik, terminografiya.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq va ingliz tilshunosligida pedagogik terminologiyaning shakllanishi, rivojlanishi va oʻrganilishi qiyosiy tarzda tahlil qilinadi. Pedagogik terminlarning leksik-semantik xususiyatlari, ularning ta’lim tizimidagi oʻrni va ilmiy kommunikatsiyadagi ahamiyati koʻrsatiladi. Qoraqalpoq tilidagi pedagogik terminologiyaning shakllanish tarixi, uni oʻrgangan olimlarning ishlari va terminologik lugʻatlarga tahlil beriladi. Shuningdek, ingliz tilidagi pedagogik terminologiyaning xalqaro sifati, yunon va lotin tilidan kirgan terminlarning qoʻllanilish xususiyatlari koʻrib chiqiladi. Tadqiqot natijalari qoraqalpoq tilidagi pedagogik terminologiyani tizimlashtirish, standartlashtirish va chogʻishtirma lingvistik tadqiqotlarni chuqurlashtirishning ahamiyatini koʻrsatadi.

**Ключевые слова:** педагогическая терминология, термин, образование, педагогика, лексико-семантические особенности, терминология, каракалпакский язык, английский язык, сравнительное языкознание, терминография.

**Резюме.** В статье сравнительно анализируется формирование, развитие и изучение педагогической терминологии в каракалпакском и английском языкознании. Указываются лексико-семантические особенности педагогических терминов, их место в системе образования и значение в научной коммуникации. Будет проведен анализ истории формирования педагогической терминологии в каракалпакском языке, работ ученых, изучавших ее, и терминологических словарей. Также рассматривается международное качество педагогической терминологии на английском языке, особенности употребления терминов, заимствованных из греческого и латинского языков. Результаты исследования показывают важность систематизации, стандартизации педагогической терминологии в каракалпакском языке и углубления сравнительно-лингвистических исследований.

**Key words:** pedagogical terminology, term, education, pedagogy, lexical-semantic features, terminology, Karakalpak language, English language, comparative linguistics, terminography.

**Summary.** The article comparatively analyzes the formation, development, and study of pedagogical terminology in Karakalpak and English linguistics. The lexico-semantic features of pedagogical terms, their place in the education system, and their significance in scientific communication are highlighted. The history of the formation of pedagogical terminology in the Karakalpak language, the works of scientists who studied it, and terminological dictionaries are analyzed. Furthermore, the international nature of pedagogical terminology in English and the usage characteristics of terms borrowed from Greek and Latin will be examined. The research results demonstrate the importance of systematizing, standardizing pedagogical terminology in the Karakalpak language, and deepening comparative linguistic research.

**Kirisiw.** Dúnyanıń túrli xalıqlarınıń til biliminde pedagogikalıq terminologiyanı úyreniw, olardıń leksikalıq qatlamdaǵı úylesimli ornın anıqlaw, hár qıylı tillerdegi pedagogikalıq terminlerdiń uqsaslıq hám ayırmashılıǵınıń ortaq sheńberin lingvistikalıq baǵdarda izertlew, sonıń menen birge olardıń payda bolıw hám qáliplesiw jolların mádeniy-tariyxıy kózqarastan anıqlaw, solar arqalı pedagogikalıq terminologiyaǵa tiyisli keń izertlengen hám tereń analiz etilgen ilimiy maǵlıwmatlardı usınıw áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı.

Pedagogikalıq terminologiya lingvistika tarawındaǵı ilimiy izertlewler ushın aytarlıqtay qızıǵıwshılıq payda etip kelmekte. Pedagogikalıq terminlerdiń ayırım tarawlarına (atap aytqanda, xalıq pedagogikası, didaktika, tárbiya teoriyası, bilimlendiriw, arnawlı pedagogika terminologiyası hám basqa da) pedagoglar menen tilshi ilimpazlardıń qızıǵıwshılıqları úlken ekeni anıq. Degen menen, til mamanlarınıń izertlew jumısları bul terminologiya sistemasında biraz jetkiliksiz. Qaraqalpaq til biliminiń házirgi rawajlanıw basqıshında hár qıylı terminologiyalıq sistemalardı izertlewge arnalǵan bir qansha ilimiy maqalalar hám monografiyalar baspadan shıqqan. Bular qaraqalpaq terminologiyasınıń teoriyalıq máselelerin sheshiw ushın tiykar bolıp xızmet etip, olardıń ámeliy nátiyjesi basılıp shıqqan terminologiyalıq sózliklerde de óziniń kórinisin taptı.

Hár bir milliy til óziniń ilimiy terminologiyasın dúzip baradı. Mine, sonday sistemalardıń biri qaraqalpaq tiliniń pedagogikalıq terminologiyası bolıp esaplanadı. Al, pedagogikalıq terminler tálim hám tárbiya islerine baylanıslı uǵımlardıń anıqlaması sıpatında sózlik quramda sóz jasaw usıllarınıń biri arqalı sol tarawda dóregen arnawlı atamalardan ibarat [1:68].

**Ádebiyatlar analizi.** Pedagogikalıq terminologiya máseleleri A.A.Reformatskiy, L.V.Sherba, V.V.Vinogradov sıyaqlı alımlardıń ilimiy miynetlerinde terminologiyanıń

teoriyalıq tiykarları, funkciyaları hám ilimiy kommunikaciyadaǵı ornı jaqtan izertlengen. Túrkiy til biliminde F.S.Faseev, U.Tursunov, S.Usmonov hám basqa izertlewshiler terminologiyanıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına úles qosqan. Qaraqalpaq til biliminde E.Berdimuratov, Q.Qosnazarov, Ǵ.Abipov hám A.Pazılovtıń miynetleri pedagogikalıq terminlerdi sistemalastırıw hám sózlikler dúziw isinde áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Sonıń menen birge, qaraqalpaq pedagogikalıq terminologiyasını lingvistikalıq aspektte arnawlı salıstırmalı túrde izertlewlerdiń jetkiliksiz ekenligi anıqlandı.

Izertlewde salıstırmalı-tariyxıy, leksika-semantikalıq, deskriptiv hám analiz-sintez metodları qollanıldı. Eń aldı menen qaraqalpaq hám inglis til bilimindegi pedagogikalıq terminologiya boyınsha ilimiy ádebiyatlar, monografiyalar, dissertaciyalar hám terminologiyalıq sózlikler úyrenildi.

**Nátiyjeler.** Qaraqalpaq til biliminde pedagogikalıq terminler ele arnawlı túrde ilimiy jaqtan izertlenbey kiyatır. Demek, sonı ayrıqsha atap ótiwimiz kerek, pedagogikalıq terminlerdi lingvistikalıq jaqtan hár tárepleme izertlew tek pedagogika páni ushın ǵana emes, al sonıń menen birge, qaraqalpaq tiliniń terminologiyası ushın da úlken áhmiyetke iye. Usılardıń ózi-aq, biziń temamızdıń qaraqalpaq til bilimindegi eń áhmiyetli máselege qaratılǵanlıǵınan dárek beredi.

Tildiń ilimiy tarmaqları arasında terminologiya óz aldına ózgeshe orındı iyeleydi, sebebi terminler arqalı hár bir ilim tarawınıń mazmunı, ondaǵı tiykarǵı uǵımlar hám bilimler sisteması sáwlelenedi. Terminler – ilimiy túsiniklerdiń leksikalıq belgisi bolıp, olar belgili bir tarawda qollanılatuǵın, anıq mánige iye arnawlı sózler yaki sóz dizbeklerin bildiredi. Pedagogikalıq terminologiya bolsa, bilimlendiriwdiń bárshe tarmaqları menen baylanısıp, insan tárbiyası, oqıtıw hám bilimlendiriw processlerine qatnaslı uǵımlardı qamtıydı.

Pedagogikalıq terminler – pedagogika yamasa bilimlendiriw sistemasına tán, tarawlıq jeke túsiniklerdi anıq, dál túrde túsindiriwge arnalǵan til birlikleri. Olar oqıtıw sistemasınıń mazmunı, oqıw processlerin shólkemlestiriw, pánlerdi úyreniw, metodika, oqıwshınıń dúnya tanıw procesin hám jámiyetlik tárbiya mexanizmlerin sáwlelendiredi. Mısalı, «tárbiya», «oqıtıw», «bilim», «rawajlanıw», «pedagogikalıq usıl», «didaktika» sıyaqlı til birlikleri pedagogikalıq terminologiyanıń tiykarǵı leksikalıq birlikleri qatarına kiredi.

Qaraqalpaq tilindegi pedagogikalıq terminler kóbinese túrkiy tillerdiń ortaq leksikalıq qorınan, ózbek, qazaq, túrkmen tilleriniń hám rus tili arqalı engizilgen internacional terminlerden dúzilgen. Bularǵa «tárbiya», «oqıwshı», «mektep», «pán» sıyaqlı dástúrli terminler hám «innovaciya», «modul», «texnologiya» sıyaqlı zamanagóy terminler mısal bola aladı.

Inglis tilindegi pedagogikalıq terminologiya xalıqaralıq sıpatqa iye bolıp, ilimiy túsiniklerdiń universal belgisi bolıp tabıladı. Bul tilde kópshilik terminler latın hám grek tillerinen alınǵan. Mısalı, «education» (bilimlendiriw), «curriculum» (oqıw jobası), «pedagogy» (pedagogika) sıyaqlı terminler xalıqaralıq bilimlendiriw sistemasınıń tiykarın quraydı.

Pedagogikalıq terminler mánisi hám qollanılıwı boyınsha tiykarınan professional tarawǵa qaratılǵan. Olardıń tiykarǵı atqaratuǵın xızmeti – bilimlendiriwdiń ilimiy túsiniklerin hám olardıń qollanıwdaǵı processlerin anıq hám túsinikli túrde jetkeriwden ibarat. Sonıń menen birge, bul terminler tildiń leksikalıq sistemasında óz aldına ayrıqsha semantikalıq máni júklengen topardı payda etip, bilimlendiriw sistemasınıń funkcionallıq hám mazmunlıq tiykarı bolıp tabıladı.

Termin túsinigin, terminologiyanıń ulıwma teoriyasın jaratqan A.A.Reformackiy termindi «ózine tán anıqlaması bar, belgili bir uǵımdı anıq hám qısqa túrde bildiretuǵın tillik birlik» [2:46], - dep túsingen. Onıń pikirinshe, pedagogikalıq terminler uǵımdı dál anıqlaw ushın ilimde jáne bilim beriw sistemasında áhmiyetli xızmet atqaradı.

Pedagogikalıq terminlerdiń mazmunı tuwralı L.V.Sherba, «pedagogikalıq terminler tek ǵana ilimiy uǵımlardı bildirip qoymastan, sonıń menen birge, oqıtıw menen tárbiyalaw procesinde qollanılatuǵın ámeliy uǵımlardı da qamtıydı» [3:30], - dep atap ótken edi. Onıń pikirinshe, bul terminler ilimiy mazmunnıń tájiriybege engiziliwiniń quralı bolıp tabıladı.

Funkcionallıq aspektlik kózqarasınan akademik V.V.Vinogradov [4:69] terminlerdiń qollanılıw ózgesheliklerine toqtalıp, olardı kásiplik kommunikaciyanıń negizgi quralı sıpatında qaraydı. Onıń pikiri boyınsha, pedagogikalıq terminler oqıtıwshı menen oqıwshı arasındaǵı baylanıs quralı sıpatında xızmet etedi hám bilim beriw procesiniń sapasın arttıradı.

Pedagogikalıq terminologiyanıń xalıqaralıq sıpatına kelsek, Yu.D.Apresyan internacional terminlerdiń bilim beriw tarawına tásirin izertlep, pedagogikalıq terminler universallıqqa iye bolǵanı menen, olardıń milliy tillerde mádeniy ózgesheliklerge sáykes beyimlesetuǵının atap kórsetken.

Túrkiy til biliminde terminologiya tarawınıń rawajlanıwına F.S.Faseev, U.Tursunov, S.Usmonov, R.A.Urekenova, S.A.Azizov, M.Sh.Gasımov hám basqa da alımlar ózleriniń salmaqlı úleslerin qostı.

Qazaq alımları arasında pedagogikalıq terminologiyaǵa ayırıqsha dıqqat awdarǵan izertlewshilerdiń biri Á.Qaydarov bolıp esaplanadı. Onıń miynetlerinde túrkiy tillerindegi pedagogikalıq terminlerdiń milliy ózgeshelikleri menen olardı rawajlandırıw jolları sıpatlanǵan. Qaraqalpaq tilindegi pedagogikalıq terminlerdi qáliplestiriw menen beyimlestiriwde túrkiy xalıqlarınıń ortaq leksikalıq qorı áhmiyetli xızmet atqaradı.

Qaraqalpaq tili terminologiyasınıń rawajlanıwı haqqında sóz bolǵanda birinshi gezekte professor E.Berdimuratovtıń «Qaraqalpaq terminologiyası», «Mektep turmısına baylanıslı terminlerdiń orıssha-qaraqalpaqsha qısqasha sózligi», Q.Qosnazarov, Ǵ.Abipov hám A.Pazılovlardıń birgeliktegi «Pedagogika-psixologiya terminleriniń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligin» atap ótiwimizge boladı.

1992-jılı Nókis qalasında tillerdiń óz ara qatnasları jaǵdayında «Házirgi qaraqalpaq tiliniń terminologiyasın tártiplestiriw máseleleri» boyınsha Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciya ótkerilip, onıń nátiyjeleri boyınsha tezisler baspadan shıǵarıldı. Onda tiykarǵı dıqqat qaraqalpaq tilindegi terminlerdi tártiplestiriw hám turaqlastırıw jaǵdaylarına qaratılǵan edi.

Qaraqalpaq tiliniń házirgi terminologiyalıq sistemasın izertlew máselesine bolǵan itibar 1980-1990-jılları sezilerli dárejede kózge túse basladı. Bul dáwirde onlaǵan kandidatlıq dissertaciyalar jazıldı.

Rus til biliminde B.B.Komarovskiydiń «Rus pedagogikalıq terminologiyası» atlı monografiyası baspadan shıǵarılǵan bolıp, bul miynette pedagogikalıq terminologiyanıń teoriyalıq mashqalaları hám rus xalqında dáslepki mekteplerdiń ashılǵan kúninen baslap házirgi dáwirge shekemgi rus pedagogikalıq terminologiyasınıń tariyxı izbe-izlikte sáwlelengen. Bul jumıs 3 bólimnen ibarat bolıp, onıń birinshi bóliminde rus pedagogikalıq terminologiyasınıń teoriyalıq máseleleri, rus pedagogikalıq terminologiyasınıń tiykarǵı derekleri, pedagogikalıq terminlerdiń lingvistikalıq klassifikaciyası sıyaqlı máseleler óziniń sáwleleniwin tapqan. Al, ekinshi bóliminde pedagogikalıq terminlerdiń qáliplesiw tariyxı bayan etilgen. Úshinshi bólim pedagogikalıq sózliklerdi dúziw hám onıń pedagogikalıq terminologiyanıń rawajlanıwına tásirin úyreniw menen juwmaqlanadı.

Túrkmen til biliminde M.J.Rejepovanıń túrkmen tiliniń pedagogikalıq terminologiyasın izertlewge arnalǵan kandidatlıq dissertaciyası jazılǵan [5]. Onda avtor túrkmen tili pedagogikalıq terminologiyasınıń qáliplesiw hám rawajlanıw tariyxı haqqında sóz ete otırıp, eń dáslep xalıq naqıl-maqallarına toqtap, onda pedagogikaǵa tiyisli terminlerdiń keń túrde qollanǵanlıǵın túsindirip ótken. Sonday-aq, izertlewshi túrkmen tilinde áyyemnen kiyatırǵan bir qatar sóz hám sóz dizbeklerin mısal sıpatında keltirip (telim, bilim, aqıl bermek), olar tálim-tárbiya jumıslarınıń nátiyjelerin sıpatlap kórsetedi, - degen juwmaqqa kelgen. Ilimpaz bunda túrkmen tilindegi pedagogikalıq terminlerdiń XIX ásirdiń baslarınan keyingi jaǵdayların úyreniwip, onda keltirilgen dáliller boyınsha túrkmen tilinde 1920-1930-jıllarda-aq ulıwma pedagogikalıq, tárbiya teoriyası didaktikalıq mektepler sıyaqlı tematikalıq toparlarǵa tiyisli terminler payda bolǵan bolsa, sol dáwirlerde basqa tillerden termin ózlestiriw qubılısları rawajlanǵan hám bul qubılıs keyingi basqıshlarda da jedel dawam etkenligin dálilleydi. «Túrkmen tilinde pedagogikalıq terminlerdiń jasalıwı» dep atalǵan ekinshi bapta olardıń ishki imkaniyatlar tiykarında, yaǵnıy morfologiyalıq, semantikalıq hám sintaksislik usıllar menen jasalıwın analiz etedi. Sonday-aq, usı bapta túrkmen tili pedagogikalıq terminologiyasınıń rus tili tiykarında bayıwı úyreniledi. Jumıstıń úshinshi babı «Túrkmen tili pedagogikalıq terminleriniń leksika-semantikalıq hám struktura-grammatikalıq xarakteristikası» dep atalǵan. Onda sinonimiya hám omonimiya máselelerine ayrıqsha dıqqat beriledi. Bul baptı pedagogikalıq terminlerdiń struktura-grammatikalıq sıpatlaması menen juwmaqlaydı.

Ózbek tilindegi N.U.Usmanovtıń dissertaciyasında ózbek tilindegi pedagogikalıq terminlerdiń qáliplesiw hám rawajlanıw tariyxına, xalıqtıń tálim-tárbiyaǵa qatnası bar awızeki ádebiyatına, ózbek pedagogikalıq terminologiya tarawına basqa tillerdiń tásiri máselelerine toqtalǵan. Sonıń menen birge, jumısta ózbek tilinde áyyemnen kiyatırǵan tálim-tárbiyaǵa baylanıslı bir qatar sóz hám sóz dizbeklerine mısallar keltirip, pedagogikalıq jumıslarınıń nátiyjelerin óziniń juwmaǵında aytıp ótken.

Pedagogikalıq terminologiya tarawındaǵı sózlikler máselesine keletuǵın bolsaq, 1967-jılı Moskvada «Russha-nemecshe mektep-pedagogikalıq sózligi» [6] basıp shıǵarılǵan bolıp, oǵan 20 mıńǵa jaqın leksikalıq birlikler kirgizilgen. Sonı da ayrıqsha atap ótiwimiz kerek, bul sózlikte termin dep esaplanbaytuǵın «*всемирный, водянистый, бесплатный, безошибочный* cıyaqlı kelbetlikler, *«абсалютно, аккуратно, безоговорочно, безразлично»* sıyaqlı ráwishler, «*закладывать, закончить, уходить, изгладить», исследовать* sıyaqlı feyiller de kirgizilgen. Sonday-aq, sózlikte pedagogika pánlerine ulıwma jaqın kelmeytuǵın terminler de berilgen. Mısalı: «abbreviatura, abris, agrotexnika, alt, aletaluchi, alfa-chastici, aplodismentı» hám t.b.

«Russha-tatarsha pedagogika hám psixologiya terminleri sózligi» 1985-jılı Kazan qalasında basılıp shıqqan [7]. Oǵan 7 mıń 322 termin kirgizilgen. Bul sózlikte psixologiyalıq terminler de bar. Biraq, joqarıdaǵı sıyaqlı bul sózlikte de bir qatar artıqsha terminler ushırasadı. Mısalı: *voleybol, basketbol, aggramatizm, anemizm, bazalnıy komponent rechi* hám t.b. Sózlikke ráwish, kelbetlik, feyil sóz shaqaplarına tiyisli leksemalar kirgizilmegen.

1960-jılı «Pedagogika-psixologiya terminleriniń orıssha-qazaqsha sózligi» [8] baspadan shıqtı. Onda russha 1 mıń 467 terminniń qazaqsha túsinikleri berilgen.

Ózbek tilinde de arnawlı pedagogikalıq sózlikler dúzilgen. Bul sózlik Sh.Bayburova hám N.Takanaevlardıń avtorlıǵında dúzilgen bolıp, «Pedagogikadan qısqasha russha-ózbekshe terminologiya sózligi» [9] dep ataladı. Sózlikte jámi 2 mıń 900 ǵa jaqın russha-internacional terminlerdiń ózbekshe túsinikleri berilgen. Bul sózlikte de joqarıda kórsetilgeт ayırım kemshilikler ushırasadı. Sebebi, oǵan *«активизировать, баловать»* sıyaqlı ayırım feyil formasındaǵı sózler, sonday-aq, «*братская солидарность с трудящимися всех стран, со всеми народами*» túrindegi termin esaplanbaytuǵın uzın súrenler, dizbekler hám tillik birlikler kirgizilgen.

Qaraqalpaq tilinde de bul baǵdar da bir qatar jumıslar islendi. Atap aytqanda, 1993-jılı prof.E.Berdimuratov hám B.Qutlımuratovlar tárepinen «Mektep turmısına baylanıslı terminlerdiń orıssha-qaraqalpaqsha qısqasha sózligi» [10] baspadan shıqtı. Sózlikte 2 mıń 677 sóz berilgen. Bul sózliktiń qaraqalpaq tiliniń pedagogikalıq terminologiya tarawı ushın áhmiyeti úlken bolsa da, oǵan bir qatar mektep turmısına hám de bilimlendiriwge ulıwma qatnası joq sózler de kirgizilgen. Mısalı, *ataka (hújim), apteka (dárixana), bespechnıy (biyǵam, uwayımsız), blizorukiy (tawıq kóz), recept (dáriqaǵaz)* hám t.b.

Pedagogika tarawına baylanıslı qaraqalpaq tilindegi jáne bir terminologiyalıq sózlik Q.Qosnazarov, Ǵ.Abipov, A.Pazılovlardıń birgeliktegi «Pedagogika-psixologiya terminleriniń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi» [11:104] bolıp esaplanadı. Ol mektep hám úy turmısında, pedagogikalıq iskerlikte jáne adamlar menen qarım-qatnasta jiyi qollanılatuǵın pedagogikalıq hám psixologiyalıq túsiniklerdi óz ishine qamtıydı.

**Dodalawlar.** Alınǵan nátiyjeler qaraqalpaq tilindegi pedagogikalıq terminologiyanıń ele tolıq izertlenbegen terminologiyalıq taraw ekenligin kórsetedi. Pedagogikalıq terminlerdi salıstırmalı-lingvistikalıq tiykarda úyreniw olardıń semantikalıq, strukturallıq hám funkcionallıq ózgesheliklerin tereńirek ashıwǵa múmkinshilik beredi. Sonıń menen birge, qaraqalpaq hám inglis tillerindegi terminlerdi sáykeslestiriw, olardı standartlastırıw hám zamanagóy bilimlendiriw talaplarına beyimlestiriw ilimiy hám ámeliy jaqtan úlken áhmiyetke iye. Bul izertlew pedagogikalıq terminologiyanıń keyingi salıstırmalı hám leksika-semantikalıq izertlewleri ushın tiykar bolıp xızmet etedi.

**Juwmaq.** Ulıwma alǵanda, qaraqalpaq tiliniń ádewir izertlenilgen, hátteki bir neshe sózlikler de baspadan shıǵarılǵan terminologiya iliminiń ele de izertlenbegen tárepleri barshılıq. Qaraqalpaq tiliniń pedagogikalıq terminologiyası, mine, usı topaŕga kiredi.

Solay etip, terminologiya, sonıń ishinde pedagogikalıq terminologiya tildiń bilimlendiriw tarawındaǵı dawamlılıǵı menen universal mazmundı bildiretuǵın taraw bolıp, onıń izertleniwi tildiń professional tárepleri haqqındaǵı túsiniklerdi elede bayıtadı hám terminlerdiń, atamalardıń, tillik birliklerdiń bilimlendiriw tarawında qollanılıwınıń optimal jolların tabıw ushın áhmiyetli bolıp tabıladı.

## Ádebiyatlar


1. Berdimuratov E. Qaraqalpaq tili terminleri. – Nókis: «Bilim», 1999.
2. Реформатский А.А. Что такое термин и терминология. – Москва: «Наука», 1961.
3. Щерба Л.В. Общеобразовательное значение иностранных языков и место их в системе школьных предметов. // Советская педагогика, 1942, № 5-6. – С. 30-40.
4. Виноградов В.В. Проблемы литературных языков и закономерностей их образования и развития. – Москва: «Наука», 1967.
5. Режепова М.Дж. Педагогическая терминология туркменского языка. АКД. – Ашхабад: 1986.
6. Русско-немецкий школьно-педагогический словарь. – Москва: Энциклопедия, 1967.
7. Ханбиков Я., Ханбикова Ш. Русча-татарча педагогика ва психология терминлари луғати. – Казань: КДУ нашр, 1985.
8. Русско-казахский словарь терминов педагогики и психологии. – Алматы: «Ғылым», 1960.
9. Байбурова Ш., Таканаев Н. Педагогикадан қисқача русча-ўзбекча терминология луғати. – Тошкент: 1963.
10. Berdimuratov E., Qutlımuratov B. Mektep turmısına baylanıslı terminlerdiń orıssha-qaraqalpaqsha qısqasha sózligi. – Nókis: «Bilim», 1993.
11. Qosnazarov Q., Abipov Ǵ., Pazılov A. Pedagogika hám psixologiya terminleriniń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi. – Nókis: «Bilim», 1994.
12. Фасеев Ф.С. Татар телендэ педагогик терминология. – Казань: Татар, китап нэшрияты, 1969.
13. Турсунов У. Терминология масалалари. – Тошкент: 1933.
14. Усмонов С. Ўзбек терминологиясининг баъзи масалалари. – Тошкент: «Ўқитўвчи», 1968.

# LEKSIKALÍQ TÁKIRARLARDÍŃ TEKST KOMPONENTLERIN BAYLANÍSTÍRÍWDAǴÍ ORNÍ

**Utemuratova Gulzira Bazarbaevna** – *tayanısh doktorant*
utemuratovagulzira11@gmail.com
*ÓzR Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim- izertlew institutı*

# РОЛЬ ЛЕКСИЧЕСКИХ ПОВТОРЕНИЙ В СВЯЗИ КОМПОНЕНТОВ ТЕКСТА

**Утемуратова Гульзира Базарбаевна** – *базовый докторант*
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан*

# THE ROLE OF LEXICAL REPETITIONS IN CONNECTING TEXT COMPONENTS

**Utemuratova Gulzira Bazarbaevna** – *doctoral student*
*Karakalpak Research Institute of Humanities of Karakalpak branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan*

**Tayanch so‘zlar:** matn, dialogik matn, sintaktik vosita, stilistik vosita, leksik takror, izchil bog‘lanish, semantik bog‘lanish.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq tilidagi matn komponentlari orasidagi aloqa vositasi sifatida leksik takrorlarning roli va funksional vazifasi tahlil qilinadi. Xususan, matndagi oldingi gapdagi so‘zlar keyingi gapda takrorlanib kelib, matndagi gaplarni bog‘lab kelishi badiiy matndan olingan misollar bilan dalillanadi.

**Ключевые слова:** текст, диалогический текст, синтаксическое средство, стилистическое средство, лексическое повторение, последовательная связь, семантическая связь.

**Резюме.** В статье анализируется роль и функциональная функция лексических повторений как средства связи между компонентами текста на каракалпакском языке. В частности, повторение слов в предыдущем предложении в последнем предложении, связывающее предложения в тексте, демонстрируется примерами, взятыми из художественного текста.

**Key words:** text, dialogic text, syntactic device, stylistic device, lexical repetition, sequential connection, semantic connection.

**Summary.** The article analyzes the role and functional function of lexical repetitions as a means of communication between text components in the Karakalpak language. Specifically, the repetition of words in the previous sentence in the last sentence, connecting the sentences within the text, is demonstrated with examples taken from literary texts.

**Kirisiw.** Tekst eki yamasa onnan da kóp gáplerdiń semantikalıq, grammatikalıq hám sintaksislik baylanısınan júzege keletuǵın quramalı sintaksislik pútinlik bolıp tabıladı. Mine usı quramalı sintaksislik pútinlik komponentleri óz ara hár qıylı baylanıs quralları járdeminde birigedi. Solardıń ishinde teksttegi gápler arasın baylanıstırıwda leksikalıq tákirardıń ornı ayrıqsha**.**

Bizge belgili, kórkem shıǵarmalarda, ásirese poeziyalıq shıǵarmalarda qollanılatuǵın tákirarlar tiykarınan tek kórkem sóz bezegi retinde qaralıp kelgen. Biraq, tekst lingvistikasında leksikalıq tákirar teksttegi gáplerdiń izbe-iz (shınjır) sintaksislik baylanısınıń tiykarǵı quralınıń biri retinde bahalanadı.

**Ádebiyatlar analizi**. R.A.Budagov “Keyingi dáwirde túrli tiptegi tákirarlar grammatika (sintaksis) tarawınan stilistika tarawına pútkilley ótedi”, – dep jazadı. Izertlewshi olardı “sanalı tákirarlar” dep bahalap, olardıń wazıypası tekstti grammatikalıq jaqtan emes, al stillik jaqtan shólkemlestiriwden ibarat ekenligin aytadı, bul jaǵdayda tákirarlar belgili bir maqsetlerdi, kóbinese emocionallıq-ekspressivlik maqsetlerdi gózleydi dep kórsetedi [3:116-117]. R.A.Budagov grammatikadan stilistikaǵa ótiw procesinde (yaǵnıy ilgeri grammatikaǵa tiyisli bolǵan belgili bir funkciyalardıń stilistikaǵa ótiwinde) grammmatikanıń jetilisiwin, rawajlanıwın kóredi. Ilimpazdıń bul pikirine qosılmaw múmkin emes, biraq leksikalıq tákirarda tek emocionallıq-ekspressivlik funkciyanı kóriw baylanıslı tekstti shólkemlestiriwde tákirarlardıń rolin sheklew, shegaralaw boladı.

Yu.A.Belchikov bolsa óz miynetlerinde tákirarlardıń eki túrli funkciyanı atqaratuǵınlıǵın kórestedi: 1) sóylewdiń tásirsheńligin, ekspessivlikti arttırıwshı, pikirge dinamikalıq ózgeshelik beriwshi arnawlı usıl sıpatında. 2) sóylewdiń baylanıslılıǵın támiyinleytuǵın zárúr tekst dúziwshi komponent sıpatında [2:31-36].

Kóplegen ilimpazlar leksikalıq tákirardıń tiykarǵı xızmeti tekst komponentlerin baylanıstırıw, tekst kogerenligin qáliplestiriw, pútin bir struktura payda etiw ekenligin aytadı. A.E.Suprun tákirarlar funkcionallıq jaqtan tekstti dúziwge xızmet etedi hám sol arqalı onıń pútinligin hám birligin támiyinleydi dep atap ótedi. Onıń pikirinshe, tákirarlar arqalı diskret elementler, ayrım sózler bir pútinlikke birlesedi [6:133-142]. Al, qaraqalpaq tiliniń sintaksisine arnalǵan sabaqlıqta tekstti baylanıstırıwshı birlikler qatarına leksikalıq tákirardı da kirgizedi [4:273]. G.Ya.Solganiktiń pikirinshe, tekstti dúziwshi gáplerde sóz yamasa sóz dizbegin tákirarlaw tiykarınan sintaksislik ózgeshelikke iye bolıp, bul «gápler arasındaǵı sintaksislik baylanıstıń ózine tán kórsetkishi bolıp esaplanadı [5:57].

**Analiz hám nátiyjeler.** Bir qatar ilimiy ádebiyatlardı analizlew tiykarında, tekt ishinde sózlerdiń tákirarlanıwı gáplerde túrli sintaksislik xızmetti atqarıwı múmkin degen juwmaqqa kelemiz. Mısalı, birinshi gápte baslawısh xızmetin atqarǵan sóz, keyingi gápte tolıqlawısh xızmetinde keliwi múmkin. Qońsılas gáplerdiń sáykes keletuǵın leksikalıq aǵzalarınıń qatnası olar arasında grammatikalıq baylanıstı payda etedi. *Mısalı, Mine, Seydan on eki jıldan berli, óz ómirinde arttırǵan usı* ***gewishin*** *súyrep júr.* ***Gewish*** *jırtılıw menen hálek, Seydan ǵarrı jamaw menen hálek. Bul* ***gewish*** *áste basıp otınǵa da ketedi, retinde adamlardıń esine túsip iyesi shaqırtıla qalsa, toyǵa da baradı. Ǵarrılar sırtqa* ***gewishlerin*** *sheship*

*qoyǵanda kóp **gewishler** aljasıp ta ketedi ǵoy. Biraq Seydan ǵarrınıń **gewishi** basqa **gewishlerdiń** ústinen húkim súrip, kóp shójeli alma bas úyrektey mańqıyıp tura beredi. Onı kiyiwge iyesinen basqa kim júreksinsin. (I.Yusupov, «Ǵarrı tuttaǵı gúz» 16-bet).*

Qaraqalpaq tilinde leksikalıq tákirarlar arqalı izbe-iz (shınjırlı) baylanıstıń tómendegidey strukturalıq túrleri qáliplesiwi múmkin.

*Mısalı, Olar úyden uzaqlaǵan sayın burshaqtıń káramatına qayıl qala berdi. Úsh-tórt **torańǵıldan birewi** short sınǵan. Tik qalǵan jas **torańǵıllardıń** japıraqları túsip, shaqaları sıp-sıydam bolıp qalǵan edi. Tamırdan shıqqan náwshe **torańǵıllar** jerge jabısıp tóselip jatır. Qudaynazar usı jasqa kelgenshe bunday qıyamet-qayımdı kórmegen edi. (M.Nızanov, «Dushpan» romanı,3 3-bet)* Bul mısalda ekinshi hám úshinshi gápler arasındaǵı izbe-iz (shınjırlı) baylanıs «**baslawısh-anıqlawısh»,** al úshinshi hám tórtinshi gápler arasındaǵı sintaksilik baylanıs **«anıqlawısh-baslawısh»** tipindegi strukturalıq formalarına iye.

*Qız eki iyninen demin alıp jatırǵanda, tuw alıstan bir **oq jılannıń** ózine qaray pát penen jıljıp kiyatırǵanın kózi shalıp qaldı. Há demey jańaǵı **jılan** qızdıń ayaq ush betinen shubatılıp keledi de, oǵan atılatuǵınday tikshiyip qarap turadı.*

*Biraq**, oq jılan** kóp eglenip turmastan, onıń sayalap atırǵan aq sheńgelin jeti mártebe aylanıp shıǵadı da, zerendegi sútke awzın basıp, bir tamshısın da qaldırmay simirip jibergen. Aradan azǵana waqıt ótpey-aq, **oq jılan** ishken sútiniń bárin zerenge qaytarıp, qızǵa zıyan etpesten, kelgen jolına túsip qaytıp kete beredi.*

*(U. Pirjanov «Aq tal astındaǵı aqsham» povesti. 46-bet)* Joqarıdaǵı mısalda gápler arasındaǵı izbe-iz (shınjırlı) baylanıs «anıqlawısh-baslawısh», «baslawısh-baslawısh», «baslawısh-baslawısh» túrindegi strukturalıq formaǵa iye.

*Kelinshek alıstan kóringen **atlıdan** dáslep qáwiplenbegen edi. «Jaǵıs alıs pa, jaqın ba, sorayın» degen oy menen **atlıǵa** jetkenshe asıqtı. **Atlı** ádep ayańladı, soń jortaqladı, aqırında atınıń basın jazdırıp qamshı bastı. Nesiybeli onı attıń quldırap atlıǵıwınan ańlap qaldı. Ańlaǵanı da sol, tóbesinen muzday suw quyılǵanday boldı. (Sh.Seytov, «Qashqın», «Kóp edi ketken tırnalar» povestler,123-bet)* Berilgen mısalda leksikalıq tákirarlar birinshi hám ekinshi gápler arasında «tolıqlawısh-tolıqlawısh» tipindegi, ekinshi hám úshinshi gápler arasında bolsa «tolıqlawısh-baslawısh» tipindegi izbe-iz (shınjırlı) baylanıstı payda etken.

*Adamlar kóp jaǵdayda ózine kerek emes zattı basqaǵa ótkeriw ushın ya satıw ushın **maqtaydı**. Eger bir dostıń seni kózińshe **maqtay baslasa**, ózińdi abaylı tut. Satıp júrmesin! (T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaqnama» roman-essesi, 115-bet)* Berilgen mısalda gápler ózara leksikalıq tákirarlar aqalı sintaksislik baylanıs ornatqan bolıp, bul baylanıs «bayanlawısh-pısıqlawısh» tipindegi strukturalıq formaǵa iye.

Mısallardan kórinip turǵanınday, izbe-iz (shınjırlı) baylanıstıń strukturalıq túrleri arasında baslawısh yamasa tolıqlawıshtıń tákirarlanıwı menen baylanıslı túrleri jetekshi orındı iyeleydi. Bálkim, bul jaǵday qaraqalpaq tili sintaksisinde subyekt-obyekt qatnaslarınıń úlken áhmiyetke iye ekenligi bolsa kerek. Izbe-iz baylanıstıń kópshilik strukturalıq túrleri subyektler arasıngı yaki subyekt penen obyekt arasındaǵı qatnaslardı (baslawısh-baslawısh, baslawısh-tolıqlawısh, tolıqlawısh-tolıqlawısh, tolqıqlawısh-baslawısh hám.t.b) ańlatıwǵa tiykarlanadı. Izbe-iz baylanıslardı qáliplestiriwde bayanlawısh penen pısıqlawıshtıń roli anaǵurlım az.

Solay etip, leksikalıq tákirarlar teksttegi gáplerdi baylanıstırıwdıń keń tarqalǵan usıllarınıń biri bolıp, onıń keń qollanılatuǵının sóylew ámeliyatınıń ózi dálillep kórsetedi. A.M.Antipova sóz hám gáplerdiń tákirarlanıwı, ásirese, spontan dialoglıq sóylesiwde kóp ushırasatuǵınlıǵın aytadı [1:10]. N.Yu. Shvedova bolsa «erkin sóylesiw derlik barlıq waqıtta dialogtıń konstruktiv elementi sıpatında tákirardı óz ishine aladı» - dep jazadı [8:285]. Haqıyqatında da, biz qaraqalpaq dialoglıq sóylesiwlerin analizlep qaraǵanımızda dialoglarda leksikalıq tákirarlardıń hár túrli formada jiyi qollanılatuǵınlıǵın anıqladıq.

Mısalı,— Xojalıq neshe tonna paxta jetistiredi?

— Segiz mıń úsh júz...

—Sonıń jartısı ótirik cifr, solay ma?

—Ol ne degenińiz, ***joldas***...

— ***Joldas*** deme, sen maǵan, men saǵan ***joldas*** emespen. Onnan da ayıbıńa shın kewilden ıqrar bol. Sonda eń joqarǵı jaza—***atıw jazasınan*** qutılasań.

—***Atıw jazası?***

—Awa, solay... Mámleket múlkin oǵada kóp muǵdarda talan-taraj qılǵan shaxslarǵa ***atıw jazası*** beriletuǵınınan xabarıń joq pa? (K. Karimov, «On úshinshi awıl» romanı, 124-bet)

Tematikalıq, kommunikativlik hám grammatikalıq jaqtan dialogtaǵı replikalar arasındaǵı baylanıs monologlıq teksttegi górezsiz gápler arasındaǵı baylanıstan aytarlıqtay ózgeshelikke iye emes. Olar arasındaǵı ayırmashılıq, tiykarınan strukturalıq jaqtan kózge taslanadı

Dialog replikaları arasındaǵı tematikalıq hám kommunikativlik baylanıs juwap replikalardıń ózine tán strukturalıq dúzilisinde kórinedi: a) dialoglıq tekstte, ádette sáwbetlesiwshiler ushın belgili bolǵan tema sheńberinde pikir almasıladı. Sol sebepli bildirilip atırǵan pikirler tolıq emes gáp túrinde berilip, dialogtı dúziwshi gáplerdiń mazmunı sáwbet baslanıwında aytılǵan gáp penen ayqınlanadı.

b) sáwbetlesiwshi tárepinen ayrıqsha ekspressivlik penen qabıl etilgen stimul-replikanıń qanday da bir sózi yamasa sóz dizbekleriniń biri juwap replikada ózgerissiz yamasa túrli qosımsha mániler menen, yaǵnıy túrli affiksler, kómekshi sózler menen qosılıp hám de intonaciya ózgeriwi menen tákirarlanadı [7:562-563].

Ilimpazlar tárepinen dialoglarda tákirardıń tómendegidey túrleri bar ekenligi aytıladı. Sózlerdiń hár túrli formalarda tákirlanıwı sáwbetlesiwshi tárepinen usı sózge qosımsha máni júklengende júzege keledi hám bul qosımsha máni hárqıylı affiksler járdeminde bildiriledi. *Mısalı, Adamlardan bólingennen keyin jalǵız ketip baratırǵan Almaǵúldiń izine jetip aldım. Qapa edi.*

*— **Saǵan oyın unamadı ma**? — dedim oǵan qaptallasıp júrip.*

*— Maǵan **oyın** kerek emes, shın kerek!*

*— Saǵan bir nárse **aytpaqshı edim**.*

*— Úlmekenge **ayta berin?***

*— Saǵan ne!*

*— Men esitpeymen!*

*Tutlıǵıp tilim tańlayıma tıǵılıp qaldı.*

*— Kewlimde **árman bolmasın!** — dedim oǵan jalınıp.*

— *Men sendey **ármanlı emespen**.*

— ***Ármansızbısań?***

— ***Ármansızban!***

*Qız kewilsiz kúldi. Eralınıń tamınıń artındağı, úlken qıysıq aq taldıń astındağı arba jolda onıń bileginen usladım. Qolları ıssı edi.*

*— Aytatuǵınıńdı ayt! — dedi ol julıp alǵanday etip. Kóp turdıq. Bárin aytıp berdim. Onıń isengisi kelmedi. Ol talǵa súyenip turıp, bárin muńayıp tıńladı.*

*— Bári-bir, — dedi ol, bir waqıtta bosasıp. — Saǵan úyińniń ishi Úlmekendi aldırmay qoymaydı.*

*—**Qashıp ketemiz**! — dedim men sol minutlarda hesh nárseni oylap turmastan.*

*—**Kete beriń**, jollarıń bolsın!*

*—Joq, seniń menen ekewmiz.*

*—Men heshqayda **barmayman!***

*—**Barasań**!*

*—Adamlardıń «buzaqı» degenin esitip júremen be? Keyninen ne boladı?!*

*—Men heshnárseniń keynin **oylap turǵanım joq**.*

*—**Sen oylamasań basqalar oylaydı.** (U.Pirjanov, «Aq tal astındaǵı aqsham» povesti. 33-34-bet)*

Tekst ishinde tákirarlar soraw almasıqları menen de birge qollanılıwı múmkin.

*Bunnan biyxabar Maman birazdan keyin basın kóterip xannıń sorawına ún qattı:*

*— Gáptiń qarnı qulaq boladı, xanımız.*

*Xannıń túsi suwıdı. Biraq ózin aldırmawǵa tırıstı.*

— ***Joldıń iyesi kim boladı, biy?***

— ***Joldıń iyesi tuyaq boladı, xanımız.***

— ***Eldiń iyesi kim boladı?***

— ***Eldiń iyesi aqıllı xan boladı, xanımız.***

*Xan murtlarınıń ushın awzına salıp jalmadı.*

*Kúymeniń degershikleri tasqa dúkti me, sart-sart etip awdańlap ketti. Xan ashıwlı bir nárse demekshi bolıp turdı da:*

— ***Sheshenliktiń kúshi nede? — dedi.***

— ***Sheshenliktiń kúshi shınlıqta, xanımız, — dedi Maman.***

— ***Xannıń kúshi nede?***

— ***Xannıń kúshi áskerinde, xanımız.*** *(T.Qayıpbergenov ««Maman biy ápsanası» 83-bet)*

Sonıń menen birge qaraqalpaq tilindegi kórkem tekstlerdi analizlep qaraǵanımızda sáwbetlesiwshi ayırım maǵlıwmatlardı tolıq qabıl etpegenligi nátiyjesinde sózlerdi soraw formasında qayta tákirarlaw múmkin.

*Mısalı, Allayar eskekte edidaǵı, "dáryanıń qayeri **sayız**, qayeri tereńligin sen emes, men bilemen!" dep rulge Esjan ǵarrınıń ózi shıqtı. "Usınshelli en jayıp atırǵan aydınnıń **sayız** jerin bilsemdaǵı ózimniń **sayız** jerimdi ózim bilmeydi ekenmen!" dedi bılayıraq shıqqan soń ǵarrı. Eskektegi bala tańlandı: "—Ata! Adamnıń da **sayız** jeri bola ma eken?!!"*

*—Adamnıń **sayız** jeri dım kóp boladı eken, balam! — dedi ǵarrı ókinishli epkinde. Sol **sayız** jerińdi bilip júrmeseń, ıǵbalıńnıń kemesi qayırlap qaladı, talabıń júrmeydi...*

*—Ne ushın?*

*—Sebebi, talabıńdı da júrgizetuǵın sol ıǵbal kemesidur, ol qayırlasa, isińniń atı joq, talabıń qalay júredi, isiń qalay ónedi, is ónbegen soń talap júre me, baxtıń ashıla ma?!!*

*—Ata-a, —dedi bala eskektiń shalnılın egleńkirep. —Bir nárse sorayın ba?*

*—Soray be-er, tartınba!*

*—Siz **sayız** jerińizdi qalay bildińiz?*

*—Bilgenim joq, Qumınger kórsetti. (Sh.Seytov, "Shırashılar", 60-bet)*

**Juwmaq:** Juwmaqlap aytqanda, tekst ishinde sóz hám sóz dizbeklerin qayta tákirarlaw arqalı gápler arasındaǵı semantikalıq hám strukturalıq baylanıs ornatıladı. Bul usıl teksttiń pútinligin, izbe-izligin hám logikalıq dawamlılıǵın támiyinleydi. Solay etip, leksikalıq tákiraralar tekstti bir pútin sistemaǵa aylandıratuǵın, onıń mazmunlıq úzliksizligin támiyinleytuǵın eń nátiyjeli baylanıstırıwshı qurallardan biri bolıp esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Анипова А.М. Просодические средства ритмизации спонтанной диалогической речи. // Теория и практика лингвистического описания разговорной речи. Вып.7.4.1. – Горький, 1976.
2. Бельчиков Ю.А. Нужно воспринимать жизнь во всём её блеске, красоте и богатстве красок (К.100-летию со дня рождения К.Г.Паустовского). // Русский язык в школе, 1992, №2. – С.31-36.
3. Будагов Г.А. Что такое развитие и совершенствование языка? – Москва: «Наука», 1997.
4. Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis. – Nókis: 2009.
5. Солганик Г.Я. Синтаксическая стилистика. – Москва: «Высшая школа»,1973.
6. Супрун А.Е. Повтор в лексической структуре текста. // Язык-система, язык-текст, язык-способность. – Москва: МГУ, 1995.
7. Татарская грамматика. Т.111. Синтаксис. – Казань: 1995.
8. Шведова Н.Ю. Очерки по синтаксису русской разговорной речи. – Москва: 1960.

# ӨЛШЕМ ТҮСИНИГИНЕ ҚАТНАСЛЫ СОМАТИКАЛЫҚ ФРАЗЕОЛОГИЗМЛЕР

**Шынназарова Саодат Жубатхановна –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
saodatsynnazarova@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# СОМАТИЧЕСКИЕ ФРАЗЕОЛОГИЗМЫ, ОТНОСЯЩИЕСЯ К ПОНЯТИЮ МЕРЫ

**Шынназарова Саодат Жубатхановна** – *кандидат филологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# SOMATIC PHRASEOLOGISMS RELATING TO THE CONCEPT OF MEASURE

**Shinnazarova Saodat Zhubatkhanovna** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** фразеологизм, соматизм, сема, лексика-семантика, фонетика, компонент, концепт, лингвомаданий таҳлил, фразеологик луғат.

**Резюме.** Мақолада туркий тилшуносликда, жумладан, қорақалпоқ тилшунослигида мезуратив соматик фразеологизмлар масаласи ҳақида сўз юритилган. Мезуратив соматик фразеологизмларнинг қорақалпоқ тили бадиий асарларда қўлланилишига эътибор қаратган. Қорақалпоқ тилидаги фразеологик луғатларда маъноларининг изоҳига шарҳ берилган.

**Ключевые слова:** фразеологизм, соматизм, сема, лексика-семантика, фонетика, компонент, концепт, лингвокультурологический анализ, фразеологический словарь.

**Резюме.** В статье рассматривается вопрос мезуративных соматических фразеологизмов в тюркском языкознании, в том числе в каракалпакском языкознании. Он обратил внимание на использование мезуративных соматических фразеологизмов в художественных произведениях каракалпакского языка. В фразеологических словарях каракалпакского языка дается разъяснение их значений.

**Key words:** phraseology, somatism, sema, vocabulary-semantics, phonetics, component, concept, linguistic and cultural analysis, phraseological dictionary.

**Summary.** The article discusses the issue of measurative somatic phraseological units in Turkic linguistics, including Karakalpak linguistics. He paid attention to the use of mesurative somatic phraseological units in Karakalpak literary works. Explanations of their meanings are provided in phraseological dictionaries of the Karakalpak language.

**Кирисиў.** Ерте ўақытлардан-ақ адам баласы тәбият, әтирапындағы қубылысларға өз баҳасын берип, қандай да түсиникти өз дене мүшелери менен байланыстырыў арқалы түсинген.

Бизге белгили болғанындай-ақ, қарақалпақ халқы да көп ғана халықлар сыяқлы өлшеў әсбапларына ийе болса да (тәрези, безбен, т.б.) аралықты, узақ яки жақын жердеги нәрсени, адамның (зат, предмет), сондай-ақ, адамның қәсийетлерин (сумлық, ақыл, ой-пикир) т.б. өлшеўде, баҳалаўда дене мүшелери қатнасында түсиндирген. Бул дәслеп туўра мәнисте қолланылса да, ақыл-ой, менталлық тереңлигине қарай, соңын ала аўыспалы түрде фразеологизмлер қурамына өткенлигин көремиз.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. Қарақалпақ ҳәм инглиз тилиндеги лакуналар ҳаққында Р.Жумамуратова: «адам денеси бойы (бел, көкирек, мойын), аяғы (табан, тобық, дизе, қәдем), қолы (тирсек, қулаш, қысым, қарыс, улыўма бармақлар) ҳәм басқа ағзалары дәслепки өлшеў қураллары сыпатында кең қолланылған. Инглис тилинде сөйлеўши халықлар, яғный, Англия ҳәм АҚШ мәмлекетлери елеге шекем ескиден қалған өлшеў бирликлери дюйм, фрут, ярдлардан пайдаланады» [3:14].

Фразеологизмлер қурамында *ели, қулаш, қарыс* т.б. қарақалпақ тилиндеги өлшем бирликлери аңлататуғын бирликлери менен келетуғын фразеологизмлер де ушырасады. Мысалы:

Еки *ели* аўзына беккем болыў.

Тили бес *қарыс*, тили *қулаш жарым*, маңлайы *жети қарыс* ашылыў т.б.

Бунда «ели – бармақ енине тең өлшем» [4:234] болса, «қарыс – бас бармақ пенен кишкене бармақ арасындағы өлшем мөлшери» [5:368], қулаш – 1. еки қолдың кергендеги аралығы; 1.узынлықты билдиретуғын өлшем бирлиги» [6:33].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем-эстетикалық, структуралық анализ методларынан пайдаланылды.

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Қарақалпақ соматикалық фразеологизмлери қурамында *қол созым жер* – оғада жақын аралық, *көз ушында* – көзге көринетуғын жер, бирақ узақлаўда, *тили сала қулаш* – көп сөйлейтуғын адам мәнисин билдирип, «тили бир қарыс, (тили бир қулаш) фразеологизмлери сөйлемшек, мақтаншақ адам» мәнилерин билдиреди [2:146].

***Бармақ, саўсақ*** соматизми қатнасындағы фразеологизмлер:

*Бармақ бүгип санағандай* – аз, азғантай деген мәнилерди билдиреди. Себеби адамда қол ҳәм аяқ бармақлары санаўлы, он данадан. Сонлықтан белгили шектеги, шендеги, өлшемдеги нәрселерди қол менен, бармақ пенен санаў дәстүри ертеден-ақ қәлиплескенлигин усы фразеологизмлер арқалы көриўге болады.

*Бармақ* пенен санаса болады – «жүдә аз, сийрек» [2:23], *бармақ ушы* – аз, азғантай нәрсени өлшеў ушын қолланылады.

*Бес саўсағындай белгили* – жүдә анық, айдай түсиникли. Ерназар Алакөздиң усы жерлерде жасағанлығы расқа келеди, себеби бул жерлерди *бес саўсағындай билгенлиги* «Изим»қорғанын қурып, халқының азатлығы ушын өмириниң соңғы күнлерине шекем аянбай саўаш жүргизген (Ү.Нийетуллаев).

***Бас*** соматизми қатнасындағы фразеологизмлер:

Бас – адам геўдесиндеги ең жоқарыда жайласқан дене болып, қарақалпақ тилинде қандай да тәрепти өлшеў де тутас дене узынлығы аяқ ҳәм бас мүшелери арасында екенлигин теңлестирип өлшеў жағдайында да қатнасады.

*Бастан асады* – жүдә көп, мол деген мәнилерди аңлатады. Мысалы: Жумыс *басынан асып* атыр (С.Салиев).

Бунда жумыстың шексиз оғада көплиги нәзерде тутылған.

*Бастан-аяқ* – бул фразеологизм көбинесе, ўақыт өлшемин аңлатыўда қолланылады. Бастан аяқ – «ҳәммеси тутас, түўел» деген мәнилерди аңлатса, төмендеги мысалды ўақыт мәнисин аңлатқан: Мерекениң *басынан аяғына шекем* атқарған. (У.Атажанова)

Адамның қуўанышының муғдары оғада көп, мол екенлиги *басын көкке жеткерди* – марапатланыў, *басы аспанға жетти* – шадланды, қатты қуўанды, ал, *бас-аяғы жоқ* – белгили өлшемде емес, шексиз деген мәнисти аңлатады. Бул бир *бас аяғы жоқ* әңгиме болды. (Қарақалпақ фольклоры).

***Бел*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

*Кесе белден сөйлеў* – гәптиң басланыўы яки соңы емес, ал ортасынан сөйлеў яки мәселени бирден қойыў. Бел адамның геўдесинде орта бөлиминде жайласқан мүше. *Белден мирәт салыў* – оғада қыймаслық пенен, шын кеўилден, шынтлап мирәт етиў көринисин берип, адамның миймандослығының белгисин бел мүшеси арқалы билдирген.

***Бет*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

*Бетине бес ели ширкеў болды* – уятқа қалды мәнисин билдирип, көп бийабырайшылық жағдайдың уят, ҳүрметтиң кем екенлиги өлшемин аңлатып келген. Қызының бул қылықлары ата-анасының бетине *бес ели ширкеў* болды ( Г.Қуўанышбаева).

***Аяқ*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

Қарақалпақ тилинде көп нәрсени, аралықты, жол, атыз ҳәм т.б. түсиниклерге анықлықта қол ҳәм аяқ дене мүшелери арқалы өлшеген. Сонлықтан, тилде аяқ соматизминиң өлшем бирлигин аңлатып келиўде фразеологизмлер қурамында келиўи оғада өнимли.

*Бир аяғы гөрде, бир аяғы жерде* – бул фразеологизм бириншиден, әбден қартайған адамды да, екиншиден, халықтың ментал пикирлеўинде ҳәмилели ананың жас босаныўына жақынласқан ўақты да өмир менен өлимниң арасындағы өлшемде деген түсиникти аңлатыўда усы фразеологизмнен пайдаланады. Мысалы:

*Бир аяғы усы жерде, бир аяғы ол жерде болып* – бул *тез бар, жуўыр* деген мәнисти аңлатады. *Бастан аяқ* – толығы менен, тутас. Китапты *басынан аяғына шекем* басымды көтермей оқыдым (К.Рахманов).

***Көз*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

Адам баласы әтирапты көз дене мүшеси арқалы көриўи менен бирге, көзи арқалы шенейди, сол зат яки нәрсениң үлкен кишилигин, мөлшерин аңлайды. Сонлықтан көз компонентли фразеологизмлер қарақалпақ лингвомәдениеттаныўда, басқа дене мүшелерине қарағанда көбирек қатнасады. Мысалы: *Көз алдында* - жүр, тур, бетпе-бет. Бул мәни аралықты билдиреди. Мысалы: Баллары *көз алдында* ержетти (У.Атажанов).

*Көзди ашып жумаман дегенше* – Бул оғада тез, жылдам ўақытта болып өткен ҳәдийсе, ҳәрекет. Мысалы: Қызкеткенниң *көзди ашып-жумғанша* тасығанлығы соншелли, кенарынан шығып кете жазлады (Ш.Сейитов).

*Көз бенен қастың арасында* – бул фразеологизмде ўақыт аралығы өлшеминде тезликти, демде, бирден болған жағдайды аңлатады. Мысалы: Жаңағы жаўлары *көз бенен қастың арасында* шөжеңди қағып кете береди (А.Әбдиев).

*Көз жетер жер* – жақын аралық, алыс емес. Соң билсек Арал екен, *көз жетер жерде* ел жоқ (Т.Қайыпбергенов). *Көз жетпес* – оғада алыс, жүдә узақта деген мәнини аңлатады. Мысалы: *Көз жетпес* бийиклерди аңсаған халықтың қыялын тәжирийбели Хийўа ханы уғып, салық жыйнаўға жиберген қырық нөкериниң бос қайтқанына, жасаўылбасының өлгенине гийне сақламапты (Т.Қайыпбергенов).

*Көзин ашқалы* – бул өмири бойы, туўылғанынан баслап деген мәнисти, ўақыт өлшемин аңлатыўда қолланылады. Мысалы: Бурын *көзин ашқалы* көрип киятырған көп қабатлы жайлар суп-сулыў, түрли бояўлар менен сырланған(К.Рахманов).

*Көзиниң ушында//көзиниң алдында* – оғада узақта ҳәм оғада жақын аралықта, ал *көз житиримде* – көз бенен көрип жете алыўы шени узақта болған аралық мәнисин аңлатады. Осса, анаў *көз ушында* киятырған сениң әкең, Идирейис аға-аў (А.Әбдиев). *Көзиниң алдында* жалған адамлар, қулағы түбинде жалған адамлар (С.Ибрагимов). *Көз житиримди* қуўсырып, дәрьядай йошып шағлады (С.Хожаметов).

***Көкирек*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

*Көкирек аўзынан келди* – бул фразеологизмди Қ.Пахратдинов ҳәм Қ.Бекниязов фразеологиялық сөзлигинде *қыйналды* деген мәнисти аңлатады деп түсиндирме береди [2:23]. Мысалы, адам басына түскен қандай да бир қыйыншылық өлшеми оғада көп екенлигин аңлатыўда қолланылыў менен бирге, туўра мәнисте де бойы адамның көкирек аўзына келетуғын нәрсени сүўретлеўде де қолланылады. Мысалы: Етеги *көкирек аўзыма* келип тур, турпатлы екен. (Г.Қуўанышбаева). Бунда етектиң бойының бийиклигин көрсетиў мәнисинде, оның өлшеўде адамның көкирегин өлшеў объекти сыпатында қолланылған.

***Қабырға*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

*Қабырға* – адам дене мүшесинде сүйек мәнисин аңлатады. Әдетте, сүйек концепти қарақалпақ тилинде жақынлық, ағайиншилик, адам ҳәм жақын туўысқанлық мәнилерин де аңлатады. Мысалы:

*Бир қабырға жақын* – бул фразеологизм аталас, жақын адам, ал қарақалпақ тилинде арқа диалектинде болса «Қыз алыспайтуғын ағайин» (Мойнақ районы, Шеге) деген мәнисти аңлатады [1:76].

***Қас*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер:

Қарақалпақ лингвомәдениеттаныўында қас ҳам көз соматизми қатнасқан фразеологизмлер көбинесе, ўақыт өлшеми, белгили сәт, мәўрит аралығын аңлатыўда колланылады. Мысалы: *Қас қағымда* – тез бирден, демде; *қас қаққанша* – бирден, тез; *қас пенен көздиң арасында* – жылдам, тез деген мәнилерди билдиреди. *Қас қағымда* жалыныў нәўбети Мамонтқа жетти (К.Рахманов).

***Қол*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер: Қол менен әдетте, көпшилик зат нәрсени өлшеў ушын пайдаланылады. Мысалы, бир нәрсениң узын яки келтелигин, оғада узын нәрселерге қол менен өлшеп болмағанлықтан оның қол жетпеў мәниси, кейин ала аўыспалы мәниде колланылған деп есаплаймыз. Мысалы: *Қол жетерли* – жүдә жақын, алыс емес деген мәнисти аңлатса да, *қолы жетимли* (баҳа) сол өлшемге, нәрсеге қолы, жағдайы, ақшасы жетеди деген мәнисти аңлатады. Ал, *қол жетпейтуғын, қол жетпес* (әрман) – алыс, узақ деген мәнисте узақ ўақыт муғдары ядросы менен келеди.

*Қолы жетеди* – хеш нәрседен мүтәжлиги жоқ, *қолы жетпейди* – күш-қудирети жоқ, *қолы жетти* – адамлар қандай да бир нәрсеге ийе болды дегенди билдиреди.

***Мурын*** соматизми қатнасқан фразеологизмлер: Мурын соматизми қатнасқан фразеолгизмлер де оғада жақын аралық деген мәнис аңлатады. Ашыўы *мурнының ушында* – ашыўшақ, күйгелек, өкпелегиш адам; *Мурнының астында* – жақын жерде, таныс жерде. Мысалы: *Мурнының астында* не болып атырғанынан бийхабар. (М.Нызанов).

*Мурны әл аспанда* – бул фразеологизм шегараланыў реңки басым болып, аралық бас мүшесинде жайласқан мурынның бийикте, жоқарыда деп көрсетилиўи сыяқлы қәсийетлерди көрсетеди. *Мурны аспанда*, кеўли айларда болды, дәўири шым-шытырық болған шөгирме (И.Юсупов).

***Тобық*** соматизми менен келген фразеологизмлер:

*Тобық* – аяқ мүшесиниң меронимлик бөлеги. Қандай да бир нәрсени өлшеў. Мысалы, суўдын тереңлигин өлшеўде де туўра мәнисте суў *тобықтан келеди* деп түсинилсе, ал фразеологиялық мәниде *тобығына келмеў*- терең емес деген мәнисти аңлатады. Мысалы: *Тобығына шекем сумлық жайлаған* – оғада сумлықлы, ҳайяр деген мәнисте.

***Тырнақ*** соматизми менен келген фразеологизмлер:

*Тырнақ* та адамның аяқ мүшесиниң бир бөлеги, көлеми киши. Сонлықтан бармақ компонентли фразеологизмлерди аңлататуғын мәнис киши нәрсе менен екинши нәрсени салыстырып, өлшемин көрсетиў нәзерде тутылады. Мысалы: *Тырнағына турмайды* – тең емес, *тырнақ илгендей* – аз ғана, азғантай, кишкене, *тырнақтың жасаўындай, тырнақтың ушындай* – аз ғана, азғантай, кишкене деген мәнилерди билдиреди. Мысалы: Қоңсылардан сорастырайын, бәлким *тырнақ илгендей* бир нәрсе таўып қаларман (А.Әбдиев)

**Жуўмақ**. Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ тилинде соматикалық фразеологизмлерде аяқ, қол, бас, бармақ, көз, бел, көкирек, мурын, қол соматизмлери қатнасыўы менен қандай да нәрсениң, адамның тәбиятына қатнаслы түсиниклерди олардың көлемин, өлшемин, мөлшерин аңлатыўда өнимли жумсалады.

**Әдебиятлар**

1. Насыров Д.С., Доспанов О.Д. Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983.

2. Пахратдинов Қ., Бекниязов Қ. Қарақалпақ тилиниң фразеологиялық сөзлиги. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018.

3. Жумамуратова Р.А. Қорақалпоқ ва инглиз тилларидаги лексика-фразеологик лакуналар тадқиқи чоғиштирма аспект): Филол.фан.б-ча.фалс док (PhD) дис.автореф. – Нукус, 2021.

4. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. 7 томлық. Үшинши том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023.

5. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. 7 томлық. Төртинши том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023.

6. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. 7 томлық. Бесинши том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023.

## Ádebiyattanıw

# A.ÁBDIEVTIŃ «ÁYYEMGI QARAQALPAQLAR» ROMAN-DIALOGIYASÍNDA FOLKLORIZMLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Allamuratova Zuxra Maxsetbaevna** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
allamuratova@gmail.com
**Qaypbergenova Azada Muratbay qızı** – *magistrant*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ФОЛЬКЛОРИЗМА В РОМАНЕ-ДИАЛОГЕ А.АБДИЕВА "ДРЕВНИЕ КАРАКАЛПАКИ"

**Алламуратова Зухра Махсетбаевна** – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
**Кайпбергенова Озода Муратбаевна** – *магистрант*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# THE USE OF FOLKLORISMS IN A. ABDIEV'S NOVEL-DIALOGUE "ANCIENT KARAKALPAKS"

**Allamuratova Zukhra Makhsetbaevna** - *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
**Kaipbergenova Azada Muratbayevna** – *master's student*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so'zlar:** folklorizm, mifologiya, afsona, rivoyat, roman, an'ana, tipologiya, obraz.

**Rezyume.** Maqolada yozuvchi Allanazar Abdievning «Ayyemgi qaraqalpaqlar» roman-dialogiyasidagi folklorizmlarning qo'llanilishi tahlil qilingan. Mazkur asardagi qo'llanilgan folklorizmlar orqali folklor va badiiy adabiyot orasidagi bog'liqlik jihatlari aniqlangan.

**Ключевые слова:** фольклоризм, мифология, легенда, миф, роман, традиция, типология, образ.

**Резюме.** В статье анализируется использование фольклоризмов в романе-диалоге писателя Алланазара Абдиева "Ayyemgi qaraqalpaqlar" Через фольклоризмы, использованные в данном произведении, были выявлены аспекты взаимосвязи между фольклором и художественной литературой.

**Key words:** folklore, mythology, legend, tale, novel, tradition, typology, image.

**Summary**. The article analyzes the use of folklorisms in writer Allanazar Abdiyev's novel-dialogue "Ayyemgi qaraqalpaqlar" Through the folklorisms used in this work, the connections between folklore and literature are revealed.

**Kirisiw.** Xalıq dóretiwshiliginiń qáliplesken dástúrleri jazba ádebiyat ushın kórkem-estetikalıq dereklerdiń biri bolıp esaplanadı. «Hárbir milliy ádebiyat óziniń baslanıwı hám onnan keyingi rawajlanıw basqıshlarında sol xalıqtıń awızeki dóretiwshiligine onıń jetekshi dástúrlerine tayanadı. Sebebi, kórkem dóretiwshilik processiniń hárbir basqıshı insaniyattıń kórkem sanasınıń ózinen aldıngı basqıshlardı hám onıń nızamlı rawajlanıwınan ibarat» bolıp esaplanadı [1:26]. Sol sıyaqlı búgingi ádebiyattanıwda folklor menen jazba ádebiyat arasındaǵı baylanıslardı izertlew arqalı kórkem oy-pikirdiń jetekshi principlerin belgilew áhmiyetli máselelerden sanaladı. Folklordıń tásiri hám jazıwshınıń xalıq awızeki dóretiwshiliginen paydalanıwda novatorlıqqa umtılıwı kórkem sheberliktiń ózine tán qırların payda etedi.

**Ádebiyatlar analizi.** Maqalamızda aldımızǵa qoyǵan maqsetimiz A.Ábdievtiń roman jazıwda folklorǵa jazıwshınıń dóretiwshilik qatnasınıń ózine tán kórkem sheberligin ashıp beriwden ibarat. Biz birden romandaǵı folklorizmlerge toqtamastan aldın folklorizm túsinigine azı-kem toqtalıp ótsek. Bul boyınsha ilimpazlar hár qıylı ilimiy-teoriyalıq pikirler aytadı. Belgili ilimpaz G.S.Vardugina [2], N.E.Ukrainceva [3] hám t.b. Bunnan tısqarı, folklorizmler boyınsha jergilikli ilimpazlardan O.Sobirov [1] B.Sarımsaqov [4], G.Begmuratovalar [6] ilimiy izertlew jumısların alıp barǵan.

**Tiykarǵı bólim**. B.Sarımsaqovtıń «Folklorizmler tipologiyasına baylanıslı» degen maqalasında: Hárqanday folklor ónimi folklorizm esaplana bermeydi… Folklorizm ataması professional sóz sheberi tárepinen zamanagóy sániyat penen ádebiyatqa engizilgen folklor materialınıń tábiyatın júdá anıq sáwlelendiredi. Sebebi, jazba ádebiyat yaki basqa kórkem óner túrleri quramındaǵı folklorǵa baylanıslı barlıq material endi óziniń tábiyiy jaratılısı, janlı jasaw hám funkciya orınlawshı bolıp qoymay, sol materialdıń professinal dóretiwshi tárepinen, birinshi gezekte dáwir talabı, onıń dóretiwshilik manerası hám stili sıyaqlılar menen baylanıslı kórkemlik maqsetine úziliksiz baǵdarlanǵan, ekinshi márte jańarǵan forması. Usı kózqarastan, jazba ádebiyat quramında folklor joq, al folklorizmler bar» degen juwmaqqa keledi [4:37-45].

Folklorizmler túsinigine tolıq anıqlama beretuǵın bolsaq: «Folklorlıq dástúr qáliplesken dóretiwshilik usıldıń dawamı, al ádebiyattaǵı dástúr eskini ózgertpey qollanıw emes, kerisinshe, onı ózgertip rawajlandırıw, jalǵastırıw. Sonlıqtan, ádebiyatta daralıq-individul sıpat basım boladı da, avtor ózine deyingini qaytalamaydı, burıngını sińire otırıp ózi qabıllaǵan shınlıqtı xalıqqa qaytadan jańarǵan túrinde usınadı. Ilimde bunı «folklorizm» dep ataydı» [5].

Bul atama «folklor menen shuǵıllanıwshı hám qızıǵıwshı degen dáslepki mánisinde júdá tar bolıp, házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyattanıwında «folklorizm» terminin folklor materialın sheber kórkem ózlestiriwshi mánisinde jazıwshılar hám shayırlar dóretiwshiligine baylanıslı oǵada keń mánide túsiniw hám talıqlaw maqsetke muwapıq» [6:35].

Joqarıda kórsetilgen ilimpazlardıń ilmiy-teoriyalıq pikirlerin maqullaǵan halda A.Ábdievtiń «Áyyemgi qaraqalpaqlar» romanınıń qurılısındaǵı jazıwshınıń

folklorǵa qatnaslı orınlarına «folklorizm» ilimiy terminin qollanǵanbız.

A.Ábdievtiń «Ómir, ólim hám ómir» romanınıń birinshi kitabı «Áyyemgi qaraqalpaqlar» shıǵarmasında hár qıylı formalarda folklorizmlerden sheberlik penen paydalana alǵan. Mısalı, romanda: qaharmanlıq dástanlardaǵı folklorlıq motivlerden, terme-tolǵawlardan, ańız hám ápsanalardan, salt-dástúr jırlardan, kishi folklorlıq janrlar – naqıl-maqallardı kóriwimizge boladı hám bulardıń hárbiriniń óz poetikalıq funkciyası bar.

Romanda sak-massagetlerdiń payda bolıwı, olardıń qalay qaraqalpaq xalqına baylanıslı ekenligi haqqında ańız hám ápsanalar menen tolıqtırılǵan syujet bar. Avtor bul syujetti bayıtıwda túrli folklorlıq janrlardan, folklorlıq bayanlaw usılların hám motivlerden paydalanǵan. Romanda qaharmanlıq dástanǵa tán bayanlaw usılları hám motivlerdi, naqıl-maqallardı, túrli aytım hám ańız-ápsanalardı kóbirek ushıratamız.

Shejirege tán prologtan soń, avtor tiykarǵı syujetke kirisedi. Syujet Massagettiń Qońırat arısı qıyat qáwiminiń kósemi Aq Alp Saqtıń ulı Qaratas-Qayraqtıń batır sıpatında tuwılıp, kámalǵa keliwi, onıń erjetiwi hám batırlıq mashqılardı orınlap ósiwi menen baslanadı. Barlıq qaharmanlıq dástanlarda batırlarǵa usı tárizde sıpat beriledi. Bul jerde avtor «Alpamıs», «Qoblan», «Edige» dástanlarındaǵı batırlardıń tuwılıwı, ǵayrıtábiyiy sıpatlar menen erjetiwi sıyaqlı motivlerdi qollanǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Biraq, jazıwshı A.Ábdiev batırdıń káramatlı belgiler menen tuwılıw procesin bayanlap otırmaydı. Bul romannıń tiykarǵı bas qaharmanı Qaratas-Qayraq emes ekenliginen derek beredi. Biraq soǵan qaramastan Qaratastıń batırlıq sıpatların folklordaǵı Alpamıs, Qoblanlar sıyaqlı táriypleydi:

«Ol bala waqtınan baslap at minip, «kókbóri» oyınına túsip, jarıslarda qatnasıp, kózge iligip kiyatır. Óspirimlikke jetiwi menen jawıngerlik mashqılarda júripti. Jayaw, atlı qılıshlasıw, nayzalasıwdan baslap, eki júzli aybaltada, qalqanda háreketleniw, qollanıw sheberliklerin, qorǵanıwdan baslap, hújimge ótiw jatlıǵıwların ótti. Shawıp kiyatırǵan at ústinde qılıshlasıw, nayzalasıwda da, at ústinde baratırıp aldıdaǵı, arttaǵı, qaptaldaǵı dushpandı oqjaydan atıp túsiriwde de, shawıp baratırǵan at qaptalında, bawırında tura alıwdan da, attıń bawırınan aylanıp, qayta erge qonıwǵa deyingi ámel-usıllardı qunt penen úyrengen: at útinde pıshıq sekilli háreketlenedi» [7:27]. Alpamıs, Qoblan, Edigelerdiń de batırlıq sıpatları, jawıngerlik ónerlerin iyelewi, ózi jasap atırǵan aymaqtıń eń alǵır azamatı bola alıwı súwretlenedi.

Qaharmanlıq dástanlarda batırdı ideal, heshqanday kemshiliksiz súwretlew tradiciyası bar. Sebebi xalıq neshe jıllar dawamında dástandaǵıday qaharman-batırlardı romantizaciya etip kelgen, sonlıqtan da jırawlar olardı úlken sıpatlar menen táriyiplegen. Hátteki qasındaǵı ekinshi dárejeli obrazlarǵa da (súyikli yarı, jora-joldası, mingen atı) aqıllılıq, sadıqlıq, danıshpanlıq, mártlik sıyaqlı sıpatlardı sińdirgen. Máselen, Alpamıstıń atı Bayshubar jılqılardıń ishinde aǵlası, al qalıńlıǵı Gúlparshın bolsa, aqıllı, opalı hám gózzallıqta teńi joq qız. Bular batır obrazınıń ele de ideallasıwına alıp keledi. Dástanlardaǵı usı sıpattı jazıwshı Qaratas batır obrazına da jámlegen. Qaratastıń qalıńlıǵı Qarakóz, onıń atı Bayshubar da teńsiz etip súwretlenedi. Avtor Qarakózdi túrli kórkem súwretlew quralları menen asırıp táriyiplemese de, onıń aqıllı hám parasatlı ekenligin syujet dawamında anıqlastırıp beredi. Al atı Bayshubarǵa (Qarakózdiń de atı súwretlenedi, atı "Torı") bolsa tómendegishe táriyip beriledi:

«Ekewiniń atı da júzden júyrik, mıńnan shıqqan tulparlardan. Qaratastıń Bayshubar atlı qarabayırı Jılqıshı ata mingen jılqılar áwladınan eken. Shapqır, qarıwlı, iri turpatlı, uzın bel, suwsızlıqqa, ashlıqqa shıdamlı, tózimli, urısqa úyretilgen, qayırımlı-qayımshıl, qattı shawıp kiyatırıp birden jalt qaymıǵıp qalıw, izge shalt burılıw ma, jawdı, onıń atın tislew, tebiw kibi naǵız jawıngerlikke say qásiyetler boyında bar tulparlardan» [7:29].

At jigittiń joldası, degendey batırdıń batırlıǵı atınıń halatına da baylanıslı. Qaharmanlıq dástanlarda atqa da jawıngerlik sıpat júklenip, batırdı kóplegen qıyın jaǵdaylardan alıp shıǵıwshı, qorǵawshı etip súwretlenedi. «Áyyemgi qaraqalpaqlar» romanında obraz sıpatında kóterilmegeni menen, batırdıń joldası sıpatında beriledi. Bul da qaharmanlıq dástannıń janrlıq motivinen paydalanǵanınan dárek. Alpamıstıń Bayshubar, Qoblannıń Torı at, Edigeniń Sarı ala at atlı tulparları yańlı Qaratastıń jigitlik joldası Bayshubarı boladı. Bul Qaratastıń obrazın hám xarakterin jaratıwda dástúriy motivlerge súyengenliginiń belgisi sanaladı.

Sonday-aq qaharmanlıq dástanlarda batırlardıń boyında ilahiylıq, tábiyattan tıs kúshlerdiń tásiri boladı. Batırdıń ilahiy piri yamasa qollawshı ruwxı boladı. Máselen, «Alpamıs» dástanında erjetken Alpamıstıń boyına batırlıqtı quyıwshı, onı qıynalǵanda qutqarıwshı, durıs jol kórsetiwshi piri – Jayılǵan baba boladı. Jazıwshı A.Ábdiev te romanda Qaratastıń kewline nur quyıwshı pir haqqında bayanlaydı. Pir kelgennen soń, batırdıń boyında ózgerisler: kúsh, ıntıqlıq sıyaqlı sıpatlar artadı:

«Saydan dóńge kóterile baslaǵan Qaratastıń kózine appaq kiyimdegi appaq saqallı qarıyaǵa uqsas nurlı eles kórindi de onı orap aldı. Óziniń tula bedenine ıssı háwirdiń kirip, basınan baslap pútkil tánine, júrek, bawır, búyrek, ishek-shabaǵına sheyin, qol-ayaǵına, barmaq, tırnaq, tabanına shekem jaylaǵanın sezindi. Nur háwiri dım jaǵımlı, lázzetli edi deyseń, jigit biyxush halda, kózi jumılıp, júzi jadırap, kúlimsirep, óziniń hazarsız ǵana áste ep penen shóp ústine qulap baratırǵanın ańladı.

Bul jatısta qansha jattı, yadıńda emes, ózine kelgende átiraptı qoyıw qarańǵılıq qaplay baslaǵan ımırt eken, al óziniń bul jerge qapılǵanda ımırttan góshpisim erte kelgenin biledi» [7:92].

Usı jerde A.Ábdievtiń dóretiwshilik qatnasın seziniw múmkin. Bul pir tek batır Qaratasqa ǵana emes, al onıń qalıńlıǵı Qarakózge de iláhiy nur keledi. Bul tiykarǵı syujettiń Qaratastan awısıp, Tumarǵa (Tumariske, shıǵarmada usılay beriledi) ótip atırǵanlıǵınan dárek beredi. Sebebi usı waqıyadan soń Qarakózdiń boyına bala pitip, onnan Tumar atlı batır qız tuwıladı. Bunda biz jazıwshınıń dóretiwshilik qatnas islegenligin kóremiz. Sonday-aq, qaharmanlıq dástanlardaǵı jáne bir element batır tuwılmastan aldın onıń anasınıń jolbarıstıń júregine jeriwi. Bul folklorlıq motiv bolıp, jańa tuwılajaq batırdıń kúsh-qúdiretin, sıpatın arttırıp kórsetiw ushın qollanaıladı. Mısalı dál usınday motivti biz «Qoblan» dástananda Qoblannıń tuwılıwında da kórsek boladı. Bul dástandaǵı Qoblannıń tuwılmastan aldın-aq qaharmannıń er júrek batır tuwılatuǵınınan derek edi. Sol sıyaqlı A.Ábdiev romanda batır qız Tumarǵa usınday sıpatlardı júklew ushın qaharmanlıq dástannıń usı motivi tiykar bolǵan:

"-Júrek kerek...

– Júrek! Meniń júregim be? – deydi Qaratas hayranı shıǵıp.

– Jaq, jańa soyılǵan jolbarıstıń ıssı júregin jegim kelip turıptı. Dım háwes etemen. Aytpayın desem de, sabırsızlıq etip, shıdamay, al ayttım, aǵası. Seni qıyın awhalǵa qaldırıp turıppan...» [7:96].

Joqarıdaǵı sıpatlar avtordıń folklordıń dástan janrı elementlerin úsh maqsette paydalanǵan degen juwmaqqa kelemiz; birinshiden: Syujetti quraw hám rawajlandırıw maqsetinde, ekinshiden: obraz jaratıw ushın, úshinshiden: shıǵarma arxitektonikasın (kompoziciyasın) qurıw maqsetinde.

Dástannıń bunday janrlıq belgileriniń barlıǵı áste-aqırın jańa batır qızdıń – Tumardıń tuwılaman degenge shekemgi syujetti bayanlawda paydalanılǵan. Qaratas, Qarakózlerdiń xarakterlik sıpatın ashıp beriw hám Tumar qızdıń da obrazınıń jaratılıwına sharayat jaratıp beredi.

**Juwmaq.** Folklor hám ádebiyat baylanısın jańa ilimiy kózqaraslar tiykarında ádebiyattıń jetilisken janrı-roman hám hár jazıwshınıń jeke dóretiwshilik laboratoriyası mısalında úyreniw bizge ata-babalarımız dóretken milliy miyraslardıń házirgi dáwir ádebiyatınıń dóretiwshilik tájriybesindegi ornın durıs belgilep, xalıqtıń óz milliy miyrasına, tariyxına bolǵan kózqaraslardıń da anıqlastırıwǵa járdem beredi. Sol sıyaqlı biz qarastırıp ótken A.Ábdievtiń «Ómir, ólim hám ómir» romanında jazıwshı bul tájriybeden sheber paydalanǵanın ayrıqsha atap ótsek boladı. Biz bul romandı úyreniw arqalı, ondaǵı folklorizmlerdiń basqa jazba ádebiyat úlgilerinen parqlı túrde qollanılǵanlıǵın, olardıń poetikalıq funkciyasındaǵı ózine tán ózgesheliklerin folklorizmlerdiń poetikalıq funkciyası, folklorlıq obraz hám janrlardıń stilizaciyası sheberlik penen islengen bolıp, jazıwshınıń izlenisleri nátiyjesinde dóretiwshiliginde pútkilley jańa baǵdar, usıl hám sheberlik máselelerin anıqlastıra aldıq.

**Ádebiyatlar**


1. Собиров О Ўзбек реалистлик прозасы ва фольклори. – Тошкент: «Фан», 1979.
2. Вардугина Г.С. Фольклоризм как элемент поэтики:Автореф. дисс. … канд. Филол. Наук. – Челябинск, 1996.
3. Украинцева Н.Е. Фольклоризм прозы Ф. Абрамова (1970-1980 годов: характер, эволюция, типы, заимствований): Автореф. дисс. … канд.наук. – Бирск, 2010.
4. Сарымсақов Б. Фольклоризмлар типологиясы масаласига доир. // Ўзбек тили ва адабиёти. – Тошкент: 1990. №4. 37-45-б.
5. Обаева Г. Әдебияттаныў ғылымының бастаўындағы фольклорды игеру мәселеси. XIX Международная научно-практическая интернет-конференция. Проблемы и перспективы развития науки в начале третого тысячелетия странах СНГ).
6. Бегмуратова Г. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ романларында фольклоризмлер. Диссертация жумысы. – Нөкис: 2019.
7. Әбдиев А. Әййемги қарақалпақлар («Өмир, Өлим ҳәм Өмир» диалогиясының биринши китабы). Роман. –Ташкент: 2025.

# PROFESSOR K.QURAMBAEVTÍŃ ÁDEBIY BAYLANÍSLARDÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI

**Ametova Muxabbat Orazimbetovna** – *erkin izleniwshi*
ametovamukhabbat625@gmail.com
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# ВКЛАД В РАЗВИТИЕ ЛИТЕРАТУРНЫХ СВЯЗИ ПРОФЕССОРА К.КУРАМБАЕВА

**Аметова Мухаббат Уразымбетовна** – *самостоятельный соискатель*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# PROFESSOR K. KURAMBAEV'S LITERARY RELATIONS CONTRIBUTION TO PROGRESS

**Ametova Muxabbat Orazimbetovna** – *independent researcher*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so'zlar:** adabiy aloqa, badiiy tarjima, monografiya, adabiy maktab, turkiy xalqlar adabiyoti.

**Rezyume.** Maqolada taniqli o'zbek olimi Q.Quramboyevning ijodiy yo'li, turkiy xalqlar adabiy aloqalarida tutgan o'rni va ilmiy asarlarining ahamiyati haqida so'z boradi.

**Ключевые слова:** литературная связь, художественный перевод, монография, литературная школа, литература тюркских народов.

**Резюме.** В статье рассматривается творческий путь известного узбекского ученого К.Курамбаева, его роль в литературных связях тюркских народов и значение его научных трудов.

**Key words:** literary communication, literary translation, monograph, literary school, literature of the Turkic peoples.

**Summary.** The article discusses the creative path of the renowned Uzbek scholar K.Quramboyev, his role in the literary relations of the Turkic peoples, and the significance of his sciyentific works.

**Kirisiw.** Házirgi zaman dúnya ádebiyattanıwında jazba ádebiy janrlardıń qáliplesiwi hám evolyuciyalıq rawajlanıwın liropoetikalıq oylaw dárejesinde úyreniw principiniń ústemlik etiwi ádebiy processtiń milliy kórkem oylaw kontekstinde tutqan ornın belgilewge tiykar boldı. Etnomádeniy jaqtan bir-birine jaqın bolǵan xalıqlar ádebiyatınıń óz ara baylanısları hám tipologiyalıq uqsaslıǵın izertlew bárqulla ilimde aktuallıqtı júzege keltirgeni hámmemizge belgili. Usı orında, etnikalıq kelip shıǵıwı, social-mádeniy rawajlanıwı, kórkem dástúrleri, turmıs tárizi, tili hám milliy qádiriyatlarında ulıwmalıq bolǵan xalıqlar ádebiyatınıń janrlar sistemasın tariyxıy-genetikalıq jaqtan ulıwmalıq tiykarǵa iye ekenligi tiykarlandı. Bul bolsa Oraylıq Aziyanıń Aralboyı etnomádeniy arealında erteden qońsı bolıp jasap kiyatırǵan ózbek, qaraqalpaq hám túrkmen xalıqlarınıń ádebiyatındaǵı qosıq formalarınıń ráń-báreńligin ádebiy dástúrlerdiń milliy ózine tán ekenligi, dóretiwshilerdiń poetikalıq sheberligi, óz ara ádebiy baylanıslar, kórkem awdarma hám kórkem tásir procesi kontekstinde izertlewdiń keń múmkinshiliklerin jaratadı. Usınday múmkinshilikler ádebiyattanıw iliminde hár bir ádebiyatshınıń ádebiyattı hár túrli aspektte izertlewine keń jol ashqanı belgili.

Xalqımızǵa belgili ádebiyatshı alım Karimbay Qurambaevtıń ómiri, dóretiwshiligi, ilimiy miynetlerine názer taslaǵanımızda onıń xalıqlar arasındaǵı dos-tuwısqanlıqtı, ádebiy baylanıs máselelerin úyreniw menen ádebiyatlar ortasındaǵı ádebiy tásir, ádebiy tipologiyalıq uqsaslıq, stadial-analogiyanı ilimiy tiykarda tiykarlap, tuwısqan túrkiy xalıqlar ádebiyatınıń máselelerin salıstırmalı ashıp beriw menen ádebiyattanıw ilimine kirip kelgeni kózge taslanadı. Sonıń menen birge professor K.Qurambaev ádebiy baylanıs máselesine tereń aralasıp, kórkem ádebiyattıń milliy hám internacional ruwxın júzege shıǵarıwǵa, dóretiwshilik tájiriybeniń birqansha máselelerine kóbirek itibar qarattı. Biz de usı maqalamızda professor K.Qurambaevtıń ilimiy dóretiwshilik miynetleri, alımnıń ádebiy baylanıs máselelerin rawajlandırıwdaǵı xızmetleri haqqında sóz etpekshimiz.

**Temaǵa baylanıslı ádebiyatlar.** Marhum túrkmen alımı Axmet Mámmedov tuwısqan xalıqlar ádebiyatında ádebiy baylanıs máseleleri haqqında sóz etkende, birinshi náwbette professor K.Qurambaevtıń atın tilge alıp, ol haqqında: "K.Qurambaev ádebiy baylanıs, ádebiyattanıw iliminiń, ádebiy sınnıń qaysı máseleleriniń aktual, úyreniliwi zárúr ekenligin jaqsı biledi. Qalaberse de, ol geybir ádebiyatshılar sıyaqlı ilimniń aldınan maqset etilgen kishkene bálentligine jetip, sonıń menen sheklengen joq. Onıń birinshi jumısı - kandidatlıq dissertaciyası hám kitabı tereń praktikalıq áhmiyetke iye boldı. Biraq ol qáliplesti. Kóp oqıp, tájriybe topladı. Sonlıqtan, kem-kemnen ádebiy baylanıstıń "Nar túye" kárwan jolınıń jolın júrip, kúndelik táshwishlerin ádebiyatlardıń ádebiy baylanıs máselelerine baylanıstırdı" [2:155] – degen pikirlerdi aytqan edi. Haqıyqatında da, alım K.Qurambaev tuwısqan xalıqlar ádebiyatınıń baylanısların hártárepleme izertlep, olardıń tipologiyasın hám milliy ózgesheliklerin ashıp beriwge háreket etip, ilimde ádebiy baylanıs tarawına sadıq boldı. Alım ádebiyatta, ayrıqsha túrkmen, ózbek, qaraqalpaq xalıqlarınıń ádebiy baylanıslarınıń máselelerin arnawlı izertlewi, onıń 1992-jılda "Инонациональный поэтический опыт и его роль в развитии национальных литератур. (На материале туркменской, узбекской и каркалпакской поэзии)" degen temadaǵı doktorlıq dissertaciyasın Ashxabatta jaqlawına sebep boldı.

Biraq, alımnıń ádebiy baylanıs máselelerine arnalǵan birinshi maqalaları ótken ásirdiń 60-jıllarında gazeta-jurnallarda jarıq kórgen edi. Máselen, onıń túrkmen shayırları Kemineniń lirikası, túrkmen jazıwshısı Berdi Kerbabaev, Xıdar Deryaev, Reyimbay Sabirovlardıń dóretiwshiligi hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı máselelerine arnalǵan ilimiy maqalaları Túrkmenistanda «Ádebiyat hám óner», «Muǵallimler gazetası», «Túrkmen dúnyası», «Tashawız xabarları», «Ashxabat keshesi», «Túrkmen ádebiyatı», «Túrkmen tili hám ádebiyatı», «Qaraqum» sıyaqlı gazeta hám jurnallarda járiyalanǵan edi. Sonıń menen birge alımnıń ózbek shayırları Alisher Nawayı, Aybek, jazıwshılar Ǵafur Ǵulam, Pirimqul Qadırov,

Abdulla Qadırıy hám t.b. dóretiwshiligi hám ádebiy baylanıs máseleleri, olardıń shıǵarmalarınıń kórkem awdarmaları haqqındaǵı pikirleri bayan etilgen ózbek, rus, qaraqalpaq tillerinde jazılǵan ilimiy maqalalar, monografiyalıq jumısları oqıwshılar tárepinen jaqsı kútip alındı. Máselen, "Xıdır Deryaev" (1977), "Hamza hám qaraqalpaq ádebiy ortalıǵı" (1989), "Ǵafur Ǵulam hám ádebiy baylanıs" (Gulandam Qurambaeva menen birgelikte, 2006), "Ádebiy tásirden dóretiwshilik ózinshelikke" (2007), "Ádebiy process. Dóretiwshilik wazıypası. Ádebiy baylanıslar" (2009) sıyaqlı birqansha miynetlerin aytıp ótiwge boladı.

Professor K.Qurmabaevtıń qaraqalpaq ádebiyatı hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı máselelerine arnalǵan "Kewil-kewilden suw isher…" (1991) atlı monografiyalıq jumısı qaraqalpaq klassik shayırları Ótesh, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq hám de XX ásir qaraqalpaq doretiwshilikleri Abbaz Dabılov, I.Yusupov, T.Qayıpbergenov, Sh.Seytov hám t.b. dóretiwshiligi hám tuwısqan xalıqlar ádebiy baylanıslarınıń tariyxıy tiykarların izertlewge arnalǵanı menen de qunlı. Bul monografiyada túrkmen hám qaraqalpaq ádebiy baylanısların izertlewde tiykarǵı úsh baǵdar tańlap alınǵan. Olardıń birinshisi «Ádebiy baylanıslardıń tariyxına názer», ekinshisi, «Maqtımqulı hám qaraqalpaq shayırları», úshinshisi, «Ádebiy baylanıslardıń jańa basqıshları». Alım bul kitapta ayırıqsha bir pikirge itibar bergenin aytıp ótiwimiz kerek. Ol da bolsa, «Túrkmen-qaraqalpaq ádebiy baylanıslarınıń tariyxıy dárekleri haqqında sóz etkende, eń birinshi gezekte ullı shayır házireti Maqtımqulınıń shıǵarmalarınan baslaw kerek. Sebebi, ullı shayırdıń gumanistlik ideyalar menen suwǵarılǵan qatarları, úgit-násiyat motivleri menen tolıp-tasıp turǵan qosıqları, dáwirdiń social máselelerin mártlik penen ortaǵa alıp shıqqan poetikalıq miyrası endi kóp ásirlerden beri qaraqalpaq shayırlarınıń itibarın ózine tartıp keledi. Berdaq, Kúnxoja, Ájiniyaz, Ótesh sıyaqlı klassikalıq shayırlar Maqtımqulını ózlerine ustaz esaplap, onıń dóretiwshiligine úlken húrmet qaratıp, shayır shıǵarmalarındaǵı progressiv ideyalardı óz zamanlarına say rawajlandırǵan" [5:10] - dep, ádebiy baylanıslarda Maqtımqulı dóretiwshiliginiń ornın kórsetedi.

Durıs, alımnıń ádebiy baylanıs máseleleri boyınsha ilimiy-izertlewleriniń úlken bir tarawın júzege keltirgen ayırıqsha baǵdarlardan biri bul XVIII ásir túrkmen klassik shayırı Maqtımqulı Pıraǵınıń dóretiwshiligi hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı máseleleri bolıp tabıladı. Sebebi, joqarıda belgilep ótilgeni sıyaqlı túrkiy xalıqlar ádebiyatında Maqtımqulı júdá úlken abıray-itibarǵa hám húrmetke iye shayır bolıp, onıń dóretiwshiligi ádebiy baylanıslarda «kópiri» xızmetin atqaratuǵını hámmemizge belgili. Sonıń ushın alım K.Qurambaev tuwısqan xalıqlar ádebiyatındaǵı forma hám mazmundaǵı óz ara uqsaslıq hám dástúrlerdi Alisher Nawayı, Maqtımqulı, Abay, Ájiniyaz, Berdaq, Furqat hám Andalıp lirikalıq miyrası mısalında da jaqsı úyrenip Maqtımqulınıń dóretiwshiligine tán qásiyetlerdiń qaraqalpaq poeziyasında dawam etetuǵının «Maqtımqulı dástúrlerine sadıq» bolǵan I.Yusupov qosıqları mısalında izertlegen izertlewinde bılay jazadı: «I.Yusupovtan keyin qaraqalpaq ádebiyatında Maqtımqulı jolında qosıq jazıw dástúrge aylandı. Házirgi qaraqalpaq poeziyasında Maqtımqulıǵa uqsatıp jazǵan shayırlar kóp. Olardıń kópshiligi tájiriybeli qálemkeshler. Ayırımların tilge alıp ótemiz. T.Qabulovtıń «Maqtımqulıǵa múrájat», U.Pirjanovtıń «Bolmas», J.Izbasqanovtıń «Bolmasa», Á.Ótepbergenovtıń «Bolar ma», Á.Ájiniyazovtıń «Bolar», U.Daniyarovtıń «Basladı», «Bolar sen» qosıqları Maqtımqulınıń poeziyasına húrmetiniń ózine tán tımsalı, ádebiy uqsaslıqqa jaqsı bir mısal. Qosıqlarda Maqtımqulınıń qálemge alǵan temalarınıń jańasha talqılawların kóremiz» [4:123]. Haqıyqatında da, Maqtımqulıda danalıqqa iylengen hikmet ólshemdegi ózine tán ritmikalıq hawaz hám insan ruwxına tásir ushın qollanılǵan basqa da poetikalıq faktorlar kópshilik qálem iyelerin ózine tartadı.

Ullı shayır dóretiwshiligi haqqında sóz ete otırıp, alım bul pikirlewlerin bir jerge jámleydi hám 2012-jılda Tashkentte "Tafakkur" baspasında «Maqtımqulı - ilhám bulaǵı" atlı monografiyasın járiyalaydı. Bul monografiya haqqında professor Bahadır Karimov óziniń "Ilhám bulaǵı máwijleri" atlı maqalasın 2012-jılda "O'zbekiston adabiyoti va san'ati" gazetasında járiyaladı. Maqalada monografiyanıń áhmiyeti hám onıń ózgesheliklerinen biri "Qurılısına góre bul kitap ózbek, túrkmen, qaraqalpaq ádebiy baylanıslarınıń sinkretik analizine arnalǵan hám usı tárepleri menen de ózine tán ózgeshelikti júzege shıǵaradı" [2] -dep, belgilenedi.

Bunnan keyin ilimpaz A.Pazılov ta (Қарақалпақстан жаслары газетасы. Нөкис, 2013. №49) óziniń "Maqtımqulınıń dóretiwshiligi hám ádebiy baylanıs haqqında" atlı maqalasında "Maqtımqulı – ilhám bulaǵı" kitabınıń ózbek, qaraqalpaq, túrkmen ádebiy baylanıslarınıń rawajlanıwındaǵı ornı hám áhmiyeti máselelerin sóz etedi.

Alımnıń "Maqtımqulı – ilhám bulaǵı" kitabında orın alǵan maqalalar óz gezeginde Túrkmenstan gazetalarında hám jurnallarında jarıq kórgen edi. Máselen, alımnıń "Maqtımqulı hám qaraqalpaq ádebiy ortalıǵı" (rus tilinde "Ashxabad" jurnalı, 1992, 7-san), "Qaraqalpaq ádebiyatında Maqtımqulınıń ádebiy dástúrleri" ("Túrkmen tili hám ádebiyatı" jurnalı, 1992, 2-san), "Maqtımqulı hám qaraqalpaq shayırları" "Qaraqum" jurnalı 1992, 7-san) t.b.

Professor K.Qurambaevtıń "Maqtımqulı – ilhám bulaǵı" atlı kitabı 2013-jılda túrkmen alımı hám shayırı Axmet Mámmedov tárepinen túrkmen tiline kórkem awdarma islendi hám "Magtymgulı Garagalpagıstanda" atı menen oqıwshılarǵa inam etildi.

K.Qurambaev óziniń "Awdarma hám awdarma juwapkershiligi", "Maqtımqulı – ilhám bulaǵı" sıyaqlı kitaplarında Maqtımqulınıń qosıqlarınıń ózbek tiline kórkem awdarmaları haqqında pikir júrgize otırıp, "Ózbekstanda Maqtımqulı shıǵarmaların kórkem awdarmalawǵa umtılıwlardıń az emes ekenin, biraq usı kúnge shekem shayır, jazıwshı, ádebiyatshı alım Jumaniyaz Sharipovtıń awdarmaları sıyaqlı jetik awdarmalarǵa dus kelmedik" [6:125] - degen pikirlerdi bildiredi. Sonday-aq, alım kórkem awdarmalardıń ayrımlarına sın kózqarasın da bildiredi. Máselen, ol ilimpaz M.Azimovtıń "Miynet hám sheberlik miywası" atlı maqalasına óziniń sın kózkarasları menen juwap bergen orınlarında kózge taslanadı.

Belgili marhum alım Baxtiyar Nazarov "Awdarma hám awdarma juwapkershiligi" atlı kitabında jazǵan sóz basında usı waqıtqa shekem kórkem awdarma menen baylanıslı ilimiy izertlewlerdiń az ekenin belgiley otırıp, bul máseleniń hesh waqıt gónermeytuǵının jámáát itibarındaǵı júdá baslı másele ekenin aytadı hám bul haqqında professor K.Qurambaevtıń maqalalar toplamın óz aldına kitap kórinisinde baspadan shıǵarılıwı "máseleniń jańadan janlanǵanlıǵınıń súyinshisi" dep, joqarı bahalaydı. Usı

kózqarastan qaraǵanda Maqtımlulıtanıw alımıń kórkem awdarma jóninde jan kúydirip, haqıyqıy bildirgen pikirleri búgingi kúndegi ádebiyattanıw, ádebiy process, ádebiy baylanıslar ushın úlken áhmiyetke iye. Sonıń menen birge, bayan etilgen pikir-usınıslar kórinip turǵanı sıyaqlı, Maqtımqulınıń ózbek tilindegi awdarmaları házirgi ádebiy processte sın tarawında da itibardı ózine tartqanı hám onıń rawajlanıwına túrtki bolǵanı sózsiz.

Professor K.Qurambaevtıń keyingi shıqqan kitaplarınan jáne biri "Nawayınıń dóretiwshilik bostanınan ilhamlanıp" (Navoiyning ijod bostonidan ilhomlanib) atlı monografiyası ózbek tilinde 2021-jılda Tashkentte "O'zbekiston" baspasınan jarıq kórdi. Onda avtor ullı ózbek klassikalıq shayırı Alisher Nawayınıń túrkiy xalıqlar ádebiyatında tutqan ornı hám onıń ádebiy baylanıslardı rawajlandırıwdaǵı úlesi, ádebiy tásir, shayır shıǵarmalarınıń kórkem awdarmaları máselelerin keń túrde izertlegen. Kitapta ádebiy baylanıs máseleleri eki baǵdarda izertlenedi. Birinshisi, Alisher Nawayınıń túrkmen ádebiyatı menen baylanısı máseleleri bolsa, ekinshisi, Alisher Nawayınıń ádebiy dástúrleriniń qaraqalpaq ádebiyatında dawam ettiriliwi hám rawajlandırılıwı máseleleri úyreniledi. Sonıń menen birge kitapta zamanaǵóy ádebiyatlarda da Alisher Nawayınıń ádebiy dástúrleriniń dawam ettiriliwi hám rawajlandırılıwı haqqında da pikir júrgiziledi.

**Juwmaq.** Ulıwma alǵanda, túrkiy xalıqlar ádebiyatınıń ádebiy baylanısları ustaz shayırlar dóretken ádebiy miyras, mektep boyınsha rawajlansa, ekinshi tárepten ádebiyattanıw ilimi arqalı ádebiyatshı alımlardıń ilimiy izertlewleri menen jetilisiwi, úshinshi tárepten kórkem awdarma máselesi ádebiy baylanıslardıń kárwan jolın alıs-alıs mánzillerge alıp baradı. Bul bolsa, ádebiy baylanıstıń kóp túrliligin belgileytuǵını hámmemizge málim. Sonlıqtın, professor K.Qurambaevtıń ózbek, qaraqalpaq hám túrkmen ádebiy baylanısları jóninde alıp barǵan izertlewleri tiykarǵı úsh baǵdar: birinshisi, tuwısqan xalıqlar ádebiyatlarınıń tariyxıy tamırların anıqlaw, ekinshisi, ádebiy baylanıs máselelerinde Maqtımqulınıń ádebiy mektebiniń tutqan ornı hám xızmeti, úshinshisi, kórkem awdarma máseleleri ekeni kózge taslanadı.

Joqarıda keltirilgen miynetler professor K.Qurambaevtıń ómiri dawamında xalıqlar arasındaǵı dos-tuwısqanlıqtı bekkemlew, ádebiyatlar arasındaǵı baylanıstı rawajlandırıw jolında tınımsız izleniwleriniń nátiyjesinde dóretken ilimiy miynetleriniń jemisi edi. Bul kitaplar biziń házirgi kúnimizde Mámleketimiz rawajlanıwınıń kepili bolǵan jas áwladtı milliy qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawda túrkiy xalıqlar ádebiy miyrası, ádebiy baylanıslar máselelerin biliwde oǵada áhmiyetli. Sonıń menen birge alımnıń ilimiy izertlewleri tiykarındaǵı nátiyjeler jas áwladtıń milliy-ruwxıy dúnya tanımın tereńlestiriwge, olardı watanǵa sadıq, dos-tuwısqanlıqtı qádirlew, el mápin oylaytuǵın insan ruwxında tárbiyalawǵa da xızmet etedi.

**Ádebiyatlar**

1. Karimov B. Ilhom chashmasi mavjlari. – Toshkent: «O'zbekiston adabiyoti va sa'nati», 2012.
2. Mämmedow A. Üç edebiýatyň hyzmatynda. – Garagum żurnaly, 1999.
3. Qaraqalpaqstan jasları gazetası. – Nókis, 2013, №49.
4. Qurambaev K. Kewil- kewilden suw isher… – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1991.
5. Quramboyev K. Adabiy jarayon. Ijod mas'uliyati. Adabiy aloqalar. –Toshkent: «Cho'lpon», 2009.
6. Quramboyev K. Maxtumquli – ilhom chashmasi. – Toshkent: «Taffakkur», 2012.

# KÓRKEM ShÍǴARMADA PSIXOLOGIZMNIŃ FUNKCIYASÍ (A.SULTANOVTÍŃ ShÍǴARMALARÍ MÍSALÍNDA)

**Baltabayeva Nursulu Koshkinbayevna –** *erkin izleniwshi*
dilkamay@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ФУНКЦИЯ ПСИХОЛОГИЗМА В ХУДОЖЕСТВЕННОМ ПРОИЗВЕДЕНИИ (НА ПРИМЕРЕ ПРОИЗВЕДЕНИЙ А. СУЛТАНОВА)

**Балтабаева Нурсулу Кошкинбаевна –** *самостоятельный соискатель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE FUNCTION OF PSYCHOLOGISM IN LITERARY WORKS (ON THE EXAMPLE OF A. SULTANOV'S WORKS)

**Baltabayeva Nursulu Koshkinbayevna –** *independent researcher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** adabiy jarayon, janr, novella, nasr, g'oya, tematika, kompozitsiya, syujet, badiiy psixologizm.

**Rezyume.** Maqolada badiiy adabiyotning fundamental xususiyatlaridan biri bo'lgan badiiy psixologizm va uning asar poetikasidagi funksiyalari nazariy jihatdan tadqiq etilgan. Tadqiqotda taniqli qoraqalpoq yozuvchisi Alpisbay Sultanovning "Kelinshek bola almaǵan hayal" ("Kelin bo'la olmagan ayol") va "Baxıtsız shańaraq" ("Baxtsiz oila") asarlari asosiy obyekt sifatida olingan.

**Ключевые слова:** литературный процесс, жанр, новелла, проза, идея, тема, композиция, сюжет, художественный психологизм.

**Резюме.** В статье теоретически и аналитически исследуется художественный психологизм как одно из фундаментальных качеств художественной литературы, а также его функции в поэтике произведения. В качестве объекта исследования взяты повести известного каракалпакского писателя Алпысбая Султанова «Kelinshek bola almaǵan hayal» («Женщина, так и не ставшая невестой») и «Baxıtsız shańaraq» («Несчастная семья»).

**Key words:** literary process, genre, novel, prose, idea, theme, composition, plot, artistic psychologism.

**Summary.** The article theoretically and analytically explores artistic psychologism, one of the fundamental characteristics of fiction, and its functions within the poetics of a literary work. The research focuses on the works of the famous Karakalpak writer Alpisbay Sultanov, specifically "Kelinshek bola almaǵan hayal" ("The woman who could not become a bride") and "Baxıtsız shańaraq" ("The unhappy family").

**Kirisiw.** Ádebiyattanıw iliminde kórkem shıǵarmanıń qunlılıǵı tek ǵana syujet sızıqlarınıń tartımlılıǵı menen emes, al ashılıp atırǵan insan xarakteriniń ishki dúnyası, ruwxıy izlenisleri hám emocionallıq jaǵdayınıń qanshelli tereń sáwlelengeni menen belgilenedi. Kórkem ádebiyat – bul adamtanıw ilimi. Sonıń ushın da qaharmannıń ruwxıy dúnyasındaǵı qubılıslardı, onıń ıshqı terbelisleri menen sezimler evolyuciyasın ashıp beriwde psixologizm bas qural xızmetin atqaradı. Zamanagóy qaraqalpaq prozasında hayal-qızlar táǵdirin, jámiyetlik hám turmıslıq qarama-qarsılıqlardıń insan ruwxıylıǵına tásirin izertlew ádebiyattanıwdıń eń aktual máselelerinen biri bolıp qalmaqta.

**Ádebiyatlar talqılaw hám metodologiya.** Kórkem psixologizm ataması hám onıń súwretlew formaları jáhán ádebiyattanıwında tiykarınan rus hám batıs alımları tárepinen sistemalastırılǵan:

Lidiya Ginzburgtıń "Psixologiyalıq proza haqqında" miyneti kórkem psixologizm teoriyasın eń jetik tiykarlap bergen fundamental shıǵarma. Ginzburg onda qaharman xarakteriniń ishki hám sırtqı faktorlar tásirinde qáliplesiwin hám Lermontov, Tolstoy, Dostoevskiy shıǵarmalarındaǵı psixologiyalıq tallaw usılların ashıp beredi [1].

Baxtin Dostoevskiy romanları mısalında "polifoniya" (kóp dawıslılıq) hám qaharmannıń ózi menen ishki sóylesiwin (dialogizm) analizleydi. Bul introspekciya hám ishki monologlardı túsiniw ushın eń tiykarǵı derek esaplanadı [2].

Ózbek ádebiyatında psixologizm máseleleri roman janrınıń rawajlanıwı hám jadid ádebiyatı kontekstinde keńnen úyrenilgen. Matyakub Qoshjanovtıń "Ózbek romanlarında psixologiyalıq tallaw" kitabı Abdulla Qadiriy hám Sholpan shıǵarmalarındaǵı milliy psixologizm, qaharmanlardıń óz betinshe tábiyatı, iybeliligi hám ruwxıy keshirmeleri qalay kórkemlik penen sáwlelendirilgenin tallap bergen eń salmaqlı ilimiy miynetlerdiń biri [3].

Bahadır Karimovtıń "Ruwxıylıq álipbesi" kitabında Sholpan dóretiwshiligi, atap aytqanda, "Keshe hám kúndiz" romanındaǵı kórkem psixologizm, qaharmanlardıń (Miryoqub, Razzoq sufiy) ruwxıy dúnyasındaǵı ózgerisler zamanagóy ádebiyattanıw kózqarasınan tereń tallanǵan [4].

Kórkem shıǵarmada psixologizm belgili bir ishki sistemaǵa iye bolıp, ol belgili bir quramlıq bólimler, yaǵnıy elementler arqalı qáliplesedi. Jazıwshı qaharmannıń abstrakt ruwxıy dúnyasın oqıwshı kóre alatuǵın hám seze alatuǵın dárejege keltiriw ushın áyne usı elementlerden paydalanadı.

**Tiykarǵı bólim.** Qaraqalpaq prozasında hayal-qızlar táǵdiri hám ashıqtan-ashıq aytılmaytuǵın ishki qıyınshılıqlardı sáwlelendiriw Alpısbay Sultanovtıń "Kelinshek bola almaǵan hayal" [5:108] shıǵarmasında psixologizm (qaharmanlardıń ruwxıy halatı, ıshqı sezimleri hám dúnyasınıń kórkem súwretleniwi) ózine tán ózgeshelik penen ashıp berilgen:

Shıǵarmanıń eń úlken ruwxıy soqqısı joqarı kóterilip, shadlıq penen baslanıp atırǵan toy, bet asharshınıń jańlaǵan dawısı, aq jamılǵan jas kelinshek hám tawardıń ushındaǵı túyilgen pullar. Ekinshiden, baxıtlı demlerden shette qalǵan, ótmishte aldanǵan hám "kelinshek bolıp júzi ashılmaǵan" hayaldıń (Shárigúldıń) tereń qayǵısı. Úyde

sırttaǵı quwanıshlı ashılıw dawısı esitilip turǵanda, Shárigúldiń eki qollap qulaǵın jawıp, ózin krovatqa taslap jatıwı – onıń sırtqı dúnyadan, óziniń baxıtsızlıǵın eske salatuǵın haqıyqatlıqtan qashıwǵa umtılıwın bildiriwshi kúshli psixologiyalıq detal esaplanadı.

Jas bala Murattıń bergen sorawları psixologiyalıq tásir etiwshı qural xızmetin atqarǵan. Balanıń sabırsızlıǵı hám biygúna sorawları Shárigúldiń ıshqı dúnyasındaǵı jaranı tırnawshı quralǵa aylanǵan. Bala hesh nársege túsinbegen halda: “Apa, seniń de betińdi usınday etip ashtı ma?!...”, “Eger iyilip kelinshek bolmaǵan bolsań, men kimniń balasıman?” – dep soraydı. Jazıwshı Shárigúldiń bul waqıttaǵı ruwxıy awırmanlıǵın “jarasına duz sepken menen barabar boldı” dep tikkeley túsindiredi.

Ananıń perzentine ayta almaytuǵın sırı (“kelinshek eteyin dep aldadı meni”) hám ishindegi nalası balanıń pák dawısı arqalı jáne kórinedi.

Shárigúldiń ótmishine kóz jiberiw (retrospekciya) arqalı onıń xarakter sıpatları ashıladı. Ol ógey ananıń qamaǵına túspew ushın Nókiske qashıp kelgen, yaǵnıy óz táǵdirine ózi iye bolıwdı qálegen kúshli hayal. Biraq, Jalǵas penen ushırasqandaǵı onıń ruwxıy halatı “kózine ottay ıssı kóriniwi” oǵan bolǵan minnetdarshılıq hám isenim sezimin bildiredi. Sabaq waqtında 80 minut dawamında Jalǵastıń háreketlerin baqlap, biyhush bolıwı - jas qızdıń pák, kózsiz sezimin, erkek iynine súyeniw qálewin kórsetedi.

Tap usı úlken isenim menen baslanǵan qatnasıqtıń aqırı (araq, pivo alıp kelip “baxıttı belgilew”) onıń kelinshek bola almay, jámiyette “jasırın” islewine sebep bolǵan. Bul jerde pivo iship kórmegen qızdıń tazalıǵı menen Jalǵastıń sulıw sózler arqalı onı duzaqqa túsiriwdegi psixologiyalıq ayırmashılıǵı ayqın kórinedi.

Sırtta Jalǵasqa sálem berip, onıń qıyalın maqtap atırǵanda, Shárigúldiń ishindegi kek hám ókpe-giyne oyanadı. “Adam jasasa jasay beredi eken-aw, kúyewi súymese de... xojalıq bolıp otıra beretuǵınına hayran qalasań!”. Bul jerde Shárigúl ózin qorlanǵan sezinedi. Sebebi, Jalǵastıń nızamlı hayalı (Murattı ǵarǵaytuǵını, jaman qıyal) jámiyet aldında abıraylı, “júzi ashılǵan”, al ózi bolsa sulıw, jaqsı bolsa da kóleńkede qalıwǵa májbúr. “Beti ashılǵan nasharlardıń da ármanı bar ma bul dúnyada?!...” degen ishki monologı - onıń jámiyetlik statusına, hayallıq baxtına bolǵan tereń saǵınıshın hám ármanın bildiredi.

Shıǵarmadaǵı psixologizm ishki monologlar, perzentlik sezimi menen analıq baxıtsızlıqtıń soqlıǵısıwı arqalı berilgen. Shárigúl – tek ǵana aldanǵan hayal emes, ol óz sezimleriniń qurbanı bolǵan, biraq soǵan qaramastan balası ushın jasap atırǵan, ishki dúnyası qarama-qarsılıqlarǵa tolı dramalıq xarakter.

Endi shıǵarmanıń eń kulminaciyalıq hám tragediyalıq bólimi beriledi. Bul jerde psixologizm tek ǵana ishki dúnyanı sáwlelendirip qoymastan, syujettiń rawajlanıwın, xarakterlerdiń ózgeriwin hám ideyalıq maqsetti ashıp beriwi tiykarǵı kórkemlik xızmetti atqaradı.

Jazıwshınıń psixologiyalıq súwretlew usılları hám olardıń kórkemlik xızmetleri tómendegilerden ibarat.

“Mákkarlıq” hám “Biygúnalıq” kontrastı Jalǵastıń Shárigúldi óz duzaǵına túsiriw procesinde júdá tereń psixologiyalıq detallar arqalı berilgen. Ol qızdıń kózinshe “jaǵımlı hawaz benen qosıq aytadı” ómiriniń qıyınshılıqların aytıp, qızdıń ayawshılıq sezimlerin oyatadı.

Jazıwshı bul jerde oqıwshıda Jalǵasqa qarata jerkenish, al Shárigúlge qarata qorǵaw sezimin oyatadı. Jalǵastıń aytqan tostları (“Adam adamǵa isenip jasaydı, onıń ishki jaman niyeti menen sırtqı jasalma mártligi ortasındaǵı psixologiyalıq eki júzlilikti kórsetip beriwge xızmet etken. Sharigúldiń más bolıwı, denesiniń bosasıwı hám Jalǵastıń háreketlerine tıyım salıwı fiziologiyalıq emes, ruwxıy haldan shıǵıw sıpatında súwretlengen.

Bul jerde Sharigúldiń ayıpsız ekenligi, onıń isenimi hám pákligi hiylekerlik qurbanı bolǵanlıǵı psixologiyalıq jaqtan dálillenedi. “Negedur qarsılıq kórsete almadı” degen gáp qızdıń oǵan bolǵan iseniminiń hám ishiwshilik zorlıǵınıń ruwxıy tásiri ekenligin ańlatadı.

Waqıyadan soń Jalǵastıń bir hápte kórinbey ketiwi – bul da psixologiyalıq esap-sanaq. Ol qızdıń ashıwı basılıwın, jaǵdayǵa kóniwin kútedi. Shárigúldiń “Endi Jalǵasqa jipsiz baylanıp qalǵan edi” hám “Bolatuǵın is bolıp ketkennen keyin qızdıń kóniwden basqa ilajı da joq edi” degen qıyalı – dástúriy jámiyettegi hayal-qızlardıń “namıs” sezimi aldındaǵı biysharalıǵın, qorǵansızlıǵın bildiredi. Jalǵastıń úyleneyin dep “atalıq parızların” sıltaw etiwi bolsa, qızdı úmit penen islewge májbúr etken psixologiyalıq manipulyaciya xızmetin atqaradı.

Aradan bes jıl ótip, Jalǵas óz balasın (úlken hayalınan tuwılǵan) úylendirip, Shárigúldiń kóz aldında toy ótkerip atırǵan túnde, úyge más bolıp keliwi shıǵarmanıń eń kúshli psixologiyalıq noqatı. Jalǵas Shárigúldi kóleńkede qaldırıp, óz ómirin “gúrkirep” jasap atır, biraq tún ishinde báribir Shárigúldiń bosaǵasına zorǵa súyrelip keledi. Murattıń anası menen túnde kiyatırǵan ákesiniń júzine jaltaqlap qarawı – baladaǵı ıshkı irkiliwin, túsinbewshilikti hám ruwxıy qısılıwdı sáwlelendiredi. Shárigúldiń “Oǵan qay jerde bolsa da, bul úyge kele beriwi múmkin... Sebebi, ol seniń ákeń, balam!” - dep aytıwı onıń táǵdirge tolıq boysınǵanın, biraq isindegi qayǵı menen ayanıshtıń birigip ketken quramalı ruwxıy halın ashıp beredi.

Bul jerde psixologizm tómendegi kórkemlik xızmetlerdi tabıslı atqarǵan:

Jalǵastıń egoist, hiylekerli obrazı hám Shárigúldiń pák, iseniwshi obrazı tolıq ashıp berilgen. Jámiyettegi hayal-qızlardıń májbúriy tańlawları, erkeklerdiń juwapkershiliksizligi hám “jasırın ómir” qurbanlarınıń ıshqı azabın oqıwshıǵa tásirli etip jetkeriwge xızmet etken.

Shıǵarmada psixologizm tek ǵana fonlı bezew emes, al qaharmanlardıń ishki tábiyatın ashıwshı tiykarǵı kórkem qural xızmetin atqarǵan. Jazıwshı Shárigúl obrazında isenimsizlik, maqtanısh hám tragediyalıq shıdamlılıq koncepciyasın jaratqan bolsa, Jalǵas obrazında sırtqı mártlik penen ishki egoistlik manipulyaciya kontrastın sheberlik penen ashıp bergen.

Shıǵarmada psixologizmniń tikkeley (ishki monologlar) hám jasırın (psixologiyalıq detallar) usılları óz ara tıǵız baylanısqan. Shárigúldiń sırtqı quwanıshlı bet ashar dawısınan qashıp, qulaǵın jawıp jatıwı – onıń jámiyetlik statusına hám hayallıq namısına bolǵan ishki qıyınshılıǵın sáwlelendiretuǵın eń ótkir psixologiyalıq detal esaplanadı.

Novella zamanagóy qaraqalpaq prozasında hayal-qızlardıń qorǵansızlıǵın, erkeklerdiń juwapkershiliksizligin hám “jipsiz baylanıs” (kónligiw) psixologiyasın real túrde kórsetedi. Shıǵarma aqırında balanıń (Murattıń) jaltaqlap qalıwı – bul ruwxıy tragediyanıń áwladlar táǵdirine tiygizetuǵın úlken tásirin bildiretuǵın eń joqarı psixologiyalıq noqat bolıp tabıladı.

Demek kórkem psixologizm – bul jazıwshınıń qaharmanlardıń ishki dúnyası, ruwxıy jaǵdayları, sezimleri

hám oy-pikirlerin shıǵarmada arnawlı kórkem qurallar járdeminde súwretley alıw sheberligi. Shıǵarmada psixologizm tek ǵana qaharmannıń keypiyatın kórsetiw emes, al shıǵarma ideyasın ashıw hám syujet sızıqların háreketke keltiriw ushın xızmet etetuǵın eń áhmiyetli elementlerden biri bolıp esaplanadı.

Alpısbay Sultanovtıń qálemine tiyisli "Baxıtsız shańaraq" [6:69] novellası da qaraqalpaq prozasında ıqsham janr sheńberinde tereń insanıylıq tragediyalardı hám ruwxıy azaplardı ashıp bergen kóp qırlı shıǵarmalardıń biri bolıp esaplanadı. "Baxıtsız shańaraq" atamasınıń ózi-aq shıǵarmada tınıshlıq emes, al psixologiyalıq dramatizm jetekshi ekenligin kórsetedi. Jazıwshı hárbir qaharmandı óz qayǵısı, ishki "men"i menen jalǵız qaldıradı. Olar óz ishki keshirmelerin sırtqı dúnyaǵa ashıq kórsetpeydi, kerisinshe, sezimlerdi ishke jutıw – qaharmanlardıń ishki dúnyasındaǵı dinamikanı jáne de kúsheytedi.

Shıǵarma baslanıwınan-aq, qaharmannıń sociallıq hám shańaraqlıq ortalıq penen psixologiyalıq sáykes emesligi kórinedi. "Áwladımızda kórkem ónerge qızıqqan birde-bir adam bolmaǵan" – bul detal qaharmannıń ishindegi talant sırtqı ortalıq yamasa tárbiya jemisi emes, al onıń tábiyatı hám tuwma umtılısı ekenligin kórsetedi. Ata-ananıń ajırasıwı hám Mehribanlıq úyi ortalıǵı qaharmanda kúshli jalǵızlıq hám ruwxıy boslıqtı júzege keltirgen. Súwretlew óneri menen shuǵıllanıwı bul boslıqtı toltırıw, sırtqı dúnyadaǵı suwıqlıqtan qashıp, óziniń gózzal hám reńli dúnyasın jaratıw quralı sıpatında kórinedi.

Bala oqıtıwshınıń sırtqı kórinisin hesh qanday jasırın, ádepsiz niyetlersiz, tek bar gózzallıǵı hám sol qálpinde – "qanday kórgen bolsa, sol halatında" súwretleydi. Xudojnik ushın dene hám kiyim tek sızıqlar obyekti esaplanadı. Direktor hám mektep ortalıǵı bolsa bul súwretke sociallıq, ádep-ikramlılıq hám subyektiv úlgiler menen qaraydı. Direktordıń "jaslıq eteseń" degen gápiniń astarlı mánisin bala uzaq waqıt túsinbeydi, sebebi onıń qálbinde úlkenlerge tán bolǵan sezim ele qáliplespegen edi.

Shıǵarma dawamında oqıtıwshı menen sóylesiw qaharmannıń ruwxıy dúnyasındaǵı sezimlerin hám náziklikti jáne bir márte ashıp beredi. "Bul salǵan súwretiń barıp turǵan naturalizm" degen ustazınıń bul bahası jas xudojniktiń ishki dúnyasında túsinbewshilik hám awırıw oyatadı. Onıń "Onda bul súwretti jırtıp taslayman!" degen keskin reakciyası – onıń dóretiwshilikke qanshelli qatań qatnas jasaytuǵının, hárbir sızılǵan sızıǵı onıń júrek bólegi ekenligin kórsetedi.

"Men biraz ózimdi basıp alıp, úndemedim. Basqa sóylemedim" – Bul únsizlik ádebiyattanıwda "jasırın psixologizm" delinedi. Qaharman sırtqı tárepten moyınsınıp, úndemey turǵanday kórinse de, onıń ishinde ózin ańlaw, "Naturalizm ne?" degen soraw átirapında úlken ishki rawajlanıw procesi baslanadı. Ustazdıń oǵan bergen xoshameti bolsa onıń ruwxın sındırmay, kerisinshe, alǵa umtılıwına tiykar boladı.

Tashkenttegi joqarı oqıw ornına kiriwden keyingi jaǵday avtor tárepinen júdá gózzal ekspressivlik-psixologiyalıq detallar menen súwretlengen. "Quwanıshlarım sheksiz edi, ayaǵım jerge tiymesten, qustay qanat qaǵıp, ózimdi ushıp júrgendey sezer edim".

Bul tek ǵana quwanısh emes. Bul Mehribanlıq úyinde ósken, balalıǵında jalǵızlıqtı sezingen insannıń óz ómir jolın tapqanı, óziniń tán alınǵanın sezgenligi ushın qálbinde oyanǵan sheksiz ruwxıy kóterińki jaǵdayı bolıp esaplanadı. Bul onıń ómirindegi psixologiyalıq burılıs noqatı. Shıǵarmanıń eń shıńı hám filosofiyalıq bólegi onıń sońǵı gáplerinde sáwlelenedi. "Aynalamdaǵı zatlarǵa, adamlarǵa qatnasım da ózgerip, waqıyalardı obrazlar arqalı kóriw qábileti payda bola basladı" – bul psixologiyada professional ózgeris delinedi. Qaharman endi ápiwayı adam emes, ol endi xudojnikke aylandı. Eger ol burın dúnyanı tek vizual, "naturalistlik" jaǵdayda kórip, qanday bolsa solay sızǵan bolsa (balalıǵındaǵı muǵallim waqıyasın esleń), endi ol waqıyalardıń ishki mánisin, filosofiyasın hám psixologiyalıq mánisin kóre baslaydı. Adamlar hám buyımlar onıń názerinde ápiwayı dene emes, al belgili bir keypiyat, belgi hám simvolikalıq obrazlarǵa aylanadı. Shıǵarmanıń kulminaciyalıq shıńı júz beredi hám waqıyalar kútilmegen tárepke ózgeredi.

"Ustaz sóz basladı:

– Sen sizlerdi "naturshica keledi" dep eskertken edim. Aytqanımız bolmadı, ol ayazlap qalıptı, bul qız professional naturshica emes. Sabaqlarımızda úzilis bolmasın dep, iltimas etip, razılıǵın aldıq. Onı uyaltpań, oǵan soraw da bermeń, sabaq dawamında tek súwret salıw menen shuǵıllanasız. Túsinikli me?

– Awa! - dedik hámmemiz bir awızdan [6:71].

"Hámme bolajaq súwretshiler dem almay qaldı" – bul máwritte auditoriyada sap estetikalıq zayıqlanıw húkim súredi. Qızdıń aq kiyimde payda bolıwı hám onıń kelbeti studentler sanasında jamanlıq emes, bálkim ilahiy bir obraz – "aq mramordan jaratılǵan Venera" sıpatında qabıl etiledi. Ishki tınıshlıq - dóretiwshilik qıyalınıń eń joqarı shıńı. Saxnanıń qásiyetliligi hám tınıshlıq bir studenttiń qopal buyrıǵı ("Aq kiyimińizdi sheshiń!") menen buzıladı.

Professional bolmaǵan qızdıń ishki keshirmeleri onıń is-háreketleri hám kiyimi menen baylanıslı detallar arqalı ashıq psixologizm usılında kórsetilgen. Qız dáslep ózin qorǵaw hám uyalıwdı jeńiw ushın auditoriyadan betin burıp, tóbege tigiledi. Bul onıń sırtqı dúnyadan ajıralıwǵa bolǵan ruwxıy urınıwı bolıp tabıladı.

"Jipek janıwar jáne de sırǵanap..." sózi júdá áhmiyetli detal. Bul jerde kiyim tek ǵana gezleme emes, qızdıń namısı, uyalshaqlıǵı hám ishki dúnyasın sırtqı basımnan saqlap turǵan simvolikalıq belgi bolıp esaplanadı. Túyinniń sheshiliwi – qızdıń ruwxıy qorǵawsız qalıwı, onıń ishki dúnyasınıń pútkilley sınıwın kórsetedi. Onıń "solqıldap jılap jiberiwi" hám saxnadan qashıp ketiwi – bul ruwxıy jarılıwdıń kórinisi bolıp tabıladı.

Bas qaharman waqıyalardı artqı qatardan, biraz aralıqtan baqlaydı. Bul aralıq oǵan waqıyaǵa qalıs hám tereńirek psixologiyalıq baha beriw imkaniyatın beredi. "Bilmedim, bálkim naturshicaǵa qoyılıp atırǵan talaplar durıs shıǵar..." Qaharmannıń ishinde eki qádiriyat soqlıǵısadı: bir tárepten kórkem óner nızam-qaǵıydaları (naturshica talapları), ekinshi tárepten adamgershilik, ustazdıń eskertiwi hám qızǵa degen ayanısh sezimi. Ol alamannıń keypiyatına qosılmaydı, onıń miyinde tayarlıq hám ishki monolog ótedi.

Shıǵarma dawamında kórkem ónerdi páklik, gózzallıq hám Venera dep bilgen studentler (deneli jigitler) menen onı tek materiallıq jalańashlıq dep qabıl etken "awzı bos" studentler arasındaǵı qarama-qarsılıq fizikalıq tóbeleske kóshedi. Avtor kórkem psixologizm arqalı gózzallıq ayaq astı etilgen jerde tártip te, dóretiwshilik te sınıwın dálilleydi. Bunnan keyin shıǵarma qaharmanı hám "na-

turshica” qız ortasında júz bergen dialog waqıyalardı ele de ayqınlastıradı.

“- Qayaqta oqıysız?

- Hesh jerde oqımayman. Usı instituttıń “drama hám kinoaktyorlıq” bólimine hújjet tapsırıp, ekinshi márte jıǵıldım.

- Neshinshi trolleybusqa minbekshisiz?

- Minbeymen.

- Nege?

- Janımda pulım qalmaptı. Úyge jayaw baraman...

- Meyli, men sizge joldas bolıp barsam?

- Maǵan joldas kerek emes. Sabaqlarıńızdan qalmań, kete beriń.

- Siziń kóz jasıńızdı kórip, taslap kete almayman ǵoy.

- Nege bunshelli mehribansız, jetim óskensiz be?

- Awa, anam ákem menen men kishkene waqtımda ajırasıp ketken. Sonnan keyin men Mehribanlıq úyinde...

- Exhe, qıyınshılıq kórgen ekensiz.

- Áy, soramań...

- Nesin sorayman? Meniń ómirim de soǵan uqsas. Men tiri jetimmen... Jaqsı bolıptı, siz institutqa kirgen ekensiz. Baxtıńız bar eken. - Quday qálese, siz de ele kirip ketesiz.

- Áy, qáydem...

- Jaqsı tayarlanıp, kóbirek kitap oqıw kerek. Qıyın emes ǵoy” [6:73-74].

Bul úzindi novellanıń psixologiyalıq burılıs noqatlarınan biri bolıp, onda qaharmanlardıń ishki dúnyası dramalıq hám emocionallıq boyawlarda ashıp berilgen. Aldıńǵı waqıtta kórkem óner dárgayında ayanıshlı tárizde jalańashlanǵan, namısı ayaq astı etilgen qız endi pútkilley basqa – turmıslıq, hám sociallıq qıyınshılıqlar iyrimindegi kishipeyil, iybelı qız hám pidayı perzent kórinisinde kórsetiledi. Shıǵarmada qızdıń shańaraqlıq sharayatı hám onıń bul qıyınshılıqlar aldındaǵı ruwxıy jaǵdayı dialoglar arqalı júdá anıq berilgen.

“Sipsekeshlik etip júrmen...” - Kúni keshe ǵana auditoriyada studentler ushın gózzallıq qudayı (Venera) bolıp kóringen qız búgin tirishilik hám anası keselligi sebepli eń awır hám tómen esaplanǵan miynetke de tayar. Bul onıń ruwxıy kúshinen hám juwapkershiliginen dárek beredi.

Qızdıń “Aptekadan qarızǵa sorayman... Júdá jaqsı hayal, yaq demegen” dep aytıwı onıń sharasızlıǵın, sonıń menen birge adamlardıń jaqsılıǵına isenetuǵın biygúna, ashıq kewil iyesi ekenin kórsetedi.

Dialogta qızdıń eń joqarı ruwxıy ózgesheligi - onıń pútkilley hadallıǵı hám hújdanınıń pákligi kórinedi:

“– Apama qalayınsha ótirik aytaman?”. Bul gáp qız xarakteriniń ózegin ashıp beredi. Ol ómiriniń eń awır hám ilajsız waqıtlarında da (anası awır kesel, ózinde pul joq) ótirik sóylewdi, birewdiń pulın sorawsız jumsawdı ózine maqul kórmeydi. Bas qaharmannıń (súwretshiniń) is-háreketlerinde de úlken psixologiyalıq ózgeris baqlanadı. Ol endi qızǵa tek ǵana kórkem óner obyekti, sızılıwı kerek bolǵan “natura” sıpatında qaramaydı. Onda qızdıń tragediyasın kórgennen keyin adamgershilik hám járdem beriw sezimi oyanadı. Keshe alǵan stipendiyasın hesh ekilenbesten qızdıń dárilerine jumsawı – qaharmannıń adamgershiligi hám qızdıń dárti onıń júregin lárzege keltirgeninen dárek beredi. Xudojnik student auditoriyadaǵı turpayı studentlerden ózgeshe túrde qızdıń abırayın hám shańaraǵın qorǵawǵa umtıladı.

Shıǵarmadaǵı “biyshara kesel ananıń ıssılıǵı kóterilip, qattı qıynalıp atırǵan eken” degen súwretleniw waqıyalardıń rawajlanıwındaǵı psixologiyalıq qıyınshılıqtı (dramatizmdi) jáne de kúsheytedi. Jazıwshı usı dialog arqalı eki qaharman arasında ruwxıy jaqınlıq kópirlerin quradı. Alamanda ayaq astı etilgen gózzallıq (qız) hám sol ayaq astı etiwdi awırıw menen baqlaǵan dóretiwshi (jigit) endi real turmıstıń qıyınshılıqları fonında bir-birin insan sıpatında qaytadan tabadı. Bul waqıya shıǵarmadaǵı “Baxıtsız shańaraq” dramasınıń tamırların tereńirek ańlawǵa xızmet etedi.

“Biziń ruwxıy dúnyamız jaqın eken” - Ana jigittiń súwretshiligin esitip, oǵan birden jaqınlıq sezedi. Bul ápiwayı kásiplik qızıǵıwshılıq emes, al turmıstı gúl júzlilik penen qabıl etetuǵın, názik júrek iyeleriniń bir-birin aralıqtan turıp túsiniwi esaplanadı. “Máńgi iz qaldıratuǵın kásip...” - Nawqas hám jarlı jaǵdayda jatırǵan ananıń tilinen shıqqan bul sózler onıń mádeniy dárejesi, dúnyaqarasınıń qanshelli joqarı ekenin kórsetedi. Ol kúndelikli tirishilik táshwishlerinen sharshaǵan bolsa da, ishindegi estetikalıq gózzallıq jámlengen.

“Anam nemec qızı edi. Meni dúnya ádebiyatı úlgileri tiykarında tárbiyaladı” – bul júdá áhmiyetli detal. Mehrigúldiń auditoriyada ne sebepten kútilmegende “Venera” sıyaqlı ilahiy gózzallıqta, batıslıq erkinlik hám ullılıqta kóringeni hám sonıń menen birge ondaǵı joqarı ándiyshe mine usı genetikalıq hám tárbiyalıq tamırǵa barıp taqaladı. Bul shańaraqtıń ruwxıy ortalıǵı átiraptaǵı ápiwayı reallıqtan ádewir joqarı bolǵan.

Ananıń jaslıǵında aktrisa bolıwdı qálewi, biraq oǵan erise almaǵanı - ondaǵı ámelge aspaǵan dóretiwshiliktiń ishki ókinishke aylanǵanın kórsetedi.

“Atam anamdı taslap ketkennen keyin, erkeklerge bolǵan jek kóriwshilik kewlimde kóp waqıtqa shekem ornalasıp alıp ketpey júrdi. Olar bir sóz aytsa, ashıwım qozıp, jaman kórinisip tikeneklenip alatuǵın boldım” [6:76].

Bul moyınlaw arqalı avtor hayal táǵdirindegi psixologiyalıq jaraqatın kórsetedi. Eń jaman tárepi - bul ruwxıy jaraqat shınjır tárizde keyingi áwladqa da ótken. Itibar berseńiz, shıǵarma basında bas qaharman jigit te “Men tuwılǵannan keyin anam menen ákemniń juldızları jaraspay, ákem bizlerdi taslap ketken” degen edi. Yaǵnıy, novelladaǵı qaharmanlardıń barlıǵı - áke mehrinen ayırılǵan shańaraq wákilleri.

Shıǵarma kompoziciyasında jáne bir waqıya ananıń taǵdirine baylanıslı sóz etiledi. Jazıwshı bul arqalı shıǵarmanıń pzixologiyalıq tásirsheńligin arttırǵan.

Ana óz ómir jolın balası yáki jaqınınday bolıp qalǵan bolajaq xudojnikke “qospay-jasırmay”, “janın qıynap-qıynap” aytıp beredi. Bul ápiwayı eske túsiriwler bayanı emes, al ómiriniń sońǵı basqıshlarında bar haqıyqattı aytıp, ishki dúnyasın bosatıw, yaǵnıy ruwxıy tazarıw zárúrligi. Ol óz táǵdiri arqalı dóretiwshi jigitti turmıstıń ayawsız soqqılarınan eskertpekshi, naturshiklik artındaǵı awır sociallıq hám ruwxıy júkti túsindirmekshi boladı.

Mehrigúldiń asxanadan shıqpay, hámme gápti esitiwi hám sońınan esikti “tars ettirip” jawıp alıwı – onıń kúshli ruwxıy lárzege túskeninen dárek beredi.

Qız anasınıń ótmishinen ruwxıy eziledi. Jámiyette naturshica hayallarǵa bolǵan nadurıs kózqaras, shańaraqtıń materiallıq jetispewshiligi onıń jas júregine awır batqan. Onıń “Bul shańaraqtan baxıt tappaysań. Bul baxıtsız

shańaraq...” – degen qıshqırıǵında jaslıqqa tán bolǵan búlginshilik hám sonıń menen birge ilajsızlıq bar. Ol xudojnikti quwıp jiberiw arqalı tiykarınan óz shańaraǵınıń awır sırların, óziniń ázziligin sırtqı dúnyadan qorǵawdı gózleydi. Dáslep tek ǵana baqlawshı hám dóretiwshi sıpatında kelgen jigit waqıyalardıń rawajlanıwında pútkilley basqa adamǵa aylanadı. Ol úyden ketpeydi. Esik artındaǵı jılaw onıń qálbindegi dóretiwshilik sezimdi jámiyetlik hám adamgershilik juwapkershilikke aylandıradı. “Men de olardıń táǵdirine juwapkermen” degen ishki monolog xudojniktiń ruwxıy jetikligin kórsetedi. Ol ózin shańaraqtıń joǵalıp ketken tayanıshı – “etikshi” (ata) ornına qoya baslaydı. Bul tek ǵana ayanısh emes, al jedel tilekleslik hám qaharmanlıq sezim.

Shıǵarmada keltirilgen kútilmegen juwmaq insan ruwxıy dúnyasınıń eń názik táreplerin ashıp beredi. Ondaǵı tiykarǵı filosofiyalıq-psixologiyalıq juwmaq sonnan ibarat: Insan basqalardıń dártin tereń seziniw hám ol ushın juwapkershilikti óz moynına alıw arqalı haqıyqıy shaxsqa hám haqıyqıy dóretiwshige aylanadı.

Xudojnik qızdıń gózzallıǵın hám pákligin kóriw menen birge, onıń shańaraqlıq tragediyasın da túsinip jetedi. Bul úydegi awırıw jigitti ápiwayı súwretshi xudojnikten turmıstı túsiniwshi, qorǵawshı hám qutqarıwshı adamǵa aylandıradı. Shıǵarma adamgershilik, miyrim-shápáát hám táǵdir soqqılarına qarsı birgelikte gúresiw ideyasın alǵa qoyǵan.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı Alpısbay Sultanov óz shıǵarmalarında qaharman xarakterin ashıp beriwde hám waqıyalar tásirin kúsheytiwde kórkem psixologizm elementlerinen sheber paydalanǵanın kóriwge boladı. Avtor personajlardıń tek ǵana sırtqı háreketlerin yamasa sociallıq statusın súwretlep qoymastan, al olardıń ishki monologların, ruwxıy tolǵanısların hám psixologiyalıq evolyuciyaların dinamikalıq rawajlanıwda kórsete alǵan. Shıǵarmalardaǵı kórkem psixologizm personajlar xarakterindegi motivaciyanı hám jeke qásiyetlerdi sáwlelendiriwshi tiykarǵı kórkem qurallardıń biri sıpatında xızmet etedi. Bul bolsa, jazıwshı prozasınıń estetikalıq tásir sheńberin keńeytip, oqıwshıda qaharmanlar menen birge ruwxıy tereń sezimlerdi oyatıwǵa imkaniyat jaratadı.

**Ádebiyatlar**


1. Гинзбург Л.Я. О психологической прозе. – Ленинград: «Художественная литература», 1977.
2. Бахтин М. М. Проблемы поэтики Достоевского. – Москва: «Художественная литература», 1972.
3. Qoʻshjonov M. Oʻzbek romanlarida psixologik tahlil. – Toshkent: «Fan», 1975.
4. Karimov B. Ruhiyat alifbosi. – Toshkent: «Gʻafur Gʻulom» nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2012.
5. Султанов А. Новеллалар. – Нөкис: «Билим», 2008.
6. Qoraqalpoq zamonaviy nasri antologiyasi. – Toshkent: «Oʻzbekiston», 2022.

# БЕРДАҚ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА МИЙНЕТ ТЕМАСЫНЫҢ ЖЫРЛАНЫЎЫ

**Давлетов Барлықбай Абдимуратович** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
davletovbarliqbay9@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ХУДОЖЕСТВЕННОЕ ВОПЛОЩЕНИЕ ТЕМЫ ТРУДА В ПРОИЗВЕДЕНИЯХ БЕРДАХА

**Давлетов Барлыкбай Абдимуратович** – *кандидат филологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE ARTISTIC EXPRESSION OF THE THEME OF LABOR IN BERDAKH'S WORKS

**Davletov Barlykbay Abdimuratovich** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** қўшиқ, мавзу, ҳалол меҳнат, насиҳат, ғоя, бахт, жамият, меҳнатсевар, адолат, инсонпарварлик хислатлари.

**Резюме.** Мақолада Бердақ шоир асарларида меҳнат мавзусининиг талқин қилиниши ёритиб берилган. Тадқиқот объекти сифатида «Қачон роҳатланадурсан», «Халқ учун», «Яхширoқ» қўшиқлари танлаб олинган. Шоирнинг ушбу шеърларидаги меҳнатнинг улуғланиши, меҳнатсеварликнинг қадр-қиммати, ҳалол меҳнатнинг бахт-саодатга элтувчи куч эканлиги мисоллар асосида таҳлил қилинган.

**Ключевые слова:** песня, тема, честный труд, наставление, идея, счастье, общество, трудолюбие, справедливость, гуманность.

**Резюме.** В статье освещается интерпретация темы труда в произведениях поэта Бердаха. В качестве объекта исследования были выбраны песни «Когда ты наслаждаешься», «Для народа», «Лучше». На основе примеров проанализированы прославление труда в этих песнях поэта, ценность трудолюбия, то, что честный труд является силой, ведущей

**Key words**: song, theme, honest labor, advice, idea, happiness, society, hard work, justice, humanistic qualities.

**Summary.** The article highlights the interpretation of the theme of labor in the works of the poet Berdakh. The songs "When Will You Enjoy It", "For the People", "Better" were selected as the object of the research. The praise of labor, the value of industriousness, and the fact that honest labor is a force that leads to happiness are analyzed based on examples.

**Кирисиў**. XIX әсир қарақалпақ әдебиятының белгили шайыры Бердақ өзиниң көплеген шығармаларында мийнет темасын көтериңкилик пенен жырлаған. Шайырдың усы темада жазған қосықлары адамды ҳадал мийнет етиўге, мийнеттиң арқасында табысқа ерисип, бахытқа бөленетуғынлығын түсиндирмекши болады.

Шайыр қәлеминен дөреген «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Халық ушын», «Жақсырақ» қосықларының үшеўинде де ортақ тема сыпатында адам өмириндеги мийнеттиң әҳмийетли орынға ийе екенлиги сөз етилген. Автор мийнет арқалы адамның минезин қәлиплесип, маңлай терин төгип, ҳадал хызмет етиў кереклигин, ҳәр қандай қыйыншылықларға төзимли болыўға шақырған сүўретлеген. Соның менен бирге, жалқаўлық, ериншеклик ҳәм тайын дүньяға умтылыўдан аўлақ болыў зәрүрлиги, ҳадал мийнет арқалы ғана абыройға, үлкен ҳүрметке ерисетуғынлығын атап өтеди.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. Бердақ шайырдың шығармасында мийнет темасының сәўлелениўи ҳаққында илимпазлар Н.Дәўқараев төмендегише унамлы пикирин билдиреди: «халықты мийнет етиўге шақырған қосықлар Бердақта оғада көп. Бердақ өзиниң буныңдай қосықларында қарақалпақ халқының мийнет сүйгиш қәсийетин тағы бир мәртебе дәлийллейди» [1:17]. Ал, Бердақ дөретиўшилигин арнаўлы изертлеген илимпаз И.Сағыйтов төмендегише пикир билдиреди: «Ол мал-дүнья жыйнап, байлық дәўран сүргеннен гөре, жейтуғын бир тислем наныңды ҳадал мийнет етип тапқаның мың есе артық дейди» [2:44]

Бердақ шайырдың «Жақсырақ» шығармасын «Халық ушын» қосығы менен салыстырып, профессор Ә.Пахратдинов былай жазады: «автор өзиниң ел, халық ушын болған ойларының ең хасыл идеяларын тереңлестиреди. Шайыр өз мийнети ҳаққында ойлары, поэтикалық өткир пикирлери «Халық ушын»дағыға қарағанда жүдә конкретлилик пенен айрылып турады. Ең баслы мәселе бундай туўған елге, халыққа, хызмет етиў идеясын кеңнен нәсиятлаў шайырдың дөретиўшилигиниң ең баслы принципине айланғанлығы көринип турады» [3:45]. Ал, профессор Қ.Жәримбетов Бердақтың бул темадағы қосықларын былайынша таллайды: «Шайырдың жоқарыда аты аталған («Жақсырақ», «Қашан рәҳәтланадурсаң?» ҳәм т.б.) ҳадал мийнет тек күн-көрис, тиришилик дереги сыпатында емес, ал адамның инсаныйлық пазыйлетлерин тәрбиялайтуғын күшли мораллық қурал сыпатында қаралады» [4:21].

**Талқылаўлар ҳәм нәтийжелер.** Бердақтың «Қашан рәҳәтланадурсаң?» атлы қосығында ҳадал мийнет етиўдиң қәдирин улығлап, елге пайдалы азамат болыўға шақырады. Мысалы:

...Мийнетсиз дүнья излеме,
Жанды отқа саладурсаң.
Болай десең елге мырза,
Ел-журтыңды қылғыл ырза,
Ғәриплерге берме ыза,
Өзиң зыян көредурсаң [5:80]

Бул қатарлар арқалы адамды ҳадаллыққа, мийнет сүйиўшиликке, адамгершиликли болыўға ҳәм елге хызмет етиўге бағдарлайды. Шайыр адамның өз өмиринде дурыс жолды таңлап, унамсыз минезқулықлардан аўлақ болыўға, жәмийетке пайдалы азамат болыўы кереклигин жырлайды. Соның менен бирге, қосықта адамгершилик пенен әдеп-икрамлылық мәселесин де тилге алады. Мысалы:

Өзиңнен пәске жүз салма,
Нәмәҳремлерге сөз салма,
Киси ярына көз салма,
Өз ярыңнан қаладурсаң.
... Достың сырын душпанға айтпа
Ел бузыўшы боладурсаң [5:80].

Бунда өзгениң ярына көз салмаў, өтирик сөйлемеў, достыңның сырын айтпаў, жасы үлкенлерди сыйлаў сыяқлы ағла пазыйлетлер де ели ушын хызмет етиўшилердиң мораллық келбетин қәлиплестиретуғын қәсийетлер екенлигин сыпатлап береди. Әсиресе, елге, халыққа хызмет етиўдиң әҳмийетин төмендеги қатарлар арқалы шеберлик пенен ашып береди:

Ер болсаң елиңди бақла,
Елдиң берген дузын ақла [5:80].

Туўған елге ҳадал болыў, халықтың исенимин ақлаў – ҳәр бир азаматтың парызы екенлигин атап көрсетеди.

Бердақ «Халық ушын» қосығында да адамның тек өзиниң жеке басының қайғысы емес, халықтың ийгилигин ойлап өмир сүриў ҳәм елге ҳадал мийнет етиў, әдиллик пенен адамгершилик пазыйлетлерди улығлаў кереклигин сөз еткен. Демек, илимпаз И.Сағитовтың атап көрсеткениндей, «Бул қосық бастан-аяғына шекем халыққа хызмет етиў, халық бахытын гөзлеў идеялары менен толған. Халық ушын туўылған жигит, ер азамат ҳеш ўақытта қара басының ҳәзлигине берилмейди, ол мудамы халық ушын, жәмийет ушын удайына аянбай хызмет етиўи тийис» [2:99]. Яғный, шайыр ҳақыйқый ер-жигиттиң баслы парызы – халқы ушын мийнет етиў, елдиң ғамын жеў ең жоқары адамгершилик қәсийет екенлигин нәсиятлайды. Мысалы:

Жигит болсаң арысландай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын,
Жигит болса арысландай туўылған,
Ҳеш қашан да жумыс етпес өзи ушын [5:33].

Қосықта жақсы адам менен жаман адамның келбети қарама-қарсы сүўретленген. Жақсы адам елге пайдасын тийгизип, сөзине берик болатуғынлығын, ал, жаман адам өзиниң пайдасын ойлап, халыққа зыян келтиретуғынлығын сынға алады. Мысалы:.

Ермес жақсы пасықлардың сөзине,
Көп берилмес өз басының ҳәзине,
Ғайрат берип өлгенинше өзине,
Хызмет етер мудам уллы халық ушын [5:34].

Шайыр елге хызмет етиўди адамның ең ҳасыл мурады сыпатында көрсетеди. Мысалы:

Ғош жигиттиң мәдет болса елаты,
Ҳеш ўақытта кемлик қылмас қуўаты,
Изинде қалады жигиттиң аты,
Қалыс хызмет етсе егер халық ушын [5:35].

Шайырдың пикиринше, халық бахты ушын мийнет еткен адамның исми мәңги сақланады. Сонлықтан ҳәр бир адам өз елин-халқын сүйиўге, әдил болыўға. ел ушын, халық ушын ҳадал мийнет етиўге ҳәм халықлық ислерди жоқары қойыўға ҳәм орынлаўға миннетли.

Шайырдың «Жақсырақ» атлы қосығында жоқарыда аты аталған қосықлар менен мазмуны жағынан үнлес болып келеди. Қосықта мийнет темасы тийкарғы идеялардың бири сыпатында берилген. Шайыр адамның қәдири байлық ямаса ҳәмел менен емес, ал, ҳадал мийнети менен өлшенетуғынлығын жырлайды. Ол маңлай тер менен табылған әпиўайы ырысқы-несийбени ҳарам жол менен келген дәўлеттен жоқары қояды. Мысалы:

Түргелип ертеден жумысқа шығып,
Қолыңды қабартып, белиңди бүгип,
Дизеңди сызлатып, мийнетин шегип,
Жеген бир зағараң палдан жақсырақ [5:44].

Шайыр бул арқалы ҳадаллықтың, қанааттың, мийнет сүйиўшиликтиң қәдириниң айрықша екенлигин атап көрсетеди. Соның менен бирге, мийнет етиў, тек жеке басының ғамы ушын емес, пүткил халықтың ийгилиги ушын зәрүр екенлигин нәсиятлайды. Мысалы:

Жумыс исле, туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып, туўған жер ушын,
Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ [5:43].

Бул арқалы шайыр мийнетке жәмийетлик қатнас жасайды. Нағыз азамат өзиниң күш-жигерин халқына арнаўы кереклигин атап өтеди. Мысалы:

Әўел берермен деп, соңыра бермеген,
Мийнеткешке ҳақы төлеп көрмеген,
Сөзин жутып, өтирик айтып өлмеген,
Нурмураттан бәлки ҳайўан жақсырақ [5:44].

Шайыр мийнеткештиң ҳақысын жейтуғын, ўәдесинде турмайтуғын, халықты алдаўшыларды қатты сынға алады. Оның пикиринше, мийнетти баҳаламайтуғын адам адамгершилик қәсийети жоғалады. Бул арқалы автор жәмийеттеги социаллық әдилсизлик мәселесин көтереди. Мийнет адамының ҳадаллығы менен мийнетти дурыс баҳаламайтуғынларды қарама-қарсы қойыў арқалы шайыр мийнет адамының қәсийетиниң жоқары екенлигин ашып береди.

**Жуўмақ**. Жуўмақлап айтқанда, Бердақтың үш қосығында да мийнет ең жоқары адамгершилик қунлылық сыпатында сәўлеленип, адам ҳадал мийнет арқалы ғана абыройға, ҳүрметке жетеди деген идея бериледи. Шайыр мийнетсиз келген байлықты емес, өз маңлай тери менен табылған несийбени жоқары баҳалайды ҳәм жалқаўлық пенен мийнетсиз өмирди сынға алады. Үш шығармада да ериншеклик, өзимшиллик және жеңил жол менен күн көриўдиң унамсыз сыпат ретинде көрсетиледи ҳәм мийнет етиў тек жеке пайда ушын емес, жәмийеттиң гүллеп-раўажланыўына хызмет етиў кереклигин ашып береди.

**Әдебиятлар**

1. Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. Тарийхый –әдебий изертлеў. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1950.
2. Сағитов И. Сахра бүлбили. . – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1974.
3. Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың көркемлик дүньясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
4. Жәримбетов Қ. Бердақтың нәсиятлары – бизиң руўхый ғәзийнемиз. – Нөкис: ҚР, «Руўхый мәдeният ҳәм ағартыў» жәмийетлик орай, 1998.
5. Бердақ. Таңламалы шығармаларының жыйнағы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.

# «ǴÁRIP ASHÍQ» DÁSTANÍNÍŃ DRAMATURGIYAǴA STILIZACIYASÍ

**Jambulova Rayxan Abdiraziyevna –** *tayanısh doktorant*
rayxanjambulova@gmail.com
*Ózbekistan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew inistitutı*

# СТИЛИЗАЦИЯ ЭПОСА «ГАРИБ АШИК» В ДРАМАТУРГИИ

**Жамбулова Райхан Абдиразиевна –** *базовый докторант*
*Каракалпакское отделение академии наук Республики Узбекистан*
*каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук*

# STYLIZATION OF THE EPIC "GARIB ASHIQ" IN DRAMA

**Zhambulova Raykhan Abdiraziyevna** – *Doctoral Student*
*Karakalpak branch of the academy of sciences*
*of the republic of Uzbekistan karakalpak research institute of humanities*

**Tayanch so'zlar:** doston, janr, folklor, drama, obraz, stilizatsiya, pyesa, xalq dostoni, aktyor, dramaturg, sahnalashtirish.

**Rezyume.** Maqolada xalq dostoni hisoblangan "G'arib oshiq" dostoning sahnalashtirish masalasi so'z etiladi. Dostonning dramaturgiya janriga stilizatsiyalash va undagi obrazlarning bir- biriga bog'liqligi dramaturgning sahna uchun mos obrazlar yaratish uslubu o'rganilgan.

**Ключевые слова:** эпос, жанр, фольклор, драма, образ, стилизация, пьеса, народные эпосы, актёр, драматург, постановка.

**Резюме.** В статье рассматривается постановка народного эпоса «Гариб Ошик» изучаются стилизация эпоса в драматургический жанр, взаимосвязь персонажей в нем, а также метод драматурга по созданию подходящих для сцены образов.

**Key words:** epic, genre, folklore, drama, image, stylization, play, folk poem, actor, playwright, staging.

**Summary.** The article discusses the staging of the folk epic "Ǵarib oshiq". The stylization of the epic into a dramaturgical genre and the interrelation of the characters in it, as well as the playwright`s method of creating appropriate images for the stage, are studied.

**Kirisiw.** Túrkiy xalıqlar óziniń bahalı awızeki dóretpeleri menen basqa xalıqlardan ajıralıp turadı. Bul dóretpelerdiń qaysı birin alıp qarasaqta onda xalıqtıń ásirler dawamındaǵı ótmish táriyxı, social-mádeniy turmıs tárizi, úrp-ádet dástúrleri, xalıq bolıp qáliplesiwin, rawajlanıw basqıshların ózinde jámlegenin kóriwimizge boladı. Dástanlar basqa awızeki dóretpelerden syujeti hám kompoziciyalıq qurılısı jaǵınan ajıralıp turadı. Sebebi, dástanlarda tek ǵana belgili bir syujet sóz etilip qalmastan xalqımızdıń tilek-maqsetlerinde óz boyına sıńdire alǵan, jazba ádebiyat payda bolmaǵan dáwirlerde awızdan-awızǵa, áwladtan-áwladqa ótip búgingi kúnimizge jetip kelgeni bunıń ayqın mısalı bola aladı. Bul dóretpeler xalıqtıń ruwxıy azıǵı bolıp, quwanısh penen qayǵısın jırlap kelgen. Sonıń menen birge, jawgershilik bolıp qonısın ózgertip basqa xalıqlar menen aralasıp awizeki dóretpeleri de bólisip otırǵan. Olardı atqarıwshı jırshılar hesh qanday áspablarsız atqarıp xalıqqa jetkerip kelgen.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** XIX ásirdıń ekinshi yarımına kelip dástanlardı qıssaxanlar qıssaxanlıq jolı menen xalıqqa jetkerip bergen. Bul óz gezeginde qıssaxanlıq mektepleriniń ashılıwına tiykar bolǵan. Mısal ushın "Ǵárip ashıq", "Góruǵlı", "Sayathan-Hámire" dástanları xalqımızǵa jazba halında hám qıssaxanlardıń atqarılıwında tarqalǵan dástanlardıń biri bolıp tabıladı. "Ǵárip ashıq" dástanın ilimpazlar tiykarınan Ázerbayjan jerinde dóretilgen, Xorezm ellerine shekem tarqalıp, bizge shekem jetip kelgen dep kórsetedi. Sebebi, Ázerbayjan elinde baqsı-jırawlardı " ashıq" dep ataǵan dep kórsetedi. Xalqımız arasında dástan qıssaxanlardıń atqarıwshılıq sheberligi nátiyjesinde til ózgesheligi jaǵınan da biziń tilge uqsaq bolıp ketiwi nátiyjesinde dástannıń qaraqalpaqsha variantı payda boladı. XIX ásirde qaraqalpaq ádebiyatında jazba ádebiyat qáliplesiwi menen birge jańa janrlar menen de bayıp otırdı. Al XX ásirdıń 20-jıllarınan dramaturgiyanıń kirip keliwi ádebiyatımızdı dramalıq shıǵarmalar menen bayıtqan bolsa, teatr, saxna mádeniyatınıń qáliplesiwine alıp keldi. Belgili ilimpaz Q.Maqsetov óziniń ĭaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri miynetinde "Qaraqalpaq ádebiyatında dramaturgiyalıq dóretpelerdiń dáslepki belgileri folklorlıq shıǵarmalarda kórinedi" – dep kórsetedi [1]. Sol tiykarında bir qansha dástanlarda saxnalastırılıp tamashagóylerdıń názerine usınıldı. Mısal ushın qaraqalpaq ádebiyatında eń dáslep ilimpaz alım Nájim Dawqaraevtıń avorlıǵında «Alpamıs» dástanı teatr saxnasına qoyıladı. Awızeki dóretpelerdiń ishinde dástanlar óziniń kóleminıń keńligi jaǵınan ajıralıp turadı. Al bundaǵı aytılajaq tiykarǵı pikir hám ideyalardı jámlestirip ondaǵı obrazlardı bir saxnada janlandırıw álbette úlken miynetti talap etedi. Mısal retinde aytatuǵın bolsaq "Ǵárip ashıq" dástanı belgili jazıwshı A.Begimov hám T.Allanazarovlardıń avtorlıǵında pyesa dóretilip, rejissyor Y.Sharipov basshılıǵında 1956-jılı tungısh márte saxna júzin kórdi.

Bul óz gezeginde xalqımızdıń kewlinen orın alǵan dramalıq dóretpelerdiń birine aylandı. Dástan tiykarınan súyiwshilik mazmunda bolıp keledi. Sonıń menen birge dástanda tek ǵana ıshqı muhabbet sóz etilip qalmastan sol dawirdegi siyasiy dúzim: xalıqtıń bay hám jarlı qatlamlarǵa

bóliniwi, el basındağı hámeldarlarıń jawızlıqları, doslıq, wádege wapa, watanǵa muxabbat, insanlardıń óz ara awızbirshilikte teń huqıqta jasawı sıyaqlı máselelerdi óz ishine aladı. Sonday-aq, dástan 1990-jılǵa kelip rejissyor B.Baymurzaev tárepinen qayta saxnalastırılıp tamashagóylerge usınıladı. Bunnan sońǵı jıllarda joqarıda atalǵan avtorlar tiykarında 2018-jılı tórt aktlı, altı kartınalı "Ǵárip ashıq" muzıkalı drama ataması menen ıqlasbentlerdiń názerine usınıladı.

**Talıqlaw hám nátiyjeler**. Bul dástannıń teatr saxnasına qoyılıwınıń ózi dástannıń xalıqlıǵı, onıń tereń ideyalıq mazmunı menen birge kórkemlik ózgeshelikleri menen ayırıqsha kózge túsedi. Dástanda sóz etilgen bahalı ideyalardıń barlıǵı eń jaqsı kórkem súwretlew usılları arqalı berilgen. Ideya hám obrazlardıń sheber ushlasıwında xalıq talantlılarınıń bunı dóretiwdegi hám rawajlandırǵanın ayqın seziw menen birge bir neshe ásirler dawamında umıtılmay kiyatırǵan dástannıń sırın ańǵarıw múmkin. Mısal ushın "Ǵárip ashıq" dástanında da kópshilik dástanlarǵa tán qásiyet, yaǵnıy eki dostıń aldın ala ele perzentleri tuwılmastan burın atastırıp qoyıwı menen baslanadı. Bunda patsha Shaxabbaz hám wáziri Hásen menen birgelikte ańǵa shıǵadı. Birinıń aldınan buwaz kiyik shıqsa al ekinshisiniń aldınan buwaz qoyan shıǵadı. Biraq, ekewi de jániwarlardı atpaydı. Sebebi, ekewiniń de hayalları kóz jarıw aldında boladı. Bolǵan waqıyanı bir-birine aytısıp eger tuwılatuǵın perzentleri biri ul, biri qız bolsa bir-biriniń basın qosıwǵa sol jerde wádelesip aqlay quda boladı. Bul xabardı esitken basqa saray ámeldarları Ǵáriptiń ákesi Hásendi jasırınsha óltirip jiberedi. Al, Ǵárip bolsa anası Abadan, qarındası Gúljamal menen jaslay ákeden jetim qaladı. Bul arada patsha wádesinen tayıp Shaxsanemdi Náw sháhriniń patshası Shaxwaletke qalıńlıqqa bermekshi boladı. Pyesada bul bılayınsha beriledi:

**Abadan:** - Aqirǵı ret soranaman, ruxsat etińiz?

**Shaxabbaz**: Ájep boladı. Meniń ayar sózim mına qaǵazda jazılǵan. Oqıńız.

*(jazılǵan shártnamanı alıp, Shaxabbazdıń qolına berip, iyilip tájim bergen túr menen juwabın kútedi.)*

**Shaxabbaz:** Sulıw shaynamaǵan at ta janǵa tiyedi eken-á? Bul meniń jazǵanım emes, bul shártnamanı ózińnıń jalǵanshı eriń jazǵan. *(shártnamanı jırtıp taslap, ashıwlı túrde)* qalaǵa jar urılsın, kimde-kim Ǵáriptiń meniń qol astımda júrgenin kórse, kóre tura shax wázirlerine xabar bermese, ózi ólimdar, malı patshalıq.

Álbette bul shaxtıń átirapına jıynalǵan shaxqa qarsı wázirlerdiń de til biriktiriwi eki ashıqtıń jolına tosıq boladı. Pyesada Ǵárip jas bolıwına qaramay aqıl-parasatlı sózden taymaytuǵın jigit sıpatında táriyplenip onıń boyına sıńgen qásiyetlerdi avtor bılayınsha kórsetedi:

**Ǵárip:-** Táǵdir bizdi ayralıqqa salmasa,
Jılama Sánemjan ketsem kelermen.

**Shaxsanem:-** Sennen qalıp solar baǵımnıń gúli,
Baǵımnan ushırdım shayda búlbúldi.

**Ǵárip:-** Ájel jetip sum paymanam tolmasa,
Jılama Sánemjan ketsem kelermen.
Úyden shıǵıp dalǵardınıń taldırma,
Ax urıp sen qızıl gúliń soldırma,
Ǵáripjandı kóz jasıń menen óltirme,
Jılama Sánemjan ketsem kelermen.

Súygenine bas qosıw jolındaǵı Ǵáriptiń basınan ótkergen qıyınshılıqları bes jıl anadan, qarındastan, dos-yaran hám watannan uzaqta tawlarda qoy baǵıp júredi. Ótken-ketken kárwanlardan Shaxsanemniń deregin esitip bes jıl degende elge quwısıp, ákesiniń eski joldasları Ǵáripke qol qanat bolıp Shaxsanemge qosılıw tilegine járdem beredi.

**Xojabaǵman:** - O, Ǵárip sabır et. Mınalar seniń ákeńnıń dosları, seniń tilekslesleriń.

**1-adam**: Háy, Ǵááripjan! Haqıyqattı aytarǵa til joq, shaǵınarǵa jer joq, barlıq bolǵan isten xabarımız bar.

**2-adam:** Hásen wázirden qalǵan jalǵız qarar kózi sen edıń. Bizler hámme waqıt sırtıńnan kóz-qulaq bolıp júrmiz.

**Ǵárip:-** Raxmet atamnıń kózin kórgen qádirdan doslar.

Usılayınsha Ǵáripke qol ushın bergendey insanlar tabıladı. Shaxtıń átirapına jıynalǵan wázirlerdıń qılmıs isleri ashıp beriledi. Bul arada xalıqta Ǵárip tárepte bolıp, shaxtıń wádesinen taymawdı ádil bolıwdı talap etedi. Pyesada bul epizodlardıń barlıǵı sheber beriledi. Jazıwshı dástannıń kelip shıqqan jerine baylanıslı pyesada azerbayjansha nama hám qosıqlardı sheber qollanadı. Bulda dramanıń bir jetiskenligi bolıp tabıladı. Avtorlar dramanı bir qálipte Ǵárip penen Shaxsanemnıń jas waqtıńnan baslap er jetemen degenshe waqıyalardı izbe-izliginde jetilistirip otıradı.

«Dramaturgiya qız kiymesheginen de kóp qıyındılardan quraladı» dep jazǵan edi T.Allanazarov. Álbette, uzınnan-uzın poeziyadan ibarat dástandı eki saatlıq dramalıq shaǵarmaǵa aylandırıp bir qálipke salıw úlken kúshti talap etedi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, dramaturgiya tarawınıń rawajlanıwı kórkem óner hám kórkem ádebiyatımızdi hár tárepleme rawajlandırıp kelmekte. Drama ómir shınlıǵın súwretleytuǵın janr bolıp tabıladı. Sol sebepli dramalıq shıǵarmalardıń ideya-tematikalıq jaqtan saxnada anıq, tınıq etip ashıp beriledi. Solay eken A.Begimov hám T.Allanazarov tárepinen dóretilgen "Ǵárip ashıq" dástanınıń dramaturgiya tarawına stilizaciyalanıwınıń ózi úlken jetiskenliklerdıń biri bolıp esaplanadı. Sebebi, keń kólemdegi dástandı saxna ushın ıqshamlastırıp qayta dóretiw óz-ózinen bolmaydı. Dástannıń bir neshe mártebe saxna júzin kóriwi avtorlardıń miynetınıń jemisi desek asıra aytqan bolmaymız.

**Ádebiyatlar**

1. Maqsetov Q., Maqsetova R. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri – Nókis: «Bilim», 2010.
2. Allanazarov T. Teatr hám dramaturgiya. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1982.

# S.JUMAǴULOVTÍŃ YUMORLÍQ GÚRRIŃLERINDE OBRAZ JARATÍW ShEBERLIGI

**Kudiyarova Rıslıxan Kadirbaevna –** *assistent oqıtıwshı*
kudyarova82@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# МАСТЕРСТВО С.ДЖУМАГУЛОВА В СОЗДАНИИ ОБРАЗОВ В ЮМОРИСТИЧЕСКИХ РАССКАЗАХ

**Кудиярова Рыслихан Кадирбаевна** – *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# S.JUMAGULOV'S SKILL AT CREATING CHARACTER IN HUMOROUS STORIES

**Kudiyarova Ryslikhan Kadirbaevna** – *assistant teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** yumor, obraz, janr, syujet, badiy tasvir, konflikt.

**Rezyume.** Maqolada S.Jumag'ulov asarlaridagi yumoristik obraz masalasiga alohida to'xtalib o'tilgan. Obraz orqali qahramonning ichki dunyosi ochib beriladi. Yumoristik obrazlar orqali bo'lsa, yozuvchi qandaydir muammoni ko'tarayotgandek tuyuladi. Yozuvchi S.Jumag'ulov o'zining qisqa syujetli asarlarida yumor obrazi muammosini qanday tasvirlagani haqida fikr yuritiladi.

**Ключевые слова:** юмор, образ, жанр, сюжет, художественный облик, конфликт.

**Резюме.** В статье отдельно затрагивается вопрос юмористического образа в произведениях С.Жумагулова. Через образ раскрывается внутренний мир героя. Если юмор через образы, то кажется, что писатель поднимает какую-то проблему. Расскажем и рассудим о том, как писатель С.Жумагулов изобразил проблему образа юмора в своих короткосюжетных произведениях.

**Keywords:** humor, image, genre, plot, artistic appearance, conflict.

**Summary.** The article specifically addresses the issue of the humorous image in S. Zhumagulov's works. Through the image, the character's inner world is revealed. If the humor is through images, it seems as if the writer is raising a problem. Let us discuss and discuss how the writer S.Zhumagulov depicted the problem of the humor image in his short-story works.

**Kirisiw.** Biz bul maqalamızda qaraqalpaq ádebiyatında belgili orın iyelegen S.Jumaǵulovtıń yumorlıq gúrrińlerinde hár qıylı kásiptegi insanlardıń obrazın jasaw sheberligi haqqında sóz etpekshimiz. Onnan aldın gúrriń janrı haqqında toqtalıp ótpekshimiz.

"Gúrriń – turmıstı ıqsham hám qısqa túrde sáwlelendiretuǵın prozanıń povestten kishkene janrlıq túri" [1:172]. Ol, negizinen, jeti-segiz betten aspawı kerek. Biraq, kórkem ámeliyatta kólemi eki bet penen júz bet aralıǵındaǵı gúrrińler de ushırasadı. Gúrrińde bir sózdi qosıw yáki alıp taslaw múmkin emes. Yumor – ómir tirishiligiń san álwan sırlarına jaqtı túsiretuǵın adamnıń ne bir jaǵdayların qamtıytuǵın qubılıs esaplanadı. Yumordı jaratıwdıń qozǵawshı kúshi yumorlıq sezim dep atasaq, yumorlıq sezimtallıq kóbinese kózi ashıq, aynalasına sın kóz benen qaraytuǵın, zamanlaslarına biyik talap qoyatuǵın jaǵımpazlıq ruwxtaǵı adamlarǵa tán boladı.

**Tiykarǵı bólim.** Jazıwshınıń "Ǵamxorlıq" gúrrińinde Sársen aǵa obrazı mısalında jámiyettegi ayırım insanlardıń minez-qulqı ashıp berilgen. Sársen aǵa neshe jıl dawamında bir mekemede injener bolıp islegen. Gúrrińniń ataması biykarǵa "Ǵamxorlıq" emes, gúrrińniń bas qaharmanı Sársen aǵa haqıyqatında da kúyew balasına ǵamxorlıq etip atırǵanday kórinedi. Qızı turmıstan ayrılǵan bolsa da Sársen aǵa kúyew balasınıń jumısındaǵı baslıǵına barıp, onıń aylıǵı kóbirek jerge ótkizip beriwin soraydı, usı kúyew balam qızım menen ajıralısıp ketken bolsa da táwir kóretuǵın kúyew balam edi, – dep sorap keledi. Baslıǵı Sársen aǵanıń bul iltimasına hayran qalǵan bolsa da, onıń bul sózin jerde qaldırmaydı. Bul kelip-ketiw eki-úsh retke shekem sozıladı. Gúrriń aqırında onıń "Sársen sum" degen laqabı bar ekenligin kelip-ketip júrgen waqtında kórgen adam baslıǵına túsindiredi. Mısalı,

*– Men bul adamdı bilemen. "Sársen sum" degen laqabı bar. Ol burıńǵı kúyew balasına ǵamxorlıqtı qurı jasap júrgen joq, bunıń astında bir sır jatır. Bolmasa, ol kisiniń de burıńǵı kúyew balasın atarǵa oǵı, kórerge kózi joq. Ol ǵamxorlıqtı astırtın, óz qızı ushın islep atır. Sebebi, burıńǵı kúyew balası bul jası úlkenniń qızına 50 procent aliment tóleydi. Onıń lawazımı úlkeyip, aylıǵı qansha kóbeygen sayın, qızına aliment sonsha kóbeyip barıp túsip turadı ǵoy. Endi bir nárseni túsindiń be?* [4:14].

Sársen aǵa shıǵarmada yumorlıq obraz sıpatında berilgen. Degen menen onıń aldın ózi islep ketken mákemege sózi ótetuǵını anıq bolıp, kúyew balasın jaqsıraq, anıǵıraq aytqanda maylıraq jerge ótkiziwin sorap, ózin tap ǵamxorshı qaynataday etip kórsetkeni menen shıǵarma aqırında onıń ne ushın qatnay beretuǵınlıǵı ashıqlanadı. Sebebi, qızı turmıstan ajırasqanı menen onnan aliment alıp otırǵanlıǵı, kúyew balasınıń aylıǵı qansha kóbeygen sayın aliment muǵdarı da kóbeyetuǵınlıǵı sózsiz. Solay eken, Sársen aǵa bunı júdá jaqsı biledi. Bunı jazıwshı jeńil kúlki menen jámiyettegi usınday insanlardıń joq emes ekenligin eskertkendey boladı.

Kórkem ádebiyattaǵı ómir shınlıǵınıń negizi – adam, yaǵnıy ómirdiń san álwan qubılısları, adam túsine alatuǵın, túsinip baha beriw múmkin bolatuǵın kórkem dúnya adam kelbeti arqalı jasaladı. Jazıwshı sheberlik penen kórkem qıyalınıń arqasında kórkem sózdiń kúshi menen túrli adam obrazların súwretleydi. Hár obraz (kórkem kelbet) – ózinshe bir álem. San mıńlaǵan kelbetlerdiń adamlıq bolmısı da, ómirde atqaratuǵın xızmeti de, shıǵarmadan alatuǵın ornı da hár túrli boladı. Hár bir obrazdı jaratıw tarıyxı bolıwı menen qatar, hárqaysısınıń aqıl-oyı, temperamenti, psixologıyası, isenimi, ómirlik poziciyası, jasaw jaǵdayı hám t.b. túrlishe súwretlenedi. Kórkem shıǵarmada sonday obrazlardıń sáwlesi jasalıp, olardıń san álwan jaǵdaylardaǵı qarım-qatnasına tiykarlanıp, túrli soqlıǵısıwlar arqalı ómirdiń tiykarǵı máseleleri sáwlelenedi.

Jazıwshınıń usı toplamına kirgen “Dizim” dep atalǵan gúrrińi bar. Bul gúrrińde oqıwǵa tapsırıw barısı hám onda imtixannan ótiw jaǵdayı sóz etilgen. Gúrrińdegi texnikum direktorı obrazı yaǵnıy baslıq adamlardıń obrazı kúlki astına alıp berilgeni menen jámiyettiń bir bólegi sıpatında da xızmet atqarǵan. Burınları oqıwǵa tapsırıw waqtında awızeki imtixan tapsıratuǵın bolǵan. Házir bolsa mámleketlik test orayı tárepinen dúzilgen testlerdi sheship oqıwǵa kiremiz. Endi ne ushın gúrriń ataması “Dizim”. Haqıyqatında da, dizimde barlar oqıwǵa kiretuǵın bolǵan, eger dizimde joq bolsań tap hámme sorawǵa juwap berseń de oqıwǵa túse almaytuǵın bolǵan eken. Bunı jazıwshı abiturienttiń tilinen bergen. Mısalı,

*“Birinshi imtixan alıwshı kóz áynegin bir dúziwlep qoyıp, áste keyin shalqaydı. Soń qolınıń astındaǵı qanday da bir qaǵazdaǵı dizimge barmaǵın juwırtıp úńile basladı. Ishim “ǵım” ete qaldı. “Taǵı tamam bolǵan jerim usı shıǵar. Qádimgi jıldaǵıday dizimge qaraw” degen baslandı. Ol onnan meniń familyamdı izlep atır. Áne, ele saǵan ańsat bilet túskeni menen keyninen usındayı bar. Olar jáne jıǵıp jiberse, bul texnikumnan tórtinshi márte jıǵılıp qaytqanım boladı. Bul ret te basıma usı dizim degen bále jetetuǵın boldı-aw” [4:31].*

Alınǵan bul mısaldan kórinip turǵanınday, abituriyent haqıyqatında da úsh sorawdıń hámmesine tolıq, anıq juwap beredi. Biraq, dizimde bolmaǵanı ushın imtixan alıwshılar onıń juwabına qanatlanbaǵanın aytıp, keyingi jılı tapsırıwın aytadı. Ashıwlanǵan abituriyent kútilmegende olardıń aldındaǵı dizimdi urlap qashıp ketedi. Bunday jaǵdaydı oyına da keltirmegen imtixan alıwshılar onıń izinen juwırıp ketedi. Jolda texnikum direktorı ne shawqım bolıp atırǵanın soraydı. Imtixan alıwshı muǵallimler jaǵdaydı túsindiredi hám onı tez uslawı kerek ekenligin aytadı. Álbette, eger onı tiyisli jerine alıp barsa, hámmesi jumıstan shıǵatuǵını sózsiz. Bálkim shıqpawı da múmkin, sebebi:

*Abiturient Ótemuratov, toqta deymen. Bizlerdi mına duyım jurtqa masqara qılatuǵın boldıń. Bir minut sóyleseyik!*

*- Yaq, bolmaydı! – dedim men tilim awzıma tıǵılıp. Bul dizimdi tiyisli orınlarǵa jetkeremen.*

*Sen óytpe, inim. Bunnan sen hesh payda taba almaysań. Sol tiyisli orınlarıńnıń balaları da sol qolıńdaǵı dizimde. Onnan góri keliseyik! [4:33].*

Bunnan kórinip turǵanınday hámmesi tek óziniń paydasın ǵana gózleydi. Waqıya qaharmanı da imtixan alıwshı muǵallimler menen kelisedi. Buǵan texnikum direktorı da qayıl boladı. Gúrriń aqırında abiturient student bolıw baxtına miyassar boladı. Ol óz jolın tabıw ushın texnikum muǵallimleri hám direktorınıń qılǵan isine muwapıq ózlerine de sol joldı qolladı. Basqasha qılıp aytqanda, dizimdi tiyisli orınlarǵa bergeni menen de payda tappaytuǵın edi. Bári bir student bola almaytuǵın edi. Mısalı,

*– Sol dizimniń keynine ózińniń familyańdı tirkep jibereyik. Bul dizimge ilinseń, texnikumǵa kirdim dep qoya ber!*

*– Aldamaysız ba?*

*– Yaq, aldamaymız. Aramızdaǵı texnikum direktorı da buǵan qayıl. Bizler bir sózli adamlarmız!*

*Olar rasında da bir sózli adamlar bolıp shıqtı. Men bul qaysı texnikum ekenin aytpay-aq qoyayın. Usı kúnleri sonda oqıp atırman [4:33].*

Hár bir jaman adamnıń qılıǵına kúlseń, oǵan ráhátlenip kúlme, ırza bolganıńnan kúl, ızalı kúlkiniń ózi de qayǵı. Onday kúlkige barqulla óziń de salınbaǵaysań, hár bir jaqsı adamnıń jaqsılıq tapqanına kúlseń, onıń jaqsılıqtı jaqsılıǵınan tapqanlıǵın úlgi etip kúl. Hár bir úlgi alıwdıń ózi de waqtı menen toqtaydı. Kóp kúlkiniń hámmesin de maqtaǵanım joq, onıń ishinde bir kúlki bar – quday jaratqan ornı menen ishten, kókirekten kelmeydi, qoldan jasap, sırtı menen bet-awzına dúzep, kulkini sánlep, sulıwlıq ushın kúletuǵın boyama kúlki”, – degen ullı Abaydıń ózi ráhátlenip kúliwden baslap, olardıń ishki-sırtqı sıpatlarına sholıp ótedi [1:100-101].

Jazıwshı bul gúrrińinde qanday da bir kásip iyesin alıp qaraǵan bolsa da, sol kásip arqalı basqa usı kásipke uqsas insanlardıń obrazı beriwge háreket etkenligin kóremiz. Abaydıń sózleri menen aytqanda, avtor kóz astına alǵan yumorlıq obrazǵa shın ıqlasıń menen kúliwiń kerek, bul gúrrińde de obrazlardıń jaǵdayı kúlkili hám ashınarlı edi.

Hárbir kórkem obraz – óziniń tarıyxı, ózgeshelik, psixologiyalıq jaqtan qaytalanbas qubılıs. Realizm ádebiyatındaǵı adam obrazları kórkemlik jaǵınan hár túrli usılda jasalıwı menen, solardıń barlıǵında da jazıwshınıń ózgeshe baǵdarı usı obraz arqalı kitap oqıwshıǵa tásir etiw, kewline oy salıw, jaqsılıqqa tárbiyalaw kerek. Tárbiyalıq tásir etiwdiń jolı da júdá kóp: tikkeley úlgi usınıp, durıslılıqtı kórsetiw, unamsız jaǵdaylar arqalı neshe obrazlardı súwretlew bar. Satira “aqır-aqıbetinde obrazdı sınawǵa, dártti jeńillestiriwge, islewge bolmaytuǵın kórinislerdi áshkaralay otırıp, tárbiyalaw tiyis” [3:192].

Álbette, ádebiyattaǵı yumordı tek qubılıstı yamasa subyektti kerisinshe kórsetiw, joqqa shıǵarıw, kúlki etiw quralı dep bir tárepleme alıp qaraw qáte boladı.

Epikalıq shıǵarmalarda, sonıń ishinde gúrrińlerde qaharman obrazınıń jaratılıwı tiykarǵı orındı iyeleydi. Jazıwshılardıń idealı tiykarında jaratılıp atırǵan qaharmanlar obrazına dúnya hám ruwxıy álemde júzege kelip atırǵan jetiskenlik hám kemshilikler sińdirilip kelinbekte. Bul bolsa, álbette, oqıwshı sanasına tásir etpey qoymaydı. Dóretiwshiler de áne usı maqsetti jáne de kúsheytiw maqsetinde insannıń sanasına tereńirek kirip barıwǵa hám onda júz berip atırǵan ózgerislerdi ózleri jaratıp atırǵan qaharmanlar obrazına sińdirip barıwǵa háreket etip kelmekte. Qaharman obrazı onıń sózinde, portret súwretlemesinde, avtor táriypinde hám is-háreketler bayanında kórinedi. Bul faktorlar birlesip, kitap oqıwshısı kóz aldına real insan obrazı sáwlelenedi.

Haqıyqatında da S.Jumaǵulovtıń qaysı gúrrińin alıp qaramayıq, onda jámiyettegi insanlardıń obrazı real túrde súwretlengenin iń gúwası bolamız. Mısalı, “Montyordiń monologı” gúrrińin alıp qarayıq. Shıǵarma atamasınan kórinip turǵanınday montyor kásibi haqqında sóz etilgen. Gúrriń qaharmanı Qalbay montyor. Ol óz waqtında sovxozda partkomnan keyin tilge alınatuǵın adam bolǵan. Sol waqıtta toy-merekeden tuppa-tuwrı telejka menen onıń úyine “molla pay” degendey “montyor pay” jiberiletuǵın bolǵan. Eger ‘montyor pay” jiberilmese togın óshirip taslaytuǵın adam bolǵan eken. Mısalı,

*Sovxozımızdaǵı Ótebay dúkanshı súnnet toy berdi ǵoy. Oy, jaman. Bizge “montyor pay” jibermepti. Áne, sonda tamasha boldı. Qonaqları endi ortaǵa tabaqtı ala bergende “zamıkanie” dep sovxozdıń svetin óshirdim de tasladımǵoy. Sonnan beri kelip jalınadı. Tıńlamadım. Awıldıń jası úlkeni Nurjan aǵaǵa deyin araǵa tústi-aw. Tıńlamadım. Tań aldında transformatordı jortaǵa uzaq remontlaǵan bolıp, zorǵa jaqtım.*

*Kúlemen-aw, eki jıldan keyin usı Ótebay dúkanshı kelin túsirip jáne toy berdi. Biysharanıń kózi qattı qorqıp qalıptı. Toydan bir kún burın qarasam, úydiń janındağı transformatorğa bir ılaqlı eshkini "montyor pay" dep baylap ketipti" [4:37].*

Kórinip turğanınday, Qalbay montyor pul dese hámme nárseni islewge qayıl insan obrazında súwretlenedi, bunı tek ğana óziniń kásibi arqalı isleydi. Óz kásibinen nápsisi jolında paydalanatuğın insanlar da joq emes, álbette. Ol usı "montyor pay"dı almasa adamlardıń togın óshirip, ózi bolsa arqayın kúlip otıratuğın dárejede ar-namısın satqan adam. Ol tek ğana "montyor pay" bermegen adamlardı ğana emes, al balasın urıp jibergen adamğa ashıwlanıp, awılında bolıp atırğan namazğa da qaramay tokti óshirip taslaydı. Sebebi, qaytıs bolğan adamnıń balası Qalbaydıń balasın urıp jibergen eken. Bul jağday jazıwshı tárepinen tómendegishe súwretlengen:

*Tiye bersin Xojabay araq iship suwğa ketip ólgende de bir basa-bas boldı. Onıń kishkentay balası biziń bala menen oynap júrip "Ákeń montyor bolğanına maqtanba?" dep urıp, murnın daladay qan qılıp jiberipti. Ashıw ne qıldırmaydı, ólige de qarağanım joq. Transformatorğa bardım da, svetti óshirip tasladım. Sonnan soń úyde basa bas bolğan. Qarańğıda talay ayaq kiyimler awmasqan, birewdiń kiyimin birew kiyip ketken. Mápriwza kempir úyindegi qonaqlarğa taza sorpa dep, bir tabaq juwındını aparğan. Qıdırbay qarańğıda kórmey, qazan-tabaqtı jalawğa kelgen iyt shığar dep, dalada otırğan Ótep mollanı keseklegen. Qullası, kóp qırğın bolğan-aw... [4:37].*

Usı qatarlardan kórinip turğanınday-aq, Qalbay montyordiń obrazı ele de tolıq ashıladı. Ol ózinen basqanı oylamaytuğın insannıń obrazında súwretlenedi. Jazıwshı bul gúrrińdi yumorlıq gúrriń sıpatında alıp qaraydı. Bul gúrrińdi yumor degennen satira dep bahalasa maqsetke muwapıq bolar edi. Gúrrińdi oqıp otırıp insanda hesh qanday kúlki tuwdırmaydı, kerisinshe adamnıń ashıwına tiyiwi sózsiz. Qalbay ózi montyor bolıp, adamlardıń togın óshirip taslay beretuğın bolğanı ushın, oğan hesh kim sóylemew kerek. Eger sóylep qoysańız yamasa toy-sadaqada hayalına tómenlew shıt-shúberek berseńiz barıp togıńızdı óshirip kele beredi. Usınday qásiyetti ózine jámelegen obraz awıldan qalağa kóshkende biraz qıynaladı. Biraq, ol bunıń da jolın tawadı. Adamlardıń úyine ózin qalalıq elektr tarmaqları tarawında monter bolıp isleytuğın adam sıpatında tanıstıradı. Bul boyınsha ózine qızıl knijka alıp qoyıptı. Sherigi Tawbay menen birgelikte "leviy" basıp turadı. Birinshi Qalbay úylerdi aralap, neshe aydan berli tokqa pul tólemegenlerdiń tokların qıyıp ketedi. Ol tekserip bolğannan keyin sherigi Tawbay velosiped penen sol kósheden ótip, svetlerin jağıp beredi. Tawbay jiynağan pullardı ortağa qoyıp, keyin ekewi ortağa túsken pullardı bólisip aladı. Usı waqıya arqalı Qalbay obrazı pútkilley ashıladı. Haqıyqatında da, gúrrińdi birinshi oqığanıńızda júzińizde azmaz bolsa da kúlki juwıradı, degen menen usınday insanlardıń jámiyetimizde jasap, xalıqtı aldawı ashınarlı jağday ekenin kórip tóbe shashımız tikke turadı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, Saylawbay Jumağulov sońğı jılları jazılğan yumorlıq gúrrińleri arqalı aynalamızdağı júz berip atırğan hár qıylı kemshiliklerdi satiralıq til menen emes, al yumorlıq kúlki menen "emlewge" háreket etip otır. Haqıyqatında da, jazıwshınıń ayırım yumorlıq gúrrińlerinde jan átirapımızda usınday insanlardıń bar ekenligi, onı kúndelikli turmısta kórip júrgenligimiz gúrriń oqıp otırıp kóz aldımızğa keledi hám adamnıń júzinde biraz bolsa da kúlki juwıradı. Biz, bul maqalamızda S.Jumağulovtıń ayırım yumorlıq gúrrińlerinde yumorlıq obrazlar sisteması haqqında aytıp óttik, onıń bunday mazmundağı gúrrińleri ele de kópshilikti quraydı.

**Ádebiyatlar**


1. Абай. Еки томдық шығармалар жыйнағы. II Том. – Алматы: «Жазыўшы», 2020.
2. Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-каракалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994.
3. Кожекеев Т. Қым-қуыт здер. – Алматы: «Санат», 1999.
4. Жумағулов С. Мениң ҳаялым жазыўшы. – Нөкис: «Арал» журналы редакциясы, 1992.

# A.ÁBDIEVTIŃ «BÚRKIT ShÍŃ» ShÍǴARMASÍNDA OBRAZ JASAW ÓZGEShELIGI

**Ktaybekova Zulfiya Kengesbaevna** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
ktaybekova77@mail.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ОСОБЕННОСТИ СОЗДАНИЯ ОБРАЗА В ПРОИЗВЕДЕНИИ А.АБДИЕВА «ВЕРШИНА ОРЛА»

**Ктайбекова Зулфия Кенгесбаевна** – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# CHARACTERISTICS OF IMAGE CREATION IN A.ABDIEV'S WORK "EAGLE'S PEAK"

**Ktaybekova Zulfiya Kengesbaevna** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** hikoya, animalistika, qushlar, hayvonlar, syujet, kompozitsiya, obraz, inson, tabiat, ramz.

**Rezyume.** Qoraqalpoq yozuvchisi A.Abdievning "Burgut cho‘qqi" hikoyasida obraz yaratish xususiyatlariga badiiy tahlil qilingan. Hikoyada yozuvchi tomonidan burgut hayoti orqali inson taqdiri, tabiat qonuni, halollik bilan or-nomus masalasining so‘z yuritilganligi o‘rganilgan. Asardagi burgut, arqar, qarg‘a va boshqa obrazlar orqali tabiatdagi tiriklik uchun kurash, kuchli bilan ojizning munosabati ochib berilganligi misollar asosida talqin etilgan.

**Ключевые слова:** рассказ, анималистика, птицы, животные, сюжет, композиция, образ, человек, природа, символ.

**Резюме.** В рассказе каракалпакского писателя А.Абдиева «Вершина орла» проведен художественный анализ особенностей создания образа. В произведении писатель изучает судьбу человека, закон природы, вопрос честности и чести через жизнь орла. На основе примеров интерпретируется, что через образы орла, архара, вороны и других в произведении раскрывается борьба за существование в природе, взаимоотношения сильного и слабого.

**Key words**: story, animal studies, birds, animals, plot, composition, image, human, nature, symbol.

**Summary.** In the short story "Eagle Peak" by the Karakalpak writer A. Abdiev, the features of image creation are artistically analyzed. In the work, the writer examines the issue of human fate, the law of nature, honesty and honor through the life of the eagle. The struggle for survival in nature, the relationship between the strong and the weak, is interpreted through examples of the eagle, argali, crow and other characters in the work.

**Kirisiw**. A.Ábdiev házirgi dáwir ádebiyatında óziniń bir qatar prozalıq shıǵarmaları menen keńnen tanılǵan kórkem sóz sheberlerinen biri. Onıń qáleminen «Mal qora», «Búrkit shıń», «Awır jaza», «Qıyalparaz urlıqshı», «Nashúkir», t.b. sıyaqlı gúrrińleri hár qıylı tematikalarǵa qurılǵanlıǵı menen ayrıqshalanıp turadı. Ásirese, jazıwshınıń «Búrkit shıń» atlı gúrrińinde qartayǵan búrkittiń ómiri arqalı insan táǵdiri, tábiyat nızamı, hadallıq penen ar-namıs máselesin súwretleydi.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Jazıwshınıń «Búrkit shıń» atlı shıǵarması haqqında ózbek ádebiyattanıwshısı Ǵayrat Májit tómendegishe pikirlerdi bildiredi: «Sóz sheberi búrkit tımsalı arqalı insan ómiriniń bálent-pásin júdá isenimli súwretlegen. Jazıwshı mártlik, bir sózlilik, dawjúreklilikti ulıǵlasa, satqınlıq, jaltaqlawshılıq, ekijúzlilik sıyaqlı illetlerdi qaralaydı» [3] Al, ádebiyat sınshısı J.Esenov jazıwshınıń kórkem dóretiwshiligin joqarı bahalaydı: «Allanazar Ábdiev házirgi dáwir qaraqalpaq prozasında filosofiyalıq oy basım jazıwshı sıpatında ózgeshelenedi» deydi [2:96]. Jáne de, Á.Ábdievtiń prozalıq shıǵarmaların talqılay otırıp, professor P.Nurjanov bılay jazadı: «ol waqıya hám hádiyselerdi qurı dizip súwretlewden waz keship, olardı kórkem–psixologiyalıq súwretlewdiń álwan túrlerin qollanıw arqalı sáwlelendiriwge háreket etedi» [1:113-114]. Al, izertlewshi Sh.Ashurova kórkem ádebiyatta quslar hám haywanatlar obrazın ashıp beriwshi shıǵarmalar hám olardıń ózine tán ózgesheligi haqqında tómendegi pikirlerdi keltiredi: «Quslar hám haywanlar haqqındaǵı ápsanalar, mákkar janzatlar haqqındaǵı ertekler, ájayıp maqluqlar haqqındaǵı tımsallar hám fantastikalıq xarakterli estelikler, haywanlar saltanatı haqqında gúrrińetiwshi epikalıq poemalar hám satiralıq povestler – animalistikalıq ádebiyattıń tolıq bolmaǵan kórkem formaları, áne, usılardan ibarat. Biz de joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, bas qaharmanları yamasa tiykarǵı personajları jániwarlar bolǵan kórkem ádebiyattıń gúrrińpovest hám romanların da animalistikaǵa tiyisli shıǵarmalar dep esaplaymız» [5:11].

Izertlewdiń júzege keliwinde kórkem-estetikalıq, strukturalıq-poetikalıq analiz metodlarınan paydalanıldı. Kórkem-estetikalıq talqılaw shıǵarmanıń ideyalıq-kórkemligin mazmunın, estetikalıq tásirsheńligin asırıwǵa ham de avtordıń sheberligin bahalawǵa múmkinshilik berse, strukturalıq-poetikalıq analiz shıǵarmanıń syujet hám kompoziciyasın, obrazlar sistemasındaǵı wazıypaların anıqlawǵa xızmet qıladı.

**Talqılawlar hám nátiyjeler.** A.Ábdievtiń «Búrkit shıń» gúrrińinde qartayǵan Ata búrkittiń ómiriniń sońǵı waqıtları arqalı ómir menen ólim, hadallıq, jalǵızlıq, ar-namıs hám tábiyat zańlılıǵı tereń filosofiyalıq tiykarda ashıp beriledi. Shıǵarmanıń ideyalıq mazmunı bir neshe filosofiyalıq hám adamgershilik principleriniń birligine qurılǵan bolıp, avtor búrkittiń ómirin sáwlelendiriw arqalı tek tábiyat qubılısların ǵana emes, al adamnıń turmıslıq principlerin, morallıq juwapkershilik hám ruwxıy jaqtan adamgershilik pazıyletleriniń biyikligin súwretleydi.

Gúrrińde dáslep ar-namıs, hadallıq hám súyispenshilik ideyaları jetekshilik etedi. Shıǵarma syujeti Ana búrkit penen Ata búrkit bir neshe jıllar tınısh-tatıw, baxıtlı turmıs keshiriwinen baslanadı. Gúrrińniń bas qaharmanı Ata búrkit, dáslep, shańaraq ǵamxorshısı, kúshli ańshı sıpatında súwretlenedi. Ana búrkit penen balaların tárbiyalap, tábiyat zańı arqalı tirishilik etedi. Olar júdá baxıtlı ómir súredi. Bir kúnleri Ana búrkit waqıt-demi tawsılıp, qazalanadı. Oǵan úyrenisip qalǵan Ata búrkitke bul dúnya tar kórinip, hesh

nárseniń qızıǵı qalmaydı, jekkesirep, saǵınısh azabı júregin órtep, jalǵız ómir súriwden mánis-mazmun tappaydı. Qartayǵan sayın kúshi qaytıp, hesh nársege zawqı soqpay, ań awlawǵa da qızıǵıwshılıǵı sóne baslaydı. Ata búrkittiń bunday jalǵızlıq hám ayralıqqa duwshar bolıwı onıń óz yarına degen sheksiz súyispenshiligin bildiredi. Bul arqalı avtor adamnıń ómirindegi shın mánisindegi súyispenshiliktiń ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin joqarı bahalaǵan.

«Búrkit – jırtqısh qus. Onı lashın dep te ataydı. Ol jırtqısh bolsa da, xalıq ertek hám ápsanalarında, dástanlarda kóbirek mártlik, batırlıq hám ullılıq simvollarında epikalıq qaharmanǵa qáwender joldas sıpatında gewdelendiriledi» [6:16].

Ana búrkit gúrrińde kóp sóz etilmese de, onıń obrazı hadallıqtıń simvolı hám shańaraq uytqısı sıpatında kózge taslanadı. Ol miyrimli ana, sadıq, opadar yar, shańaraq birliginiń tiregi. Ata búrkittiń ómiri onıń óliminen keyin ulıwma ózgerip ketedi. Bul arqalı avtor ómirlik joldasınıń ornı hesh nárse menen tolmaytuǵınlıǵın kórsetedi. Yaǵnıy, Ana búrkittiń obrazı muhabbat, hadallıq hám shańaraq birliginiń simvolına aynaladı.

«Usınday ayralıq datınan júrek-bawırı ezilgen, parra-parra, tilkimlengen Ata búrkit áste-áste Jaratıwshı hámirine – mańlayına jazǵanına kónlige basladı…» [4: 74].

Ashlıqqa ushıraǵanında ol bir neshe kúnnen beri góshi aynıp, sasıǵan ólikseni hám mayda jánliklerdi jewge namıslanıp, hálsiregenine qaramastan, ata búrkit barlıq kúsh-jigerin jumsap, qoyan hám arqarlardı quwıp ketedi. I.Yusupovtıń poeziyasında quslar obrazın talqılaǵan izertlewshi Sh.Arziev búrkit haqqında bılay jazadı: «Búrkit – ásirese, túrkiy xalıqlar ádebiyatında márt, qaytpay, óz maqsetine erise alatuǵın bahadırlar tımsalında beriledi» [7:11]. Shıǵarmada Ata búrkit qartayıp, hálsirep, ashlıq azabınan qansha qıynalsa da, óz tábiyatınan tıs háreketler islemeydi. Jazıwshı búrkittiń bunday háreketleri arqalı ar-namıs – adamnıń eń joqarı ruwxıy baylıǵı ekenligin uqtırmaqshı boladı. Yaǵnıy, insannıń hár qanday jaǵdayda da, ar-namıs, hújdanın satpawı kerekligin, óz qádir-qımbatın bálent tutıwı arqalı ruwxıy jaqtan joqarı pazıyletke iye ekenligin joǵaltpawı kerekliginen derek beredi. Sebebi, biyiklik simvolı bolǵan búrkit ómir boyı biyik shıńlarda, keńislikte párwaz etken tirishilik iyesi sanaladı.

Ata búrkittiń ómiriniń sońında da kókke kóteriliwi, tuwǵan uyasına qaytıp, jan tapsırıwı – shıǵarmanıń eń tereń filosofiyalıq tiykarı bolıp tabıladı. Bul kórinis adamnıń tuwǵan jerge degen tereń súyispenshiligin, qaharmannıń erkinligin, ar-namıslılıǵın, ana Watanǵa degen sadıqlıǵın bildiredi. Avtor quslar patshası bolǵan búrkit obrazı arqalı ideal tulǵanıń modelin jasaydı. Búrkit – ápiwayı qus emes, ol erkinliktiń, batırlıqtıń kórkem simvolı dárejesine kóteriledi.

Jaslıq waqtında barlıq jániwarlar qorqatuǵın ata búrkittiń qartayǵan payıtında hálsirewinen paydalanǵan ǵarǵa onıń kózin shoqıp aladı. Mısalı: «Bir zoń ǵarǵa Ata búrkittiń birazdan berli qıymılsız qalǵanın óldige jorıp kózin shoqıp aldı. Sonda shala jan ata búrkitti ózin qorǵaytuǵın búrkit atawlınıń joqlıǵı qattı qınjılttı. Qattı ashıwı keldi, buyırqandı, qanı tastı. Burın janına jolaw túwe aspannan jerge túsken kóleńkesinen qorqıp, tıǵılarǵa tesik tappay qalatuǵın zoń ǵarǵanıń bul qılıǵı, azarı jeti júyresinen ótip, qanın qozdırıp, denesin silkintti. Ol búytip qorlanıp óliwden arlandı» [4:78]. Bul arqalı avtor biylik etiw, kúsh, ataq, dańq, mártebe – bulardıń barlıǵı waqıtsha ekenligin, al, ar-namıs penen ruwxıy tazalıq – máńgilik degen oydı jetkerip beredi. Mısalı: «Jáne kózin shoqıwǵa qayımlasqan zoń ǵarǵanı basınan tislep alıp, Ata búrkit bar kúshin saldı: ayaqların jerge tirep, túrgeldi, sırqılsa da ata qanındaǵı – tegindegi – negizindegi búrkitlerge tán sońǵı demi aldındaǵı jigerli – kúshti jıynap, qanatların jeńil qaǵıp, áste aspanǵa kóterilip ushtı. Tuwrı diń aspan – shıń basın názerledi. Ashırqasa da sasıq zoń ǵarǵanı jemey, basın tumsıq penen ezgilep-ezgilip jiberip óltirip, jerge taslap – «túpirip» jiberdi» [4:78].

Jazıwshı zoń ǵarǵa obrazı arqalı jámiyetimizde ayırım adamlardıń kúshli adam hálsiregenin sezgen payıtlarda paydalanıp ketetuǵın kimselerdi sınǵa alǵan. Sonlıqtan zoń ǵarǵa shıǵarmada opasızlıqtıń, qorqaqlıqtıń hám ruwxıy jarlılıqtıń simvolı sıpatında súwretlenedi.

Quslar obrazı poetikasın izertlewshi M.Muxammadiyeva bılay jazadı: «Simvollıq quslar obrazlarınıń ádebiyatqa kirip keliwi xalıq awızeki dóretiwshiligine barıp taqaladı. Dáslep, insanlardıń ruwxı da qus sıpatında kóz aldımızda sáwlelengen. Xalıq awızeki dóretiwshiliginde Búlbil, Kepter, Qarlıǵash, Bódene, Qumırı sıyaqlı quslardıń unamlı ózgeshelikleri simvollıq-tımsallıq mánini ańlatsa, Ǵarǵa, Bayıwlı, Hákke sıyaqlı quslardıń unamsız ózgesheliklerine kóbirek itibar qaratıladı» [8:23]. Demek, gúrrińde ǵarǵa obrazı unamsız obraz sıpatında súwretlengen. Ol hálsiregen ata búrkittiń dármansızlıǵınan paydalanıp, hújim jasawı arqalı búrkittiń ar-namısın oyatıp, erlik kórsetiwine sebepshi boladı. Hátteki, ash bolıwına qaramastan, ózine dushpanlıq islegen ǵarǵanı jemey, jerge basın úzip, ılaqtırıwınan ata búrkittiń qanına sińgen qaysarlıǵı hám mártligi kórinip turadı.

Arqar – kúshli, erkin hám qaysar jániwar. Ol gúrrińde ata búrkittiń sońǵı oljası sıpatında sáwlelenedi. Arqar obrazı arqalı jazıwshı ómir ushın gúresiwdiń áhmiyetliligin hám tábiyattaǵı kúshtiń ayrıqshalıǵın kórsetip bergen.

Túlki, qasqır, shaǵal, quzǵın, iytelgi, tuyǵın, kiyik, qulan, qırǵawıl, hákke, quzǵın hám basqa da quslar menen jániwarlar shıǵarmanıń tábiyiy ortalıǵın qáliplestiredi. Olar tábiyattaǵı tirishilik ushın gúresti, kúshli menen ázziniń qarım-qatnasın kórsetip bergen.

Gúrrińdegi waqıyalar xronikalıq syujet tiykarında berilgen. Sebebi shıǵarmada sáwlelengen hádiyselerdiń barlıǵı Ata búrkittiń ómiriniń sońǵı máwritlerine shekemgi waqıttı izbe-izlikte bayanlap kórsetken. Shıǵarmanıń baslanıwı menen juwmaǵı kompoziciyalıq qurılısı jaǵınan sheńberli kompoziciyaǵa qurılǵan bolıp, bir keńislikte, yaǵnıy, búrkittiń uyasınan baslanıp, sol jerde juwmaqlanadı. Usı arqalı shıǵarmanıń kompoziciyası qaharmannıń tutas ómir jolın tolıq ashıp, tiykarǵı ideyanıń tásirli jetkeriliwine xızmet etedi.

Shıǵarmada tábiyattaǵı súwretlewler qaharmanlardıń kewil-keypiyatı menen tıǵız baylanıslı halda, qaharmannıń sırtqı háreketleri hám ishki psixologiyalıq keshirmeleri menen qatar rawajlanıp otıradı. Mısalı: «Ata búrkit shıń basına – jerden dem alıs aspan artındaǵı óz qásiyetli de – qásterli, ıssı da – márgiyalı, úyrenisken uyasına jetip quladı. Endi, bul jerge ushıp kelip, onıń kózin shoqıp, etin jewge hesh bir qus, ańnıń júregi daw bermewin sezgen halda kewli bir jaǵınan toq, ekinshi jaǵınan, óziniń de ózi qusaǵan aybatlı da, omırawlı búrkittiń qalmaǵanı, yaki basqa bir er

júrek qus atawlınıń bolmaǵanı kewlinde kúyinish uyalatqan halda, bunıń aqıbeti dúnyanı astın-ústin etetuǵın páleketke alıp kelmes pe eken, degen oyda ata búrkit mazalı, máńgi uyqı qushaǵına enip barar edi» [4:79]. Búrkittiń ómiriniń sońǵı máwritleri arqalı tábiyattıń máńgilik nızamı, erlik penen mártliginen derek berse, ózi sıyaqlı aybatlı tulǵalardıń azayıp ketiwine ókiniwi, jámiyet hám tábiyat ushın úlken qáwip tuwǵızatuǵınlıǵı úlken qáweterge saladı.

**Juwmaq**. Juwmaqlap aytqanda, A.Ábdiev «Búrkit shıń» gúrrińi ómirdiń mánisin tereń túsiniwge, adamgershilik pazıyletlerdi ulıǵlawǵa baǵdarlaytuǵın filosofiyalıq mazmundaǵı kórkem shıǵarma. Jámiyettegi hár bir adam qıyınshılıqqa jeńilmesten, Búrkit sıyaqlı óziniń qádir-qımbatın saqlay alatuǵınday hadal bolıw zárúrligin uqtıradı. Bul gúrriń arqalı batırlıq, ar-namıstı, adamgershilik pazıyletlerdi qásterlewge hám kelesi áwladqa jetkeriwge baǵdarlaydı.

**Ádebiyatlar**

1. Нуржанов П. Тынып-тыншымас талант. Әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Билим», 2023.
2. Есенов Ж. Бүркит пәрўаз дөретиўши. – Ташкент: «Adabiyot», 2024.
3. Ғайрат Мажид. Бургут чўққисини кўзлаган эран. //https://ziyouz.uz/ilm-va-fan/adabiyot/gayrat-majid-burgut-choqqisini-kozlagan-eran/
4. Әбдиев Ә. Қарақалпақ қосығы. – Ташкент: «Tamaddun», 2021.
5. Ашурова Ш. Инглизабон Ғарб адабиёти ва ўзбек адабиётида анималистика жанри хусусиятлар (Э.Сетон-Томпсон ва Н.Норқобилов ижоди мисолида): Филол. фан. б-ча фалс. док (PhD) дис. автореф. – Тошкент, 2020.
6. Жумаев А. Ўзбек ва немис эртакларида қушлар образи типологияси ҳамда спецификаси: Филол. фан. б-ча фалс. док (PhD) дис. автореф. – Бухоро, 2022.
7. Arziev Sh. I. Yusupov she’riyatida qushlar obrazi: Filol. fan. b-cha fals. dok (PhD) dis. avtoref. – Nukus, 2025.
8. Muxammadiyeva M. Qushlar obrazi poetikasi ( «Husni dil», «Rohati dil», «Zarbulmasal» misolida): Filol. fan. b-cha fals. dok (PhD) dis. avtoref. – Toshkent, 2026.

# FOLKLOR PROZASÍNDAǴÍ "GÚNA" KONCEPTINIŃ TÚRLERI: DINIY HÁM SOCIAL-TURMÍSLÍQ GÚNA

**Qalbaeva Gulparshın Sarsenbaevna –** *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
Kalbaevagul1977@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ТИПЫ КОНЦЕПТА «ГРЕХА» В ФОЛЬКЛОРНОЙ ПРОЗЕ: РЕЛИГИОЗНЫЕ И СОЦИАЛЬНО-БЫТОВЫЕ ГРЕХИ

**Калбаева Гулпаршын Сарсенбаевна –** *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# TYPES OF CONCEPTS OF "SIN" IN FOLKLORE PROSE: RELIGIOUS AND SOCIAL- SECULAR SINS

**Qalbaeva Gulparshın Sarsenbaevna -** *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** gunoh, ijtimoiy-maishiy gunoh, motiv, syujet konstruktor, taqiq, jazo, epikalıq matn tarkibi, didaktik funksiya.

**Rezyume.** Ushbu maqolada "Gunoh" konceptining folklor nasri matn tarkibidagi mantiqiy tuzilishi, konseptual va badiiy xususiyatlari jihatidan farqlanuvchi diniy gunoh va ijtimoiy-maishiy (dunyoviy) gunoh tushunchalarining mazmuniy jihati tahlil qilindi, mantiqiy tuzilishi va didaktik vazifasi ko'rib chiqildi.

**Ключевые слова:** грех, социально-бытовые грехи, мотив, сюжетный конструктор, запрет, наказание, структура эпического текста, дидактическая функция.

**Резюме.** В статье анализируется логическая структура понятия «грех» в текстах фольклорной прозы, а также содержание понятий религиозного и социально-бытового (мирского) греха, различающихся по своим концептуальным и художественным характеристикам, кроме того, рассматриваются их логическая структура и дидактическая функция.

**Key words**: sin, "social- secular" sin, motive, plot constructor, prohibition, punishment, structure of an epic text, didactic function.

**Summary.** The article analyzes the logical structure of the concept of "sin" in folklore prose texts, as well as the content of the concepts of religious and socio-secular sin-which differ in their conceptual and artistic characteristics – and examines their logical structure and didactic function.

**Kirisiw.** Dástúriy xalıq mádeniyatında gúna kategoriyası sananıń diniy, morallıq-etikalıq tarawına kirgizilgen bolıp, ol eramızǵa shekem bolǵan dáwirde de insan jáne onıń átirapındaǵı dúnya haqqındaǵı áyyemgi mifologiyalıq túsinikler menen qáliplesken úrp-ádetler hám máresimlerdiń pútkil kompleksine ámel qılıw menen baylanıslı kúndelik minez-qulıq normaların belgilep bergen.

Folklor prozasında gúna koncepti jámiyettegi nızam-qaǵıydalarǵa yamasa Quday tárepinen ornatılǵan nızamlılıqlarǵa (yamasa kult, totem, pirler, diniy ustazlarǵa) qarsı shıǵıw nátiyjesinde diniy-etikalıq, ádep-ikramlıq normalarǵa say kelmeytuǵın is-háreket hám minez-qulqlardı qaralaw ushın qollanıladı. Mısalı, Quday tárepinen yamasa social-jámiyetlik dúzim (urıw-qáwim, etnos úrp-ádetleri, sahra nızamları hám ekologiyalıq mádeniyat penen baylanıslı) tárepinen qadaǵan etilgen (tıyım salınǵan) islerdi islew, tákabbırlıq, boysınbawshılıq, menmenlik, sıqmarlıq, satqınlıq, qıyanet, buzıqshılıq, antın buzıw, ata-anaǵa húrmetsizlik qılıw, dosqa qıyanet etiw sıyaqlı jaǵdaylar tekstte "gúna" sıpatında qaralıp, qattı qaralanadı. Sonıń menen birge "gúna" koncepti shıǵarmanıń kórkemligin támiynlewshi qural yamasa teksttiń kompoziciyalıq dúzilisin qurıwshı (konstruktor) baslı element emes, al jaqsılıq hám jamanlıqtı ayırıwǵa xızmet etiwshi, sonday-aq dóretpeniń tárbiyalıq (didaktikalıq) mazmunın támiyinlewshi qural bolıp tabıladı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Sońǵı jıllarda "Gúna" koncepti boyınsha lingvistika, mádeniyattanıw, filosofiya, folklortanıw hám basqa da pán tarawları ilimiy kózqarasınan hár qıylı aspektlerdegi salmaqlı ilimiy izertlewler payda boldı [6,7,9]. Sonıń menen birge, etnografiyalıq hám social pánleraralıq tarawlardıń (social lingvistika, kognitiv lingvistika, lingvomádeniyattanıw, etnolingvistika hám basqalar) rawajlanıwına baylanıslı ilimiy izertlewlerde "Gúna" túsinigi hár tárepleme izertlew obyektine aynaldı.

Bul temanıń teoriyalıq tiykarların ashıp beriwde rus, slavyan hám de túrkiy folklorshı alımları tárepinen gúna kategoriyasınıń individual tárepler in anıqlawǵa, ayırım folklor janrlarınıń ayırıqsha ózgesheliklerin úyreniwge, tekstlerdiń syujet dúzilisi, tematikalıq toparları hám olardıń mazmunı hám diniy-etikalıq qádiriyatların xarakteristika-lawǵa arnalǵan ilimiy miynetlerge súyenildi. Atap aytqanda, S.B.Alpatov [1], M.Avzalov [2], V.Y.Propp [5], S.M.Tolstaya [6], G.P.Fedotovlardıń [8] ilimiy izertlewlerindegi teoriyalıq pikirleri basshılıqqa alındı.

"Gúna" termininiń mánisleriniń pútkil spektri-lingvistikalıq, gnesologiyalıq, dogmatikalıq, folklor-mifologiyalıq túsindirmeleri kórip shıǵıldı.

Izerlewdiń júzege keliwinde – tipologiyalıq, salıstırma-tariyxıy, strukturalıq analiz metodlarınan paydalanıldı.

**Talıqlawlar hám nátiyjeler.** "Gúna" koncepti diniy táliymatlardıń tiykarǵı túsinikleriniń biri, ol nızamsızlıq, Qudaydıń ámirlerin buzıw degendi ańlatadı.

Folklor shıǵarmalarında "gúna" syujetti háreketlendiriwshi– konfliktti júzege keltiriwshi mexanizm. Qaharmanlar arasındaǵı tiykarǵı konfliktler kóbinese qaharmanlardıń gúna islewinen baslanadı.

1. Diniy gúna – bul Quday tárepinen (iláhiy kúshler) ornatılǵan tártip-qaǵıydalardıń buzılıwı.

2. Social-turmıslıq (dúnyalıq) gúna bolsa social-jámiyetlik nızamlardıń hám morallıq-etikalıq teń salmaqlıqtıń buzılıwı bolıp tabıladı.

Dúnya xalıqları folklorında sonday aq, diniy kitaplarında "gúna" túsinigi Adam Ata menen Hawa Ene beyish bağında Qudaydıń jewge tıyım salǵan (tabu) miywelerin jegennen soń dúnyada gúna payda boldı, dep túsindiriledi. Qadaǵan etiw (tıyım salıw, tabu) insan hám dúnya arasındaǵı teń salmaqlılıqtı tártipke salıw mexanizmi, onıń buzılıwı gúna dep tán alınadı hám ol tábiyiy apatlar, ólim, kesellik hám insan baxıtsızlıǵı menen jazalanadı. Jaza jer júzinde de, aqırette de ámelge asırılıwı múmkin; jerdegi gúnanıń aqıbeti jaman hádiyse bolıwı múmkin, onıń qunın gúnakárdıń ózi, onıń jaqınları hátteki pútkil jámiyet aǵzaları "tólewi" kerek boladı.

Ayırım folklorlıq shıǵarmalarda aytılıwınsha, gúnanıń jazasınan qutılıw jolı (pákleniw) júdá awır keshedi. Gúnakar gúnasın juwıw ushın pútkil ómiri dawamında jer bawırlap júrip (eńbeklep) qara qoydıń júni aǵarǵansha baǵadı, sonda ol keshirilgen boladı. Bunnan basqa da gúnanı juwıw usılları bayanlanadı, jeti jup temir gewishi tesilgenshe qara qoydı baǵadı, otta kúygen terektiń shaqaları jańadan bórtik shıǵarǵansha kóz jası menen suwǵaradı hám t.b. Folklor shıǵarmaları teksinde bunday jaza usıllarınıń qollanılıwı gúnanıń jazasınan qutılıw ańsat emes ekenligin dálilleydi.

Folklordıń kishi prozalıq janrlarında (ertek, ápsanalarda) diniy hám dúnyalıq gúna konceptleri tekst qurılısın eki qıylı logikalıq tiykarǵa quradı. Bul eki túsinik syujette bir-birinen tómendegi konceptual ayırmashılıqlar hám kórkem ayrıqshalıqlar menen ajıralıp turadı:

I. Folklor prozasında diniy gúna – insan hám Jaratıwshı (yamasa muqaddes kúshler) arasındaǵı vertikal qatnasıqlardıń buzılıwı bolıp tabıladı. Mısalı, Jaratqannıń ámirlerine qarsı shıǵıw, tıyım salınǵan islerdi islew, shirk keltiriw, dinshillikti nıqap etiw, diniy máresim hám rituallardı orınlawda eki júzlemeshilik etiw, táǵdirge nalınıw hám t.b.

Túrkiy xalıqlar ápsanalarında kóp duwa etip, ózin taqıwa kórsetken, biraq kewlinde menmenlik (kibr) bolǵan Abıt obraz ushraydı. Ol ózin gúnasız dep bilgeni ushın qorqınıshlı psixikalıq yamasa fizikalıq jazaǵa (mısalı, duwasınıń qabıl bolmay qalıwı) ushıraydı. Jaza tábiyatı ádetde metafizikalıq xarakterde boladı – iymannan ayrılıw, qálıb soqırlıǵı, dozaq azabı eskertiwi yamasa iláhiy ǵázepke ushırawı (topan suwı, qurǵaqshılıq).

Diniy gúna dúnyalıq (social-turmıslıq, etikalıq) gúnalarǵa qaraǵanda insan hám Jaratıwshı (yamasa onıń payǵambarları, awliyeleri) ortasındaǵı vertikal baylanıstı buzadı. Bunday mazmundaǵı áńgimelerdiń tiykarǵa motivleri menmenlik (kibr), mazaqlaw, eki júzlemeshilik, nashukirlik.

Túrkiy xalıqlardıń folklorına tán bolǵan tómendegi áńgimelerdegi, olardıń didaktikalıq hám strukturalıq dúzilisi analizine dıqqat awdarayıq:

"Azazúldiń (Iblis) menmenligi hám onıń qulawı" haqqındaǵı ápsana awızeki folklorda kúndelikli turmıslıq hám didaktikalıq túsindirmeler menen tolı oraylıq kosmogoniyalıq ápsanalar qatarına jatadı.

Ázazúl perishteler ishinde eń kóp namaz oqıp, Qudayǵa tabınatuǵın perishte bolǵan. Jer júzinde oǵan tabınbaǵan birde bir jer qalmaǵan. Quday taala Adam Atanı jaratıp bolıp, perishtelerine oǵan tabınıwdı buyırǵan. Biraq, Ázazúl menmenlenip ketedi. Ol: "Men pák ottan jaratılǵanman, ol bolsa patas ılaydan jaratılǵan, men onnan joqarıman!" – dep Adam Ataǵa tabınıwdan bas tartıptı. Bul menmenlik (kibr) gúnası ushın ol máńgibaqıy lánetlengen. Quday onı perishte kelbetinen ayırıp shaytanǵa (iblis) aylandırǵan.

Bul ápsananıń didaktikalıq funkciyası sonnan ibarat, hátte mıń jıllar dawamında shın júrekten islengen ibadatlar da menmenlik gúnası sebepli bir zamatta biykar etiliwi múmkin. Jaratqannıń qálewi (erki) aldında menmenlik eń qáwipli ruwhıy gúna esaplanadı.

Diniy ápsanalarda (sonday-aq, ibratlı ráwiyatlarda hám didaktikalıq erteklerde) kóbinese biygúna adam menen gúnakar adam ortasındaǵı báseke motivi súwretlenedi. "Zarlıqtıń menmenligi hám gúnakardıń táwbe etiwi" ápsanasında Zarlıq qırıq jıl úńgirde (jer tólede) namaz oqıwdan basqa hesh nárse qılmaǵan halda jasaydı. Ol ózin biygúna dep esaplap, ólgennen soń tuwrı jánnetke barıwına gúmansız isengen. Bir kúni úńgirdiń qasınan elge qaraqshı sıpatında tanılǵan gúnakar adam ótedi. Gúnakar adam namazxan, salıx adamdı (Zarlıqtı) kórip jılap jiberedi, ol ómiri dawamında islegen gúnalarınan pushayman boladı hám uyalǵanınan úńgirge kiriwge júreksinbey, úńgirdiń bir qaptalına kelip otıradı. Zarlıq onı bayqap, mensinbey: "Bul patas, gúnakar adam meniń qasımda otırıwǵa qalay dáti bardı" dep oylap, gúnakar adamdı quwıp jiberedi. Sol waqıtta aspannan ayan túsedi: seniń 40 jıl dawamında islegen ibadat-namazlarıń kibr sebepli, insaniyattı mensinbegeniń ushın zaya ketti, al gúnakar adam ayıbın, gúnaların moynına alıp, shın júrekten táwbe etkeni ushın keshirildi –degen saza keledi.

Bul ápsananıń semantikalıq júgi diniy máresimlerdi orınlawdaǵı (namaz oqıw, oraza tutıw, sadaqa beriw) ekijúzlilikler qaralanıp, Quday aldında miyrim-shápáát, kemtarlıq diniy máresimlerdi ekijúzlemeshilik penen orınlaǵannan góre abzalıraq ekenligin dálillewdi maqset etedi.

Tárbiyalıq áńgimelerdiń eń joqarı didaktikalıq shıńı – dúnyalıq gúnanıń diniy gúna dárejesine kóteriliwi bolıp tabıladı. Mısalı, joqarıdaǵı sóz etken ápsananıń jáne bir variantında uzaq jıllar dawamında Qudayǵa sıyınıp duwa etken Zarlıq menmenligi sebepli beyishke ılayıq kórilmeydi, biraq joldaǵı shóllegen iytke gewishi menen suw bergen ápiwayı gúnakár insan gúnalarınan páklenedi. Bul jerde dúnyalıq miyrim-shápáát (sawap) diniy rásmiylikten ústin qoyılıwı arqalı tekst óziniń eń gózzal didaktikalıq oy-juwmaǵına iye bolǵan.

Qaraqalpaq ápsanalardaǵı diniy gúna konceptine tiykarlanǵan sufistlik kózqaraslar, Islam dini dogmaları hám de muqaddes shaxslar (áwliyeler, anbiyalar, Xızır/Qıdır ) obrazları menen baylanıslı halda súwretlenedi.

Orta Aziya xalıqları folklor prozasında payǵambarlar hám awliye-anbiyalardı, suwpılardı hurmet qılmaslıq haqqındaǵı ápsanalar júdá kóp ushırasadı. Xoja Ahmed Yassawiy, Bahawatdin Naqshband, áwliye haziret Qızır (Xilal) haqqındaǵı ápsanalar ayrıqsha orın tutadı. Olardı húrmet etpew gúnası har dayım materiallıq yamasa fizikalıq joq bolıp ketiw menen jazalanadı. Bir ápsanada Qızır payǵambar yamasa ataqlı áwliyeniń tilenshi, qálender kórinisinde bay húkimdardıń aldına barǵanlıǵı haqqında aytıladı. Óz baylıǵı kózin kór qılǵan bul bay húkimdar esigine tilenshi, qálender kórinisinde kelgen qonaqtı aydap, quwıp jiberedi, izinen iytlerin jiberip, masqara etedi, qatqan nan beredi. Qálender ketiwi menen húkimdardıń baylıǵı

kúlge aylanadı, qudıqları qurıydı, ózi bolsa maqaw keselge shatıladı.

Bunday mazmundaǵı áńgimelerde súwretlengen gúna hám onıń artınan kelgen jaza, qáweterler arqalı sociallıq minez-qulıq normaları tártipke salınadı. Hár qanday tilenshi, qálender Qudaydıń elshisi bolıwı múmkin hám miymandoslıqtan bas tartıw yamasa iymandı masqaralaw Jaratqannıń Ózine qarsı islengen gúna menen teńlestirilgen.

Qaraqalpaq ápsanaları, ráwiyatları hám mifologiyalıq áńgimeleri syujetinde diniy gúna (Islam dogmaları menen baylanıslı) hám social-turmıslıq (dúnyalıq) gúna (úrp-ádetler, sahra nızamları hám ekologiyalıq mádeniyat penen baylanıslı) konceptleri óz ara sintezlesken halda folklor prozasınıń etikalıq hám sociallıq normalar irge tasın quraydı. Bunday epikalıq teksttiń jámiyetke tásiri qanday – yaǵnıy tekst sociologiyası kózqarasınan bul eki koncept ápsanalar syujetinde ayırıqsha emocionallıq tásirler, etikalıq qadaǵan etiw (tıyım salıw) hám jaza mexanizmleri arqalı kórinis tabadı.

Qudaylıqqa dawagerlik etiw hám menmenlik, tákabbırlıqtı qaralawshı áńız-ápsanalarda (mısalı, Gáwir qala yamasa Xorezmshaxlar dáwiri menen baylanıslı ápsanalarda) zalım húkimdarlar óz qúdiretine, baylıǵına isenip, ózin jer júziniń qudayı dep daǵazalaydı yamasa Allanıń erkine qarsı shıǵadı. Diniy gúná esaplanǵan bul qılmıs ushın jaza mexanizmi sıpatında aspannan órt jawıwı, qalanıń bir zamatta jer astına jutılıwı (jer jutıw) yamasa húkimdardıń shıbın yamasa jılan shaǵıwınan qayǵılı ólimge duwshar bolıwı menen jazalanadı. (Mısalı Namrud ápsanası variaciyaları).

Qaraqalpaq toponimikalıq ápsanalarında atap aytqanda, Sultan Uays tawı, Hákim ata, Shamun Nábiy zıyarat orınları haqqındaǵı ápsanalarda áwliyelerge hám muqaddes zatlarǵa húrmetsizlik aqıbetinde gúnáǵa jol qoyıladı. Qala xalqı yamasa xan elge ápiwayı tilenshi yamasa dárwish kórinisinde kelgen áwliyeni (yamasa Qızırdı) tanımay, onı mazaq etedi, masqaralaydı yamasa elinen quwadı. Bul isi ushın olar áwliyeden duwa, aq pátiya alıwdıń ornına nálet (ǵarǵıs) aladı. Bul diniy gúna izinen tábiyat ta gúnakárlardı jazalaydı: dáryalar qurıp, qum dúbeleyleri qalanı kómip jiberedi.

Diniy gúnanıń jáne bir kórinisi – kápirlik hám iymansızlıq. Islam dinine shekemgi dáwirler menen baylanıslı bolǵan áńız-ápsanalarda muqaddes dindi qabıllawdan bas tartqan, butlarǵa tabınǵan qáwimlerdiń is-háreketleri qaralanadı. Nátiyjede olardıń jasaǵan orınları jin-jıpırlar hám jawız ruwxlar mákanına aylanadı, ózleri bolsa tiriley tas háykellerge aylanıp ketedi.

II. Social-turmıslıq gúná koncepti insan hám jámiyet (urıwlıq qatnasıqları, shańaraqqa, doslıqqa sadıqlıq, erarxiyaǵa baǵınıw) arasındaǵı tártipti saqlawshı sociallıq-huqıqıy norma bolıp tabıladı. Bul koncept Islam dini nızam-qaǵıydalarınan aldın qáliplesken, sap kóshpeli etnikalıq etika, urıw-qáwim konvenciyaları, tabiyattı, materiallıq dúnyanı asıraw principlerine tayanadı.

Social-turmıslıq gúna (yamasa dúnyalıq gúna: xalıq awızeki prozada kóbirek "Obal", "zıyan", sózinde turmaw, "námártlik" dep júritiledi) – insannıń jámiyette, shańarqta, urıw-qáwim, tábiyat hám basqa da insanlar aldındaǵı qatnasıqlarınıń buzılıwı bolıp tabıladı. Social-turmıslıq gúnanıń mánisi – kisiniń haqısın jew, doslıqqa qıyanet, wádeni buzıw, ata-ananı qorlaw, nandı obal qılıw, tábiyatqa (suwǵa, terekke, haywanlarǵa, quslarǵa) zálel jetkiziw.

Mısalı: Bir bay jetimniń jerin tartıp aladı. Nátiyjede baydıń baylıǵı janıp ketedi yamasa perzentlerinen qayır kórmesligi súwretlenedi. Xalıq buǵan "jetimniń haqı tuttı" yamasa "Eshektiń haqı iytke buyırmaydı" dep baha beredi. Bunday gúnanıń jaza tábiyatı materiallıq hám sociallıq turmısta kórinetuǵın boladı – bereketten ayrılıw, el-xalıq arasında shermende bolıw, jalǵızlıq.

Nandı basıw hám azıq-awqattı ısırap qılıw eń awır social-turmıslıq gúná bolıp tabıladı. *Mizdaqxan* yamasa áyyemgi Úrgenish ápsanalarında qala xalqınıń toqshılıqtan toyıp sekirip, nan hám súttiń qádirine jetpegenligi, balalarınıń quyrıǵın nan bólegi menen sıpırǵanlıǵı súwretlenedi. Bul jerde gúna social-ekologiyalıq xarakterge iye. Írısqını jaypaw – tábiyat menen dúzilgen teń salmaqlılıq shártnamasın buzıw bolıp tabıladı. Jer bunday jámiyet adamların qabıl etpeydi jáne onıń bereketin ushıradı (as urıw dep aytıladı).

Ata-ananı narazı etken, olardıń sózin eki etken, qartayǵan shaǵında olardı taslap qashqan perzentlerdiń baxıtsızlıǵın sóz etiwshi áńgimelerde jaza mexanizmi ǵarǵıs motivi menen ashıp beriledi. Ata-ana qashıp ketip baratırǵan perzentiniń artınan ǵarǵaǵanda, perzenti hám onıń kóligi (at, túye) sahrada qatıp, tastıń úlken bir bólegine aylanadı. Bul jámiyet ishindegi ierarxiyanı saqlawshı eń qatań jámiyetlik tabu bolıp tabıladı.

Miymandoslıq hám ant (lebiz) shártlerin buzıw motiviniń syujet jelisinde shól sharayatında jolawshıǵa suw bermew, úyine kelgen músápirdi quwıw yamasa qáwimler aralıq dúzilgen kelisimdi («Ant») jeke máp jolında buzıw waqıyaları sóz etiledi. Aydalada qonaqqa turar jay bermew, onı ólimge yamasa jazaǵa tartıw awır jınayat (gúna) sanalǵan. Bunday gúnaǵa batqan adam qáwimnen aydalǵan.

Diniy hám social-turmıslıq gúna konceptleriniń sintezin salıstırmalı túrde analiz eteyik.

Qaraqalpaq ertek, áńız-ápsanaları waqıttıń ótiwi menen áyyemgi dúnyalıq qadaǵan etiw-tabulardı Islam dini nızam-qaǵıydalarına sáykeslep, integraciyalanǵan pútin bir sistemanı jarattı:

| Kriteriya | Diniy gúna | Social-turmıslıq (dunyalıq) gúna |
|---|---|---|
| **Tiykarǵı obyekti** | Quday, payǵam-barlar, áwliyeler, muhaddes orınlar | Nan (rısqı), ata-ana, urıw-qáwim aqsa-qalı, tábiyat (suw, ósimlik terek, qus-lar, haywanlar) |
| **Gúnanıń sebebi** | Shirk keltiriw, men-menlik (kibr), áwli-yeni, payǵambardı kemsitiw, jazalaw | Ashkózlik, ısırap-gershilik, jaqınla-rına zulımlıq etiw |
| **Mifolo-giyalıq jaza** | Jáhannem (dozaq) jazası, lánet, makan-jaylardıń joq bolıwı (jer jutıw) | Tasqa aylanıw (*Tas boluv*), jer jutıw, baxıtsızlıq |
| **Sociallıq funkciyası** | Insannıń ruwxın iláhiy tártipke boysındırıw | Kundelikli turmıslıq etika, etnikalıq tártip-intizam hám ekologiyalıq mádeniyattı saqlaw |

**Juwmaq.** Joqarıdaǵı analizlerge tiykarlanıp tómendegishe ilimiy-teoriyalıq juwmaq jasaymız:

Xalıq awızeki prozalıq janrlarda diniy gúna hár qanday situaciyalarda metafizikalıq aqıbetlerge alıp keledi, biraq olar tez arada real turmısqa prognoz etiledi (aqıldan azıw, bir zamatta jarlılıq, tasqa aylanıw). Bunday dóretpelerdiń didaktikalıq mazmunında kóbirek diniy dogmatism funkciyası basım keledi. Social-turmıslıq gúna shaxsqa jetkizilgen materiallıq shıǵındı qaplaw arqalı dúzetiliwi mumkin bolsa, diniy gúna (ásirese, menmenlik hám ekijúzlemeshilik) tereń ishki ruwxıy pákleniwdi (katarzis) talap etedi.

Ápsanalarınıń syujet arxitektonikasında diniy gúná kóbirek dúnyanıń makro-dárejesin (kosmos, mámleketler táǵdiri, civilizaciyalar almasıwın) tártipke salsa, social-turmıslıq gúna mikro-dárejede – hár bir shaxstıń shańaraqta, jámiyetlik ortalıqta hám tábiyat qoynında ózin qanday tutıwı kerekligin belgilewshi ámeliy sabaqlıq (didaktika) wazıypasın óteydi. Eki konceptte de juwmaqlawshı noqat birden-bir ideyaǵa – ádalat hám teń salmaqlıqtıń absolyutlıǵına xızmet etedi.

**Ádebiyatlar**

1. Алпатов С В. Повествовательная структура легенды (книжные источники и поэтика фольклорных сюжетов об искушении). Диссертация на соискание учебной степени кандидата филологических наук. – Москва: 1998.

2. Afzalov M. O‘zbek xalq ertaklari haqida. – Toshkent: «Fan», 1964.

3.Жирмунский В. М. Тюркский героический эпос. – Москва: «Наука», 1974.

4.Добровольская В Е. Несказочная проза о разрушении церквей. // Русский фольклор Материалы и исследования, Вып XXX СПб, 1999. – С. 500-512.

5.Пропп В. Я. Исторические корни волшебной сказки. – Ленинград: Изд-во ЛГУ, 1986.

6. Толстая С.М. Грех в свете славянской мифологии. // Концепт греха в славянской и еврейской культурной традиции Сборник статей, – Москва, 2000. – С. 9-43.

7. Чернейко Л.О. Лингво-философский анализ абстрактного имени. – Москва: 1997.

8.Федотов Г.П. О национальном покаянии. Федотов Г.П. Судьба и грехи России. – Москва: 2005.

9. Христофорова О.Б. Логика толкований Фольклор и моделирование поведения в архаических культурах. – Москва: 1998.

# HÁZIRGI ZAMAN QARAQALPAQ BALALAR PROZASÍNDA QAHARMAN OBRAZÍ HÁM ONÍŃ OQIWShÍ ShAXSÍNA TÁSIRI

**Qosbergenova Aysanem Muratbaevna** – *magistr*
aqosbergenova@mail.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ОБРАЗ ГЕРОЯ В СОВРЕМЕННОЙ КАРАКАЛПАКСКОЙ ДЕТСКОЙ ПРОЗЕ И ЕГО ВЛИЯНИЕ НА ЛИЧНОСТЬ ЧИТАТЕЛЯ

**Косбергенова Айсанем Муратбаевна** – *магистр*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# CHARACTER IMAGE IN MODERN KARAKALPAK CHILDREN'S PROSE AND ITS INFLUENCE ON THE READER'S PERSONALITY

**Qosbergenova Aysanem Muratbaevna** – *magistr*
*Nukus State Pedagogical Institute after named Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** qoraqalpoq bolalar nasri, qahramon obrazi, shaxs shakllanishi, bolalar psixologiyasi, badiiy matn, axloqiy tarbiya, hissiy-irodaviy sifatlar, pedagogik ta’sir, o‘quvchilar kompetensiyasi.

**Rezyume.** Maqola zamonaviy qoraqalpoq bolalar nasri va unda tasvirlangan qahramonlarning kichik maktab yoshidagi o‘quvchilar shaxsini shakllantirishdagi o‘rniga bag‘ishlangan. Tadqiqot doirasida adabiy qahramonning bolalar psixologiyasiga, xususan, ularning hissiy-irodaviy fazilatlari, axloqiy qadriyatlari va ijtimoiy moslashuviga ta’sir ko‘rsatish mexanizmlari tahlil qilinadi. Shuningdek, maqolada o‘quv jarayonida badiiy adabiyotlardan samarali foydalanish orqali bolalarda kasbiy va hayotiy kompetensiyalarni rivojlantirish bo‘yicha tavsiyalar berilgan.

**Ключевые слова:** каракалпакская детская проза, образ героя, формирование личности, детская психология, художественный текст, нравственное воспитание, эмоционально-волевые качества, педагогическое воздействие, компетенция учащихся.

**Резюме.** Статья посвящена современной каракалпакской детской прозе и роли изображенных в ней героев в формировании личности учащихся младшего школьного возраста. В рамках исследования анализируются механизмы влияния литературного героя на детскую психологию, в частности, на их эмоционально-волевые качества, нравственные ценности и социальную адаптацию. В статье также приводятся рекомендации по развитию профессиональных и жизненных компетенций у детей путем эффективного использования художественной литературы в учебном процессе.

**Key words:** Karakalpak children's prose, character image, personality formation, child psychology, literary text, moral education, emotional and volitional qualitiyes, pedagogical influence, students' competence.

**Summary.** This article is dedicated to the role of modern Karakalpak children's prose and the characters depicted in it in shaping the personality of primary school students. Within the framework of the study, the mechanisms of the literary hero's influence on children's psychology are analyzed, specifically regarding their emotional-volitional qualitiyes, moral values, and social adaptation. The article also provides recommendations for developing professional and life competenciyes in children through the effective use of fiction in the educational process.

**Kirisiw.** Búgingi globallasıw hám málimleme texnologiyaları jedel rawajlanıp atırǵan dáwirde balalar shaxsın qáliplestiriwde kórkem ádebiyattıń, atap aytqanda, balalar prozasınıń ornı sheksiz. Balalıq dáwiri – insan kamalınıń tiykarı bolıp, bul basqıshta oqıwshı ózin qorshaǵan ortalıq penen salıstıradı, qádiriyatlardı ańlaydı hám turmıslıq kónlikpelerdi ózlestiredi. Zamanagóy qaraqalpaq balalar prozası óziniń tárbiyalıq potencialı hám kórkemlik tartımlılıǵı menen jas áwladtıń dúnyaqarasın bayıtıwda áhmiyetli qural bolıp xızmet etpekte.

Bul temanıń aktuallıǵı sonda, kórkem shıǵarma qaharmanı bala ushın tek ǵana obraz emes, al ózin identifikaciyalaytuǵın (uqsatatuǵın), minez-qulıq modellerin qabıl etetuǵın hám sezim-ıqrar tájiriybesin arttıratuǵın subyektke aylanadı. Oqıwshılardıń ádebiy qaharmanlar menen “sóylesiwi” olarda tilekleslik, juwapkershilik, erk-ıqrar hám dóretiwshilik pikirlew sıyaqlı áhmiyetli pazıyletlerdiń qáliplesiwine tikkeley tásir etedi. Bul izertlewde zamanagóy qaraqalpaq jazıwshılarınıń shıǵarmaların tallaw tiykarında, kórkem obrazlardıń balalar psixologiyasına tásir etiw mexanizmleri hám olardı pedagogikalıq processlerde nátiyjeli qollanıw máseleleri jarıtıp beriledi.

**Ádebiyatlar analizi.** Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń rawajlanıw basqıshların tallaw procesinde ádebiy qaharmanlar sisteması da ózine tán evolyuciyanı basıp ótken. I.Qurbanbaevtıń “Qaraqalpaq balalar ádebiyatı” (1992) shıǵarmasında atap ótilgenindey, folklorlıq dástúrlerden jazba ádebiyatqa ótiwde qaharmanlardıń tárbiyalıq wazıypası birinshi orınǵa shıqqan [1]. Al, házirgi zaman qaraqalpaq prozasındaǵı qaharmanlar endi balalar psixologiyasındaǵı quramalı processlerdi – ózlikti ańlaw hám sociallıq beyimlesiwdi sáwlelendire alatuǵın dárejede qáliplesken. Folklor miyrası, atap aytqanda, “Qaraqalpaq folklorı” (2015) toplamlarında sáwlelengen obrazlar (batırlar, danalar hám ápiwayı qaharmanlar) balalar oy-pikirinde ádep-ikramlılıq idealdı qáliplestiriwshi fundamentallıq tiykar esaplanadı [3]. Sonıń menen birge, Yu.Paxratdinovtıń “Ómirbek laqqı da yumor-satira máselesine” (1992) izertlewinde kórsetip ótilgenindey, komik obrazlar, atap aytqanda, Ómirbek laqqı sıyaqlı personajlar balalarda sın pikirlewdi rawajlandırıw hám qıyın turmıslıq jaǵdaylardı yumor arqalı jeńiw psixologiyasın payda etedi [2]. Zamanagóy balalar prozası áne usı dástúriy qádiriyatlardı zamanagóy pedagogikalıq

qatnaslar menen úylestirip, oqıwshılarda jetik insan pazıyletlerin tárbiyalawǵa xızmet etpekte.

Qaraqalpaq balalar prozasınıń qaharmanları oqıwshılardıń emocionallıq-ıqrarlıq sıpatların qáliplestiriwde áhmiyetli pedagogikalıq qural wazıypasın atqaradı. Ádebiy qaharmanlar arqalı bala tek ǵana óz minez-qulqın tártipke saladı, al jámiyettegi óz ornın ańlawǵa, juwapkershilik hám tilekleslik sıyaqlı joqarı kompetenciyalardı ózlestiriwge umtıladı.

**Tiykarǵı bólim.** Házirgi zaman qaraqalpaq balalar prozası óziniń janrlıq hám tematikalıq kólemi menen burıngı dáwirlerden ajıralıp turadı. I.Qurbanbaevtıń izertlewlerinde atap ótilgenindey, balalar ádebiyatınıń tiykarǵı wazıypası – kórkem obrazlar járdeminde oqıwshınıń ádep-ikramlılıq-estetikalıq dúnyasın bayıtıw bolıp tabıladı. Zamanagóy prozada qaharmanlar endi tek ǵana "jaqsı" yamasa "jaman" qálpinen shıǵıp, quramalı psixologiyalıq portretke iye bolmaqta.

1. Qaharmannıń identifikaciya funkciyası: Kishi mektep jasındaǵı balalar ózlerin ádebiy qaharmanlar menen salıstırıw (identifikaciya) procesi arqalı sociallıq rollerdi úyrenedi. Házirgi qaraqalpaq prozasında jazıwshılar zamanagóy mektep oqıwshısı ushırasatuǵın mashqalalardı (teńlesleri menen múnásibet, texnologiya menen baylanıs, qorshaǵan ortalıq ushın juwapkershilik) qaharmanlardıń xarakteri arqalı ashıp beredi. Bul bolsa oqıwshıda mashqalalı jaǵdayda durıs qarar qabıl etiw kónlikpesin - kompetenciyanı qáliplestiredi.

2. Folklor hám zamanagóylik sintezi: "Qaraqalpaq folklorı" (2015) toplamlarında qáliplesken arxetipler zamanagóy prozada qayta talqılanbaqta. Máselen, xalıq erteklerindegi danalıq hám batırlıq sıpatları zamanagóy qaharmanlarda "aqıllı jetekshilik" hám "ekologiyalıq sana" sıyaqlı zamanagóy talaplarǵa sáykeslesken. Bul ózgeris balalarda milliy ózlikti saqlap qalǵan halda global dúnyaǵa beyimlesiwsheńlikti tárbiyalaydı.

3. Yumor hám sın kózqarastan pikirlew: Yu.Paxratdinov óz jumısında atap ótkenindey, komik qaharmanlar (máselen, Ómirbek laqqı dástúrleriniń zamanagóy prozadaǵı kórinisleri) balalar psixologiyasında "psixologiyalıq jeńillik" hám "kritikalıq qatnas"tı qáliplestiredi. Yumoristlik shıǵarmalar balanı májbúrlew arqalı emes, al qızıqtırıw hám kúldiriw arqalı ádep-ikramlılıq juwmaqlar shıǵarıwǵa shaqıradı. Bul usıl pedagogikalıq kózqarastan eń nátiyjeli esaplanadı, sebebi ol balanıń oqıw motivaciyasın arttıradı hám oqıw procesin ruwxıy basımsız ámelge asırıwǵa járdem beredi.

4. Pedagogikalıq hám menedjment kompetenciyaların qáliplestiriw: Zamanagóy proza qaharmanları óz háreketleri menen balada "menedjment" – yaǵnıy óz waqtın basqarıw, jámáát ishinde islew hám juwapkershilikti seziw kompetenciyaların rawajlandıradı. Qaharmannıń qıyınshılıqlardı jeńip ótiwi – oqıwshı ushın jeke rawajlanıwdaǵı eń jaqsı metodikalıq sabaqlıq.

Házirgi zaman qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazı balalardıń dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriwde, olarda milliy qádiriyatlarǵa húrmet, watan súyiwshilik, miynet súygishlik hám insanıylıq pazıyletlerdi tárbiyalawda áhmiyetli kórkem qural sıpatında xızmet etedi. Balalar prozasında jaratılǵan qaharmanlar oqıwshı ushın tek ǵana kórkem qaharman emes, al turmıslıq ideal, ibrat úlgisi bolıp tabıladı. Sonlıqtan balalar ádebiyatında qaharman xarakteriniń haqıyqıy, tásirsheń hám tárbiyalıq jaqtan jetik súwretleniwi ayırıqsha áhmiyetke iye. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı da usı principler tiykarında rawajlanıp, jas áwladtıń ruwxıy jetilisiwine xızmet etetuǵın kóplegen shıǵarmalardı dóretti [4].

Qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazınıń ózine tán táreplerinen biri onıń milliy ruwx penen suwǵarılǵanlıǵı bolıp tabıladı. Shıǵarmalarda qaharmanlar xalıq úrp-ádetleri, shańaraqlıq qádiriyatlar hám milliy dástúrler ortalıǵında erjetedi. Bul bolsa balalardıń milliy ózligin ańlawına járdem beredi. Qaharmanlardıń úlkenlerge húrmet, kishilerge izzet kórsetiwi, ana jurtqa muxabbatı hám xalıq máplerin óz mápinen ústin qoyıwı sıyaqlı qásiyetleri oqıwshılar sanasına tikkeley tásir etedi. Nátiyjede kitapqumar qaharman menen ruwxıy jaqınlıq payda etip, onıń pazıyletlerin óz ómirine engiziwge háreket etedi.

Búgingi kúnde texnologiyalar rawajlanıp, balalardıń informaciya alıw dárekleri keńeygen bir waqıtta kórkem qaharmanlardıń tárbiyalıq áhmiyeti jáne de artıp barmaqta. Sebebi kórkem shıǵarmadaǵı qaharman balaǵa tayar násiyat bermeydi, al óziniń is-háreketleri hám turmıslıq tájiriybesi arqalı belgili bir juwmaqqa alıp keledi. Usı jaǵınan zamanagóy qaraqalpaq balalar prozasında dóretilgen qaharmanlar jas áwladtıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq jetilisiwi, erkin pikirlewi hám shaxs sıpatında qáliplesiwinde áhmiyetli faktor esaplanadı. Demek, zamanagóy qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazı tek ǵana kórkem-estetikalıq wazıypanı atqarıp qoymastan, al oqıwshılardıń shaxsınıń qáliplesiwine kúshli tásir etetuǵın tárbiyalıq qural sıpatında da kórinedi. Qaharmanlardıń unamlı pazıyletleri, milliy ruwx penen suwǵarılǵan minezi hám turmıslıq tájiriybesi jas kitapqumarlar ushın ruwxıy úlgi wazıypasın atqarıp, olardıń bárkamal insan bolıp kamalǵa keliwine xızmet etedi.

Qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazı oqıwshı shaxsınıń qáliplesiwinde áhmiyetli kórkem-pedagogikalıq qural sıpatında kórinedi. Balalar ádebiyatınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri jas áwladqa ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya beriw bolsa, bul wazıypa, bárinen burın, shıǵarmadaǵı qaharman xarakteri arqalı ámelge asırıladı. Balalar kóbinese ózlerin shıǵarma qaharmanı menen salıstıradı, onıń is-háreketlerin bahalaydı hám belgili dárejede oǵan eliklewge umtıladı. Sonlıqtan qaraqalpaq balalar prozasında dóretilgen obrazlardıń xarakter qásiyetleri oqıwshılardıń dúnyaǵa kózqarası hám turmıslıq poziciyasına tikkeley tásir kórsetedi.

Qaraqalpaq balalar jazıwshılarınıń shıǵarmalarında qaharmanlar kóbinese qarapayım shańaraqlarda ósip kiyatırǵan, bilim alıwǵa umtılıwshı, miynet súygish, haq sózli hám batır balalar sıpatında súwretlenedi. Bunday obrazlar arqalı avtorlar jas kitapqumar sanasına unamlı pazıyletlerdi sińdiriwge háreket etedi. Eger burın balalar ádebiyatında pútkilley unamlı qaharmanlar ústinlik etken bolsa, búgingi shıǵarmalarda qaharmannıń ishki keshirmeleri, qáteleri hám ruwxıy izlenisleri de sáwlelendirilmekte. Bul bolsa obrazdıń tábiyiyligin arttırıp, oqıwshınıń oǵan bolǵan isenimin kúsheytedi. Oqıwshı qaharmannıń kemshiliklerin kórgen halda onıń óz ústinde islewi hám mashqalalardı jeńip ótiw procesin baqlaydı. Nátiyjede balalarda sın kózqarastan pikirlew hám ózin-ózi tallaw kónlikpeleri rawajlanadı.

Qaraqalpaq balalar prozasındaǵı qaharmanlardıń jáne bir áhmiyetli tárepi olardıń milliy ruwx penen

suwǵarılǵanlıǵında. Shıǵarmalarda ata-anaǵa húrmet, úlkenlerdi qádirlew, doslıqqa sadıqlıq, ana jurtqa muhabbat sıyaqlı qádiriyatlar qaharman xarakteriniń ajıralmas bólegi sıpatında beriledi. Bunday obrazlar arqalı jas kitapqumarlarda milliy ózlikti ańlaw, xalıqtıń tariyxıy-mádeniy miyrasına húrmet penen qaraw sezimi qáliplesedi. Sonday-aq, zamanagóy balalar prozasında qaharmanlardıń jámiyetlik belsendiligi de ayırıqsha áhmiyetke iye. Olar qorshaǵan ortalıqtı saqlaw, qatarlarına járdem beriw, bilim alıw hám jámiyetlik turmısta belsene qatnasıw sıyaqlı pazıyletleri menen ajıralıp turadı. Bul jaǵday jas kitapqumarlardı da belsendi puqaralıq poziciyasına iytermeleydi. Demek, qaharman obrazı tek ǵana estetikalıq zawıq baǵıshlap qoymastan, al oqıwshılardıń ruwxıy, ádep-ikramlılıq hám sociallıq rawajlanıwına xızmet etiwshi áhmiyetli tárbiyalıq faktor wazıypasın atqaradı.

Ilimiy kózqarastan qaraǵanda, házirgi zaman qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazı hám oqıwshı shaxsı arasında tikkeley baylanıs bar. Qaharmannıń xarakteri, maqseti, turmıslıq kózqarasları hám mashqalalardı sheshiw usılları oqıwshı sanasında belgili bir minez-qulıq modelin qáliplestiredi. Sol sebepli balalar prozasında dóretilip atırǵan obrazlardıń kórkem jetikligi, psixologiyalıq isenimliligi hám tárbiyalıq áhmiyeti zamanagóy ádebiyattanıwdıń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp esaplanadı.

**Juwmaq.** Izertlew sonı kórsetedi, házirgi zaman qaraqalpaq balalar prozası tek ǵana kórkem tekstler jıynaǵı emes, al jas áwladtıń ádep-ikramlılıq, psixologiyalıq hám sociallıq kompetenciyaların qáliplestiriwshi qúdiretli pedagogikalıq qural bolıp tabıladı. Tallawlar sonı tastıyıqlaydı, kórkem qaharmanlar oqıwshılar ushın tek ǵana baqlaw obyekti emes, al ózin-ózi ańlaw, juwapkershilik hám miyrim-shápáát sıyaqlı insanıy pazıyletlerdi ózlestiriwdegi identifikaciya modelleri bolıp tabıladı. Qaraqalpaq jazıwshılarınıń zamanagóy shıǵarmaları folklor dástúrlerindegi danalıq hám milliy qádiriyatlardı búgingi kún oqıwshısı ushın túsinikli bolǵan zamanagóy turmıslıq jaǵdaylarǵa integraciyalay alǵanlıǵı menen áhmiyetli. Keleshekte bul baǵdarda qaraqalpaq balalar ádebiyatın sanlı texnologiyalar menen bayıtıw hám oqıw procesindegi metodikalıq sistemasın jetilistiriw jas áwladtıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq jetilisiwinde áhmiyetli orın iyeleydi.

**Ádebiyatlar**


1. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. – Нөкис: «Билим», 1992.
2. Пахратдинов Ю. Өмирбек лаққы ҳәм юмор-сатира мәселесине. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 88-100-томлар. – Нөкис: «Илим», 2015.
4. Hayitboyev A. Zamonaviy bolalar adabiyoti: janr, mazmun va shakl. – Toshkent: 2015.

# ҚАРАҚАЛПАҚ РОМАН-ЭССЕЛЕРИНДЕ ЖАНРЛЫҚ ДИФФУЗИЯ КӨРИНИСЛЕРИ

**(Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссеси мысалында)**

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
matimovkoshkarbay811422@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ЖАНРОВАЯ ДИФФУЗИЯ В КАРАКАЛПАКСКИХ РОМАНАХ-ЭССЕ

**(На примере романа-эссе Т.Каипбергенова «Каракалпакнаме»)**

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# SCENES OF GENRE DIFFUSION IN KARAKALPAK NOVEL-ESSAYS

**(T.Qayipberganov's novel-essay «Qaraqalpaqnama»)**

**Matimov Koshkarbay Genjebaevich** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** роман-эссе жанри, эссеизм, нома жанри, муаллифлик позицияси, эссе, мемуар, публицистика ва фалсафий проза.

**Резюме.** Мақолада қорақалпоқ адабиётидаги роман-эссе жанрининг бадиий-эстетик хусусиятлари ва унда жанр диффузиясининг кўринишлари Т.Қайипбергеновнинг «Қорақалпоқнома» роман-эссеси мисолида ўрганилади. Тадқиқотнинг асосий мақсади - роман-эссе жанрида роман, эссе, публицистика, мемуар, тарихий баён ва фольклор анъаналари элементларининг ўзаро синтезлашув механизмларини аниқлаш ва уларнинг асарнинг жанр табиатига таъсирини очиб беришдан иборат. Тадқиқот натижасида асарнинг анъанавий роман доирасидан чиқиб, кўп қатламли жанр структурасини шакллантирганлиги ва бу ҳодисанинг ҳозирги қорақалпоқ романчилигининг бадиий изланишларини белгиловчи адабий йўналишлардан бири эканлиги кўрсатилади.

**Ключевые слова:** жанр романа-эссе, эссеизм, жанр «нама», авторская позиция, эссе, мемуары, публицистика и философская проза.

**Резюме.** В статье исследуются художественно-эстетические особенности жанра романа-эссе в каракалпакской литературе и проявления жанровой диффузии в нем на примере романа-эссе Т.Каипбергенова «Каракалпакнаме». Основная цель исследования - выявить механизмы синтеза элементов романа, эссе, публицистики, мемуаров, исторического повествования и фольклорной традиции в жанре роман-эссе и раскрыть их влияние на жанровую природу произведения. В результате исследования показано, что произведение вышло за рамки традиционного романа и сформировало многослойную жанровую структуру, являющуюся одним из литературных направлений, определяющих художественные искания современного каракалпакского романа.

**Key words:** novel-essay genre, essayism, «nama» genre, author's position, essay, memoir, journalism and philosophical prose.

**Summary.** The article examines the artistic and aesthetic features of the novel-essay genre in Karakalpak literature and the manifestations of genre diffusion within it using the example of T. Qayipbergenov's novel-essay «Qoraqalpoqnoma». The main goal of the research is to identify the mechanisms of mutual synthesis of elements of the novel, essay, journalism, memoir, historical narrative, and folklore tradition in the novel-essay genre and to reveal their influence on the genre nature of the work. As a result of the research, it is shown that the work has emerged from the framework of the traditional novel and formed a multi-layered dual genre structure, and this phenomenon is one of the literary trends defining the artistic explorations of modern Karakalpak novel writing.

**Кирисиў.** XX әсирдиң екинши ярымы ҳәм XXI әсир басларында дүнья әдебиятында дәстүрий жанрлық формалардың трансформацияға ушыраўы ҳәм синтезлесиў процеси күшейди. Бул бағдарда роман эссе жанры менен бирлесиўинен пайда болған роман-эссе жанры айрықша орын тутады. Роман-эссе жанры – көркем ойлаў менен публицистикалық, философиялық, мемуарлық – турмыслық тәжирийбелер ҳәм әдебий-критикалық көзқарасларды жәмлестирген синтетикалық жанр. Бул қоспа жанрдың тийкарғы сыпатламасы – дәстүрий көркем прозаның шеңберинен шығып, интеллекуаллық, философиялық ҳәм авторлық субъективликке тийкарланыўында көринеди. Дәстүрий романда автор көпшилик жағдайда ўақыяны сырттан бақлап турыўшы болып көринсе, роман-эсседе автор шығарманың бас қаҳарманына айланады. Оның жеке пикири, көзқараслары, ишки сезимлери менен рефлекциясы сюжетти басқарып турады. Автор образы барлық қаҳарманлардан жоқары турады.

**Әдебиятлар анализи ҳәм метод.** Бул қоспа жанрдың тәбиятын түсиниўде дүнья жүзлик ҳәм миллий әдебияттаныў илими алымларының теориялық көзқараслары үлкен әҳмийетке ийе. Белгили алым Михаил Бахтин романның басқа жанрлардан айырмашылығы оның бәрқулла, ҳәрекетте, раўажланыўда екенлиги менен түсиндиреди. М.Бахтин теориясына муўапық, роман өзине басқа жанрлық формаларды (күнделиклер, хатлар, эссе ҳәм т.б) өзине жутып жиберип, трансформациялаў имканиятына ийе [1:447]. Соның менен бирге рус алымы М.Н.Эпштейин: – «Ҳәр қыйлы жанрлардың романласыў процеси XVIII әсирдиң орталарынан баслап кең өрис алды. Бирақ, соған параллель түрде, роман кризиси ҳаққында сөз болған XX әсирде романның эссеизация процеси жүз берди» [5:364] – деп көрсетеди.

Роман-эссе жанрының қәлиплесиўи тарийхын изертлеў ең дәслеп оның ишки компонентлериниң тәбиятын түсиниўди талап етеди. Дүнья әдебиятында

М.Монтеньнен басланған эссеизм дәстүри ХХ әсирге келип роман жанрына сиңисе баслады. М.Бахтин роман жанрының басқа қатып қалған жанрлық формалардан айырмашылығы оның «жанрлық қәлиплесиўи еле тамамланбағанлығы» ҳәм «пластикалық қәсийети» менен түсиндирген еди. Солай етип роман жанры өзине дидактикалық, философиялық ҳәм публицистикалық жанрларды өзиниң структурасына интеграциялаў ҳәм оларды трансформациялаў потенциалына ийе болды. Роман-эссе усы интеграцияның тийкарғы нәтийжеси болып табылады. Бул қоспа жанрдың қәлиплесиўинде еки тийкарғы фактор айрықша орын тутады. Бириншиден, субъектив авторлық позицияның күшейиўи менен белгиленеди. Демек, дәстүрий романларда жазыўшы позициясы образлар тасасында сәўлеленсе, роман-эсседе авторлық позиция, яғный «мен» концепциясына үстинлик бериледи. Шығармадағы ўақыялар емес, ал, сол ўақыяларға жазыўшының қарым-қатнасы, оның интеллектуаллық рефлекциясы биринши орынға шығады. Екиншиден, бул жанрдағы шығармаларда ўақыялар басынан аяғына шекем бир сюжетли бағдарда баянланбайды. Онда жазыўшының кеширмелери, еске түсириўлери, еркин ойлары ҳәм турмыслық тәжирийбелери, философиялық көзқарасларынан қуралады. Демек, оқыўшы ўақыяның раўажланыўын емес, жазыўшының ишки сезимлер дүньясындағы ой-пикир ағымын гүзеткендей болады.

**Талқылаў**. Роман-эссе поэтикасында авторлық субъективлик концепциясы жанрдың идеялық-композициялық тийкарын белгилеўши ең баслы теориялық категория болып табылады. Эпикалық романларда жазыўшы көбинесе ўақыяларды сырттан бақлаўшы ямаса қаҳарманлардың артына жасырыныўшы фигура сыпатында көринсе, роман-эсседе авторлық позиция тексттиң орайына шығады. Бул концепцияға муўапық, көркем шынлық объектив ўақыялардың дизбеги арқалы емес, ал тиккелей автордың дүньяға көзқарасы, оның ишки рефлексиясы, сезимлери ҳәм интеллектуаллық изленислериниң көзқарасы арқалы сәўлеленеди. Автор көркем образ жаратыўдан узақласып, өзиниң концепцияларын сәўлелендириўши философ, публицист ҳәм изертлеўши хызметин атқарады. Роман-эсседе сюжет хронологиялық ўақыяларға емес, ал жазыўшы ой-пикириниң раўажланыў логикасына, ой-қыял байланысларына бағындырылады. Авторлық субъективлик көркем текстке илимий таллаўларды, тарийхый ҳүжжетлерди, еске түсириўлерди ҳәм философиялық көзқарасларды еркин алып кириўге имкан береди. Нәтийжеде, шығармадағы барлық элементлер бир мақсетке – автордың дүнья, адам ҳәм жәмийет ҳаққындағы жеке интеллектуаллық концепциясын тийкарлаўға хызмет етеди. Жазыўшы оқыўшыға таяр ҳақыйқатлықты усынбайды, ол өз шығармасында оқыўшы менен теңдей дәрежеде отырып сырласыў, ашық сәўбетлесиў майданына айландырады. Жазыўшы өзиниң де гүманларын, ишки изленислерин жасырмайды, оқыўшыны өзи менен бирге ойланыўға, изләниўге мәжбүр етеди. Соның ушын да, роман-эссе де автор өзин жоқары қоятуғын үйретиўши емес, ал дүньяның жумбақларын шешиўге умтылған изләниўши ҳәм тең ҳуқықлы сәўбетлес сыпатында тән алынады.

Дүнья әдебиятында жанрлық формалар синтезиниң шексиз раўажланыўы, көркем формалардың трансформацияға ушыраўы қарақалпақ әдебиятына да белгили дәрежеде тәсир жасап атыр. Бул бағдарда дәстүрий сюжетлик ҳәм композициялық қәлиплерди бузып, оқыўшыға көркем шынлық пенен бирге философиялық-публицистикалық мазмунды жәмлеген роман-эссе жанры бүгинги әдебиятымызда төбе көрсетип киятыр. Қарақалпақ прозасында бул жанрлық модификацияның қәлиплесиўи ҳәм өз алдына концептуаллық бағдар сыпатында раўажланыўы тиккелей белгили жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың көркемлик изленислери менен тығыз байланыслы.

Роман-эссе тек ғана еки жанрлық форманың механикалық биригиўи емес, ал турмысты таныпбилиўдиң, көркем ойлаўдың жаңа сапалық басқышы болып табылады. Онда романға тән кең масштабта көлемлилик, эпикалық қамтып алыў мүмкиншиликлери менен эссеге тән еркин пикирлеў, авторлық ишки еркинлик ҳәм жеке субъективлик концепциясы өзара синтезлеседи.

**Нәтийжелер**. Белгили жазыўшы Т.Қайыпбергенов ХХ әсирдиң соңғы шерегинде, өзиниң дөретиўшилик жолында жаңа бағдар жаратты. Бул бағдар жазыўшының реалистлик-дидактикалық, әпсанаўый-мифологиялық ҳәм Шығыс философиялық мазмунды жәмлеген заманагөй роман-эсселери болып табылады. Көп жыллық эпикалық тәжирийбеге ийе жазыўшы дәстүрий сюжетли роман шеңберинен шығып, халқының өтмиши, бүгинги ҳәм келешек тәғдири, миллий менталитети, халықлық философиясы ҳәм руўхый дүньясын еркин баянлаў ушын роман-эссе жанрын таңлады. Оның қәлемине тийисли «Қарақалпақнама», «Қәлбимниң қамусы», «Қарақалпақпан, тәўекелшимен», «О дүньядағы атама хатлар» сыяқлы шығармалары қарақалпақ әдебиятында бул жанрдың классикалық үлгилери болып табылады. Жазыўшының бул роман-эсселеринде биринши гезекте авторлық субъективлик концепциясы үстемлик етеди. Дүньялық ҳәм миллий ойшыллардың пикирлерин көркем текстке сиңдириў арқалы өзиниң философиялық концепциясын беккемледи. Тарийхый ҳақыйқатты ямаса бүгинги күнниң машқаласын әпсана-рәўиятлар мазмунына жүйи билинбестей етип орынлы түрде сиңирип жибереди. Бунда әпсана-рәўиятлар шығарманы көркемлик безеў емес, ал терең философиялық идеяны ашып бериўши поэтикалық усыл хызметин атқарады.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» деп аталған шығармасы әдебиятымыз тарийхында жанрлық тәбияты, композициялық қурылысы, көркем-философиялық мазмуны жағынан айрықша орын тутаты. Шығармада халқымыздың өтмиши, руўхый дүньясы, жәмийетлик турмыс, жазыўшының жеке көзқараслары ҳәм инсан тәғдири бир-бири менен тығыз байланыста сәўлеленеди. Сол себепли жазыўшының бул шығармасын белгили бир дәстүрий жанр шеңберинде белгилеў қыйын. Шығарма өзине бир неше әдебий жанрлардың элементлерин бирлестире отырып, мазмуны ҳәм формасы жағынан көп қатламлы көркем структураға ийе синтезлескен дөретпе болып табылады.

Жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасының жанрлық өзгешелиги, бириншиден

Шығыс әдебиятының әсирлер даўамында қәлиплескен көркемлик дәстүрлерине бойсындырылғаны сезиледи. Екиншиден, шығармада Батыс әдебиятына тән заманагөй роман (роман-эссе), эссе, мемуар, публицистика ҳәм философиялық проза белгилери де анық көзге тасланады. Жазыўшы Шығыс ҳәм Батыс әдебий-эстетикалық тәжирийбелерин механикалық түрде бириктириўди нийет етпейди. Ол бул дәстүрлерди қарақалпақ халқының миллий өтмиши, көркем ойлаў руўхыяты менен байланыстырып жаңа жанрлық форма дөретеди.

Шығарма атамасындағы «нама» компоненти оның жанрлық ҳәм мәнилик бағдарын анықлаўда әҳмийетли орын тутады. Нама – түсиниги кеўил айнасы, руўхый ҳалатты сәўлелендириў сыяқлы терең философиялық мәнилерди өзине жәмлейди. «Нама – (парсыша – хат) өзбек ҳәм парсы классик әдебиятында әдебий жанр түри болып, реал яки қыялый көркем тоқыма, тийкарынан поэзиялық хат формасында жазылған көркем шығарма» [4:279]. Шығыс әдебияты тарийхында «нама» жанрында дөретилген шығармалар үлкен орын ийелейди. Хорезмийдиң «Муҳаббатнама»сы, Әбилқасым Фердаўсийдиң «Шахнама»сы, Заҳириддин Муҳаммед Бабурдың «Бабурнама»сы, Кейқаўыстың «Қабуснама»сы ҳәм басқа да классикалық шығармалар бул жанрдың мазмун ҳәм формалық мүмкиншиликлериниң кең екенлигин дәлиллейди. Бул шығармалардың ҳәр бири өз алдына өзгеше жанрлық тәбиятқа ийе болса да, олардың барлығын инсан, заман ҳәм жәмийет ҳаққындағы кең көлемли көркем-философиялық баянлаў принципи бирлестиреди. Мәселен, Әбилқасым Фердаўсийдиң «Шахнама» шығармасында халықлық мифология ҳәм тарийхый өтмиш үлкен эпикалық көлемде сәўлеленеди. Шығармада патшалар, батырлар, мәмлекетлер ҳәм урыслар тәғдири баянланғаны менен оның тийкарғы идеялық мазмуны халықтың тарийхый шежиреси, Ана Ўатан, жақсылық пенен жаманлық арасындағы гүрес қурайды. Демек, «Шахнама» бир халықтың тарийхын көркем сөз арқалы мәңгилестириўдиң классикалық үлгиси болып табылады. Усы тәрептен, «Қарақалпақнама» менен «Шахнама» шығармалары арасында белгили дәрежеде идеялық-типологиялық жақынлық сезиледи.

Заҳириддин Муҳаммед Бабурдың «Бабурнама»сы мемуарлық, тарийхый-географиялық ҳәм көркем образлылығы менен сыпатланатуғын синкретикалық шығарма болып табылады. Онда автор өз өмиринде жүз берген ўақыяларды баянлайды, заманласлары ҳаққында пикир билдиреди. Қалалар, еллер, халықлар ҳәм тәбият ҳәдийселерин сүўретлейди. Бирақ, «Бабурнама» шығармасының әҳмийети, оның тарийхый-хронологиялық мағлыўматларға ийелинде емес, ал автордың жеке инсаный позициясының, сезим, туйғы ҳәм көзқарасларының берилиўинде көринеди. Усы сыпатлы белгилер Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасына да тән. Т.Қайыпбергенов тарийхый ҳәм жәмийетлик мәселелерди сырттан бақлаўшы сыпатында емес, сол халықтың бир ўәкили, оның қуўанышы менен қайғысын жүрегинен өткерген дөретиўши инсан сыпатында баянланады.

Кейқаўыстың «Қабуснама» шығармасы дидакти калық-философиялық мазмунға ийе болып, онда әдеп-икрамлылық, мийнет, билим, дослық, шаңарақ, мәмлекетти басқарыў ҳәм инсанның жәмийеттеги орны ҳаққында ой-пикирлери, көзқараслары баян етиледи. Автордың перзентине қарата айтылған нәсиятлары улыўма инсаныйлық идеяға көтериледи. Усы дәстүр көзқарасынан «Қарақалпақнама» шығармасында өтмиш тәжирийбелеринен сабақ шығарыў, халықтың келешек әўладын руўхый жақтан тәрбиялаў жетекши орын тутады. Демек, жазыўшы Т.Қайыпбергенов «нама» дәстүрине мүрәжат етиў арқалы шығармасына тек тарийхый-әпсаналық баянлаў сыпатында емес, ал философиялық, дидактикалық ҳәм руўхый мазмун да енгизеди.

Шығармада роман жанрына тән белгилер де үлкен орын ийелейди. Роман-инсан ҳәм жәмийет арасындағы қатнасты кең көлемде сәўлелендиретуғын, қаҳарманның тәғдирин тарийхый-жәмийетлик шараят пенен байланыста ашатуғын жанр болып табылады. Жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасында халықтың басынан өткерген курамалы процесслери, жәмийетлик өзгерислер ҳәм инсанлардың руўхый эволюциясы кең түрде қамтып алынады. Деген менен шығармада дәстүрий романға тән болған эпикалық сюжет ямаса қаҳарманның тәғдири толық үстемлик етпейди. Оның орнына халықтың улыўмалық образы, миллий сана ҳәм әпсанаўый-аңызлық шежирелер көркемлик орай дәрежесине көтериледи.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасында эссе жанрына тән болған авторлық пикирдиң, көзқарастың еркин раўажланыўы көзге тасланады. Эссе жанрында белгили бир мәселе ҳаққында жеке көзқарасын билдирип, тәжирийбели турмыслық бақлаўларын философиялық улыўмаластырыўлар менен байланыстырады. Онда қатаң сюжетлик избе-изликке қарағанда, пикир ҳам көзқараслар избе-излиги әҳмийетли болады. Жазыўшы бир тарийхый ўақыядан екиншисине, жеке күнделик турмыстан улыўмалық жәмийетлик жуўмаққа, көркем образдан философиялық таллаўға еркин өтеди. Бул усыл шығарманың мазмунлық шегарасын кеңейтип, жазыўшыға халықтың тарийхы ҳәм руўхый дүньясы ҳаққында терең ой жүргизиў мүмкиншилигин береди.

Көркем шығармадағы автор түсиниги биографиялық автор менен шекленбейди. Биографиялық автор шығарманы дөреткен реал инсан. Автор образы болса тексттиң композициясы, баҳалаў интонациясы, образлар системасы ҳәм баянлаў усыллары арқалы көринетуғын көркем сана орайы. М.Бахтин романдағы автор позициясының өзге даўыслар (көп даўыслылық) менен қатнаста ашылатуғынын белгилеп өтеди [1:199-207]. В.Виноградов «автор образын» шығарманың барлық стильлик элементлерин бирлестириўши орай сыпатында қарайды [2:118-120]. Алымлардың бул теориялық пикирлери жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасындағы «мен»ниң бир ўақытта еске түсириўши инсан, гүўа, ойшыл, публицист ҳәм халық атынан сөз айтыўшы субъект болып көриниўин түсиндириўге мүмкиншилик береди.

Авторлық субъективлик – объектив дүньяның жазыўшы көркем ойы арқалы таңлап алыныўы ҳәм баҳаланыўы болып табылады. Ол биринши бет арқалы баян етиў менен шекленбейди. Тема таңлаў, ўақыяларды избе-из орналастырыў, тарийхый

фактлерге түсиник бериў, лирикалық шегинис, юмор ҳәм ирония да субъектив позицияның белгилери есапланады. «Қарақалпақнама»да авторлық «мен» жасырын формада көринбейди. Ол композицияны қозғалысқа келтиретуғын баслы фигураға айланады. Шығармада жазыўшы анасынан еситкен Жерди көк өгиз мүйизинде көтерип турады деген ертек мазмунындағы мифологиялық түсиник балалық сана-сезим, халықлық ой-пикир ҳәм кейинги рефлексияны бир шеңберге тутастырады. Мысалы: *...биз жасаған жер оғыры кең, үлкен. Оны күтә тайнапыр Көк өгиз көтерип турыпты. Ол сәл шаршаған гезде Жерди бир шақынан екинши шақына алмастырып қояды-мыш. Әне, сонда жылдың мәўсими өзгерип, биресе жаз, биресе гүз, биресе қыс, биресе бәҳәр болады-мыш.*

*Мен оны тыңлап баратырып-ақ сол Көк өгиздей күшли болыўды әрман етип, анам арқалайын десе де тыңламай, қапталында томпаң-томпаң жортаман. Анам базда иркилип, маңлайымның терин сыпырады, базда самарды төбесине төңкерип мени арқалайды…* [3:5] Бунда жазыўшы дүньяға бала көзи менен қарайтуғынлығын мойынлаўы таңланыў, ҳайран болыў ҳәм сораў қойыўы баянлаўдың турақлы принципине айландырады. Бала сезим-ойының аңқаўлығы бул жерде интеллектуал пәсейиў емес, ал болып өткен қубылыстың астарындағы мәнисти қайта көриў усылы болып табылады.

**Жуўмақ**. Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» шығармасында субъективлик концепция, жеке өмирине тийисли деталларды биографиялық мақсетте емес, халық тәғдириниң белгиси ретинде таңлайды. Балалық дәўир, ана меҳри, аўылдың социал-жәмийетлик орталығы, атасы, кемпир апасы, әкеси, көше бийи ҳәм жасы үлкенлеринен еситкен әпсана, әңгимелер жеке турмыслық фактлер болыўы менен бирге, қарақалпақтың дәстүрий дүньяға көзқарасын сақлаған руўхый сана хызметин атқарады. Роман-эсседе дәстүрий романларға тән болған бир орайлық сюжет, конфликт ҳәм қаҳарманлардың үзликсиз тәғдири көркем текстти толық басқарып турмайды. Оның орнына ой-пикир ағымы, еске түсириў, тарийхый экскурс, әпсана ҳәм авторлық баянлаўлардан қуралған мозаикалық композиция жүзеге шығады.

Шығармада эссе композициялық еркинликте, субъектив баҳа бериўде, пикирдиң бир темадан екиншисине өтиўинде ҳәм философиялық улыўмаластырыўында көринеди. Мемуарлық модификация жазыўшының жеке өтмиши, еске түсириўлери, гүўалықлары, заманласлары ҳаққындағы пикир-көзқараслары ҳәм турмыслық деталлар арқалы әмелге асады. Деген менен шығарма сап мемуар емес, еске түсириўлер хронологиялық өмирбаян қурыўға емес, миллий характердиң мәнисин ашыўға бағындырылған. Публицистикалық модификацияда заманагөй социаллық мәселелерге тиккелей мүнәсибет, гражданлық пафос, дәлиллеў, оқыўшыға үндеў жетекшилик етеди. Фольклорлық-мифологиялық модификация әпсана, рәўият, нақыл-мақаллар, афоризмлер, ушырма сөзлер, халықлық юмор ҳәм аўызеки сөйлеў интонациясы арқалы көринип, көркем тексттиң миллий поэтикасын көрсетеди. Лирикалық-философиялық модификация жазыўшының өмир, ўақыт, адам, ўатан ҳаққындағы туйғы-сезимлери бериледи. Лиризм дәрекли мағлыўматларды сезимлик мәниске бөлесе, философиялық улыўмалылық инсаный мәселеге көтереди.

Шығармадағы жанрлық элементлер механикалық рәўиште қәлиплестирилген қоспа форма емес. Жазыўшы еске түсиргенде мемуарлық, тарийхый процесстиң жәмлениўи романлық, еркин пикирлеўге ийе болғанда эсселик жәмийетлик мәселелерге баҳа бергенде публицистикалық, халық даналығына сүйенгенде фольклорлық дискурс пайда болады. Бирақ, бул дискурслардың барлығын жазыўшы бир мақсетке, қарақалпақ халқының өзлигин тарийхый, эпикалық ҳәм руўхый жақтан аңлаўға хызмет етеди.

**Әдебиятлар**

1 Бахтин М. Вопросы литературы и эстетики. – Москва: «Художественная литература», 1975.

2. Виноградов В.В. О теории художественной речи. – Москва: «Высшая школа», 1971.

3. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. – Нөкис: «Jeti ıqlım», 2021.

4. Ўзбекистон миллий энциклопедияси. – Тошкент: 2000.

5. Эпштейн М. Парадоксы новизны (О литературном развитии XIX-XX веков) – Москва: «Советский писатель», 1988.

# ШЫҒЫС ҲӘМ ТҮРКИЙ ӘДЕБИЯТЫНДАҒЫ ЖАНРЛЫҚ ДИФФУЗИЯ ДӘСТҮРЛЕРИ

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *филология илимлери бойынша философия докторы, доцент*
matimovkoshkarbay811422@gmail.com
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

# ДИФФУЗИОННЫЕ ТРАДИЦИИ В ВОСТОЧНОЙ И ТЮРКСКОЙ ЛИТЕРАТУРЕ

**Матимов Кошкарбай Генжебаевич** – *доктор философии по филологическим наукам, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# GENRE DIFFUSION TRADITIONS IN EASTERN AND TURKIC LITERATURE

**Matimov Koshkarbay Genjebaevich** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** жанр диффузияси, жанр синтези, оралиқ жанрлар, Шарқ адабиёти, туркий адабиёт, нома жанри, достон, ҳикоят, «Бобурнома», «Шоҳнома», «Қобуснома», «Муҳаббатнома», роман-эссе, бадиий анъана, жанр эволюцияси

**Резюме.** Мақолада Шарқ ва туркий адабиётдаги жанр диффузиясининг тарихий-назарий асослари, унинг бадиий тараққиёт жараёнидаги ўрни ва хусусиятлари ўрганилади. Жанр диффузияси бадиий жанрларнинг ўзаро аралашуви ва янги оралиқ шаклларнинг пайдо бўлиш механизми сифатида таҳлил қилинади. Мақолада Шарқ адабиётининг «нома», «достон», «ҳикоят» каби мумтоз жанрларининг ўзаро алоқаси, шунингдек, уларнинг туркий халқлар ёзма адабиётига кўрсатган тасири илмий манбалар асосида очиб берилади. Айниқса, «Бобурнома», «Шоҳнома», «Муҳаббатнома», «Қобуснома» каби асарлардаги жанрий синтез билан бадиий анъаналарнинг кейинги даврдаги роман, роман-эссе ва бошқа оралиқ жанрларнинг шаклланишига кўрсатган тасири таҳлил қилинади.

**Ключевые слова:** жанровая диффузия, жанровый синтез, промежуточные жанры, восточная литература, тюркская литература, жанр мелодии, эпос, рассказ, Бабурнаме, Шахнаме, Кабуснаме, Мухаббатнаме, роман-эссе, художественная традиция, эволюция жанра

**Резюме.** В статье рассматриваются историко-теоретические основы жанровой диффузии в восточной и тюркской литературе, ее роль и особенности в процессе художественного развития. Жанровая диффузия рассматривается как механизм смешения художественных жанров и возникновения новых промежуточных форм. В статье на основе научных источников раскрывается взаимосвязь классических жанров восточной литературы, таких как «нама», «дастан» и «хикаят», а также их влияние на письменную литературу тюркских народов. В частности, анализируется влияние жанрового синтеза и художественных традиций в таких произведениях, как «Бабур-наме», «Шахнаме», «Мухаббатнаме» и «Кабус-наме» на формирование более поздних романов, романов-эссе и других промежуточных жанров.

**Key words:** genre diffusion, genre synthesis, intermediate genres, Eastern literature, Turkic literature, melodic genre, epic, story, Baburnama, Shahnameh, Qabusnama, Muhabbatnama, novel-essay, artistic tradition, genre evolution

**Summary.** The article examines the historical and theoretical foundations of genre diffusion in Eastern and Turkic literature, its role and characteristics in the process of artistic development. Genre diffusion is analyzed as a mechanism for the intermingling of artistic genres and the emergence of new intermediate forms. The article, based on scholarly sources, reveals the interrelationship between classical genres of Eastern literature such as «nama», «dastan» and «hikayat», as well as their influence on the written literature of Turkic peoples. In particular, the influence of genre synthesis and artistic traditions in works like «Baburnama», «Shahnameh», «Muhabbatnama» and «Qabusnama» on the formation of later genres such as the novel, novel-essay, and other intermediate genres is analyzed.

**Кирисиў.** Әдебий жанрлардың тарийхый раўажланыў басқышлары ҳәм олардың бир-биринен ажыралыўы, сыпатлы белгилерге ийе болып, өз алдына көркемлик форма сыпатында қәлиплесиўи менен шекленип қалмайды. Әдебий процесстиң барлық дәўирлеринде жанрлардың өзара жақынласыўы бириниң екиншисине композициялық ҳәм т.б. көркемлик элементлердиң өтиўи даўам етип келген. Сол себепли жанрлар тарийхында ажыралып шығыў, араласыўы ҳәм қайта биригиў процесслериниң өзара байланысы сыпатында баҳалаў теориялық жақтан дурыс шешим деп билемиз.

Шығыс ҳәм түркий халықлар әдебиятында поэзия, философия, мемуар, шежире, рәўият, ҳикая ҳәм фольклорлық дәстүрлер раўажланыў даўамында бир-биринен ажыралмаған. Бир шығарма қурамында бир неше жанрлық формалардың ислетилиўи көркем ойлаўдың турақлы формасы болған. Шығыс әдебиятындағы жанрлық диффузияны бүгинги роман, эссе яки мемуар жанрларының өлшемлери менен белгилеўге болмайды. Себеби, орта әсирлик әдебий система жанрлық жиклеўден өзгеше эстетикалық заңлылықларға сүйенген. Сол дәўир шығармаларында көркем баянлаўдың философиялық ойлаў, авторлық позиция, дидактикалық ой-пикир ҳәм лирикалық шегинис пенен араласыўы соңғы қоспа жанрлық формалардың пайда болыўына узақ тарийхый раўажланыўының бағдарын белгилеп берди.

**Әдебиятлар анализи ҳәм метод.** Бул мәселе бойынша И.Ёқубов: – «…Наўайының «Муҳбул-ул-қулб» шығармасы үйрениў барысында, руўхый, әдеп-икрамлылық, философиялық, эстетикалық көзқараслардың қысса, тарийх, шежирегөй формасында баян етилиўи автордың қаҳарман қәлби ҳәм келбети (авторлық позиция), жоқары интелектуал дәрежеси менен дусласамыз» [1:165] – деп көрсетеди. Бул мәселени үйрениўде «жанрлық синкретизм», «жанрлық байланыс», «жанрлық синтез», «жанрлық диффузия» түсиниклери бир-биринен парқ етеди. Жанрлық синкретизм көркем өнер түрлери ҳәм көркем формалардың еле толық ажыралмаған дәслепки бирлигин аңлатады. Жанрлық синтез – бир неше жанрлардың бир шығарма структурасында мақсетли түрде араласыўына айтады. Ал жанрлық диффузия бир жанрға тән белгилердиң басқа жанр структурасына өтиўи, сол арқалы оның поэтикасын өзгертиретуғын процесс болып табылады. Бул қубылыслар тарийхый жақтан бир-бири менен байланыслы. Ең дәслеп синкретикалық ойлаўдан ажыралып шыққан жанрлар кейинги дәўирлерде қайтадан өзара араласып, синтезлик ҳәм диффузиялық формаларды пайда етеди. Сол себепли Д.С.Лихачев орта әсирлик әдебиятта «жанрлар өзара байланыслы бир пүтин системаны қурайды» [2:42-43] – деген пикирге келеди.

**Талқылаў**. Шығыс әдебиятындағы жанрлық диффузияның тийкарғы дәреги аўызеки ҳәм жазба дәстүрлердиң өз ара байланысында көринеди. Бир қатар жазба естеликлер халық арасында бурыннан жасап келген миф-әпсаналарды, аңыз-рәўиятларды, ушырма сөз, нақыл-мақаллар ҳәм т.б. эпикалық сюжетлерди өзиниң структурасына еркин қабыллаған. Бирақ, оларды өзгериссиз қайталамаған, авторлық идеяға ҳәм жазба әдебияттың эстетикалық талапларына муўапық қайта ислеген. Мысалы, Әбилқасым Фердаўсийдиң «Шахнама» шығармасы тарийхый хроника, мифологиялық баянлама, қаҳарманлық дәстан, генеалогиялық шежире ҳәм философиялық көзқарас элементлерин бирлестиреди. Шығарманың композициясы Иран патшаларының избе-из тарийхына бағышланған болса да, онда мифологиялық дәўир қаҳарманлық дәўир ҳәм тарийхый дәўир бир-бири менен сыбайлас түрде байланысып келеди. Бунда тарийхый ўақыт пенен мифологиялық ўақыт, жеке инсан тәғдири менен мәмлекет тәғдири, эпикалық баянлаў менен авторлық-философиялық баҳалаў бир структура шеңберинде синтезленеди. «Ўақыялардың избе-из сүўретлениўи композициялық жақтан толық цикл (дәстан) болып, оларда шегинислер: арнаўлар, дидактикалық ҳәм философиялық фрагментлер, гүрриңлер, жеке пикирлер ҳәм лирикалық шегинислер киргизилген» [8]. Демек, «Шахнама»ның қаҳарманлық эпос шеңберинен шығып, тарийхый баянлаў, мифологиялық сюжет, философиялық көзқарас, дидактикалық нәсият ҳәм авторлық субъективликти бир пүтин көркем системаға бириктирилгенин дәлиллейди. Сол себепли «Шахнама» шығармасы Шығыс классикалық әдебиятындағы жанрлық диффузияның ең дәслепки үлгилериниң бири болып табылады.

«Шахнама»ның жанрлық тәбиятын қаҳарманлық эпос түсиниги менен баҳалаў оның көркемлик структурасын толық ашпайды. Шығармада эпосқа тән болған көлемли ўақыялар менен бир қатар, трагедиялық конфликт, лирикалық жоқлаў, дидактикалық нәсият ҳәм тарийхый мағлыўматлар бар. Рустем ҳәм Сухраб, Сияўыш ҳәм т.б. ҳаққындағы сюжетлерде қаҳарманлық (батырлық) сыпатламалар инсан тәғдириниң трагедиясы менен биригеди. Ал, патшалар ҳаққындағы бөлимлеринде көркем образлар мәмлекетлик басқарыў, әдиллик, бийлик ҳәм жуўапкершилик мәселелерин талқылаўдың қуралына айланады. Сол себепли, «Уллы Фердаўсийдиң өлмес «Шахнама»сында халық қаҳарманлығы, Ана Ўатанды сүйиў, тынышлық, әдиллик, ағартыўшылық идеялары мыңнан зыят қаҳарманлар тымсалында, жүзлеген мифологиялық, тарийхый, турмыслық ўақыяларды сүўретлеў процессинде жоқары пафос пенен сәўлелендирилген» [7:4]. Усы тәрептен «Шахнама» Шығыс әдебиятындағы эпикалық жанрдың ашықлығын көрсетеди. Эпикалық сюжет философиялық ҳәм тарийхый мазмунды қабыллаў арқалы дәстүрий батырлық жыр шеңберинен шығып, халықтың руўхый ағымын сақлаўшы улыўма миллий энциклопедиялық шығарма дәрежесине көтериледи.

Шығыс әдебиятындағы жанрлық диффузияның және бир формасы қысса-ҳикаялардың дидактикалық ҳәм романтикалық дәстанлардың композициясына енгизилиўи болып табылады. Атап айтқанда Низамий Ганжаўыйдиң «Ҳамса»сына киретуғын дәстанлық шығармаларында тийкарғы сюжет пенен бир қатарда көплеген қосымша ҳикаятлар, қыссалар ҳәм авторлық философиялық көзқараслар, лирикалық шегинислер қолланылады. Олар шығарманың тийкарғы сюжетлик желисинен сырттағы артық элемент емес, ал автор концепциясын кеңейтетуғын ишки композициялық қатлам болып есапланады. Әсиресе, «Махзан ул-асрор» дәстаны философиялық-дидактикалық мазмун, лирикалық шегинис, нәсият ҳәм қысқа сюжетли ҳикаялардың синтезинен қурылған. Онда әдеп-икрамлылық түсиниклер логикалық баянлаў арқалы емес, ўақыялар, турмыслық дәлиллер ҳәм рәмзий образлар арқалы ашылады [3:14].

Низамий Ганжаўыйдиң «Хысраў ҳәм Шийрин», «Ләйли ҳәм Мәжнун», «Ҳафт-пайкар» дәстанларында муҳаббат, батырлық, романлық авантюра, философиялық диалог ҳәм көркем психологизм элементлери өз ара байланысады. Қаҳарманлардың ишки сезимлери лирикалық монологлар арқалы ашылса, олардың жәмийет ҳәм заман менен байланысы эпикалық ўақыялар арқалы сәўлеленеди. Бул лиро-эпикалық синтез соңғы парсы ҳәм түркий поэзияның тийкарғы дәстүрлериниң бирине айланады.

Шығыс ҳамсашылығы бир сюжетти қайталаў дәстүри емес, жанрлық модельди қайтадан жасаў, миллий тил, руўхый орталық ҳәм авторлық концепция тийкарында жаңалаў усылын қәлиплестирди. Кейин Хысраў Деҳлавий, Әбдирахман Жәмий ҳәм Әлийшер Наўайы Низамий дәстүрине сүйенгени менен оның шығармаларын механикалық түрде қайталамайды.

Ҳәр бир данышпан шайыр ҳамса структурасына жаңа идеялық, миллий ҳәм поэтикалық мазмун жүклейди.

**Нәтийжелер**. Әлийшер Наўайының жанрлық жаңашылығы ҳаққындағы изертлеўлерде түркий әдебияттың жанрлық системасы араб-парсы поэзиясындағы формалар менен жетилистирилгенин атап өтеди. Соның менен бирге Наўайы сол формаларды түркий тилиниң көркемлик мүмкиншиликлерине ылайық қайта ислеген. Әлийшер Наўайының «Ҳамса»сы бес ири дәстаннан турады ҳәм Низамий дәстүрине сәйкес көркем жуўап сыпатында дөретилген. Оның қурамына «Ҳайрат ул-аброр», «Фархад ҳәм Шийрин», «Ләйли ҳәм Мәжнун», «Сабъаи сайяр» ҳәм «Садди Искандарий» дәстанлары киреди. Наўайы «Ҳамса»сының жанрлық тәбияты бирдей емес. «Ҳайрат ул-аброр» философиялық-дидактикалық мазмундағы дәстан болып, онда нәсият, философиялық көзқарас, суфийлик ағымындағы пикир, қысқа ҳикаят ҳәм т.б. көркем формалар биригеди. «Фархад ҳәм Шийрин» менен «Ләйли ҳәм Мәжнун» муҳаббат дәстаны формасында болса да, олардың ишинде психологиялық, социаллық, философиялық ҳәм лирикалық қатламлар күшли. Сонлықтан да белгили алым У.Жўрақулов докторлық диссертациясында Наўайы «Ҳамса»сының жанрлық тәбиятына итибар қаратады. «Ҳамса» Шығыс-Ислам көркем ой дүньясында жедел түрде көринген синтетизм процесиниң жемиси болып табылады. Себеби, «Ҳамса» өзиниң қәлиплесиў басқышларында илаҳий китаплар, дүнья халықлары мифологиясы, фольклор ҳәм жазба әдебият жанрлары менен избе-из тарийхый поэтикалық қатнасқа кирген. Буған тийкар сыпатында илаҳий китаплар, Пайғамларлар қыссалары, Шығыс ҳәм Батыс әдебиятындағы лирикалық, эпикалық, драмалық түрлерге тийисли жанрлар, композиция, сюжет, образ, мотив, деталь сыяқлы көркем компонентлердиң «Ҳамса»ның поэтикалық структурасына ислам призмасы тийкарында синтезленгенин көрсетиў мүмкин [4:15]. Демек Наўайы дөретиўшилигинде әйне «Ҳамса»сында бир неше жанрлық формалардың бир шығарма ишинде өз ара тәсир етиўи анық көринеди. Сонлықтан да, наўайытаныўшы алым У.Жўрақулов: - «Ҳамса»ны эпос, роман, қысса, драма, ғәззел сыяқлы түрли жанрларға тән поэтикалық компонентлерди синтезлеген ғәрезсиз көркемлик система деп баҳалайды.[5:56] Демек, Наўайы поэтикасын Шығыс ҳәм түркий әдебиятындағы жанрлық синтездиң жетик басқышы сыпатында баҳалаўға болады.

Шығыс классикалық әдебиятындағы жанрлық диффузияның және бир дәреги – суфийлик поэзия болып табылады. Суфийлик мазмундағы шығармаларда лирикалық сезим, философиялық көзқарас, диний-идеологиялық нәсият, символикалық ҳикаят ҳәм дидактикалық ой-пикир бир пүтин композицион системаға биригеди. Муҳаббат, шарап, жол, сапар, бағ, бүлбил, пәрўана, шам сыяқлы дәстүрий поэтикалық образлар бир ўақыттың өзинде эстетикалық, философиялық ҳәм диний-мистикалық мәни аңлатады. «Соның ушын суфизмде түрли тараўлар, көзқараслар тутасып, соқлығысқанын, үнлеслигин ҳәм ишки қарама-қарсылығын көремиз. Бунда кең ой-пикир майданында ақыл ҳәм даналық саўлаты да, сезимге батқан, қайнап турған дөретиўшилик пәрўаз да, үрп-әдет, белгилеп қойылған әдеп-икрамлылық нызам-қағыйдалары менен бирге, сол қағыйдаларды писент етпейтуғын еркинлик сезиминиң көриниси де, жасырын сыр менен бир қатарда ашық логикалық-философиялық ой-пикир де бар» [6:5]. Фариддин Аттардың «Мантық ут-тайр» («Қуслар тили») шығармасы буған мысал бола алады. Шығарма сыртқы структурасы бойынша қуслардың Симурғты излеп сапарға шығыўы ҳаққындағы аллегориялық дәстан болып табылады. Бирақ, онда суфийлик тарактат, дидактика, саяхат ҳәм философиялық диалог белгилери бириккен. Қуслардың ҳәр бири белгили бир инсанлық характерди нышанлайды. Олардың сапары, географиялық кеңисликтеги ҳәрекеттен гөре инсан руўхый дүньясының жетилисиў жолын аңлатады. Бул ҳаққында Н.Комилов: - «Суфизм диний исеним, ҳикмет (философия), көркем дөретиўшилик араласпасындағы дидактикалық сезим, ақыл-парасатлылық тәлиймат болып, илаҳий ышқы баянламасы болып есапланады» [6:5] - деп көрсетеди. Илимпаздың бул пикири суфийлик поэзияның философиялық, эстетикалық ҳәм диний-мистикалық қырлары өзара синтезленген көп қатламлы көркемлик система екенлигин дәлиллейди.

**Жуўмақ**. Шығыс классикалық әдебиятындағы жанрлық диффузия төмендеги тийкарғы формаларда жүзеге асқан: поэзия менен философиялық-дидактикалық пикирдиң биригиўи; жазба әдебият пенен аўызеки фольклорлық сюжетлердиң өзара байланысы; эпикалық баянлаўға лирикалық ҳәм драмалық элементлердиң ениўи; тарийхнама, мемуар, саяхатнама ҳәм көркем сүўретлеўдиң синтези; авторлық «мен», жеке тәжирийбе ҳәм жәмийетлик-философиялық жуўмақтың бир пүтин баянлаўға айланыўы болып табылады. Усы дәстүрлерди жанрлық системаның раўажланыўындағы қосымша яки өткинши қубылыс деп баҳалаў жеткиликсиз. Олар Шығыс көркем ойлаўының тийкарғы поэтикалық принциплериниң бири болып табылады. Дөретиўши ушын көркем шығарма тек эстетикалық форма емес, ал өтмишти сақлаў, билим бериў, әдепликке бағдар көрсетиў, жеке тәжирийбени улыўмаластырыў ҳәм жәмийет пенен руўхый сәўбетлесиў қуралы болған. Сол себепли Шығыс әдебиятындағы жанрлық диффузия дәстүрлери кейинги түркий жазба әдебияттың жанрлық раўажланыўына күшли тәсир етти. Сондай-ақ Юсуп Ҳас Ҳажиб, Ахмет Югнакий, Мамуд Қашқарий ҳәм т.б. сөз зергерлериниң жазба естеликлерде усы синкретлик ҳәм синтезлик принциплер даўам еттирилди.

**Әдебиятлар**

1. Ёқубов И. Мустақаллик даври ўзбек романлари поэтикаси (монография). – Тошкент: «Nurafshon business», 2021.

2. Лихачев Д.С. Поэтика древнерусской литературы. – Москва: «Наука», 1979.

3. Низомий Ганжавий. Махзан ул-асрор (Сирлар хазинаси) – Тошкент: «Камалак», 2016.
4. Жўрақулов У. Алишер Навоий «Хамса»сида хронотоп поэтикаси. фил.фан.докт. (DSc) дисс. автореферати. – Тошкент, 2017.
5. Жўрақулов У. Алишер Навоий «Хамса»сида хронотоп поэтикаси. (монография). – Тошкент: «Турон-иқбол», 2017.
6. Комилов Н. Тасаввуф. – Тошкент: «Movarounnahr-O‘zbekiston», 2009.
7. Ҳомидов Ҳ. «Шоҳнома»нинг шуҳрати. – Тошкент: «Ўзбекистон», 1991.
8.https://bigenc.ru/wiki/%D0%A4%D0%B8%D1%80%D0%B4%D0%BE%D1%83%D1%81%D0%B8?utm_source=chatgpt.com

# QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANÍ “EDIGE” HÁM ONÍŃ POETIKASÍNDAǴÍ AYÍRÍM MÁSELELER

**Nizamatdinov Jeńis Minajatdinovich** – *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
nzamatdinov@mail.ru
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# КАРАКАЛПАКСКИЙ НАРОДНЫЙ ЭПОС "ЕДИГЕ" И НЕКОТОРЫЕ АСПЕКТЫ ЕГО ПОЭТИКИ

**Низаматдинов Женис Минажатдинович** – *кандидат филологических наук, доцент*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# THE KARAKALPAK FOLK EPIC "EDIGE" AND SOME ISSUES IN ITS POETICS

**Zhenis Minajatdinovich Nizamatdinov** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so‘zlar:** doston, Edige dostoni, jirovchilik, versiya, syujet, tarix.

**Rezyume.** Maqolada Edige dostonining g‘oyaviy, tematik, syujetning tarixiylik jihatlari tahlil qilinadi. Shuningdek, dostonning turkiy xalqlaridagi versiyalari va jirovlarning variantlari solishtirib o‘rganilgan.

**Ключевые слова:** дастан, дастан Едиге, жырау, версия, сюжет, история.

**Резюме.** В статье анализируются идейные, тематические и исторические аспекты сюжета дастана Едиге. Также сравнительно изучены версии дастана у тюркских народов и варианты жырау.

**Key words:** epic, Edige epic, jyrau, version, plot, history.

**Summary.** The article analyzes the ideological, thematic, and historical aspects of the plot of the Edige epic. Also, the versions of the dastan among the Turkic peoples and the variants of the zhyrau were studied in comparison.

**Kirisiw.** “Edige” dástanı qaraqalpaq xalqı arasında jırawlardıń úlken ıqlas penen atqarǵan, xalqımızdıń súyip tıńlaǵan dástanlarınıń biri. Bul dástan túrkiy xalıqlar arasına da keńnen taralǵan. Onıń qaraqalpaq, qazaq, noǵay, bashqurt, qırım tatarları xalıqlarında nusqaların ushıratamız. Dástandı jıynaw, járiyalaw jumısları erteden-aq, rus ilimpazları tárepinen qolǵa alındı.

**Ádebiyatlar analizi.** Shıǵıs xalıqları arasınan birinshilerden bolıp, jazıwshı G.I.Spaskiy (qazaqsha variantın) jazıp alıp russha awdarmasında [1:351], al ilimpaz Xodzko (noǵaysha variantın) inglis tilindegi awdarması [2:485] menen járiyaladı. “Edige” dástanınıń jıynalıw, jazıp alıw hám járiyalanıwı haqqında belgili ilimpaz N.Dáwqaraev “Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń ocherkleri” atlı izertlewinde, 1840-jıldıń ishinde Sh.Wálixanov qaraqalpaqlardıń arasında bolıp, tolıp atırǵan folklorlıq, etnografiyalıq materiallardı hám bir neshe mártebe qaraqalpaqlardan “Edige” dástanın jazıp aladı-dep aytıp ótedi. 1862-jılı professor Melioranskiy “Edige” jırın qırǵızsha, qaraqalpaqsha versiyasın, sonday-aq, I.N.Berezin “Edige” dástanın bastırıp shıǵardı. Bul variantlar Sh.Wáliyxanov jazıp alǵan variant, biraq ol tilin qazaqlastırǵan [3:27] - dep jazadı. 1903-jılı Peterburg universitetinii P.M.Melioranskiydiń shákirti I.A.Belyayev qaraqalpaq folklorın jıynaw hám izertlew ushın Qaraqalpaqstanǵa keledi. Ol qaraqalpaq jıraw-baqsıların joqarı bahalay otırıp: “Meniń qolımda “Edige”, “Qoblan”, “Shejire”niń úsh qoljazbası bar” [4:86] – deydi. I.A.Belyayevtıń qaraqalpaq eposların jıynawda alıp barǵan xızmetleri haqqında biz I.T.Saǵiytovtıń miynetlerinen tereńirek túsinip alamız. Ol 1917-jılı Ashxabadta basılıp shıqqan “Протоколы заседании и сообшений членов Закаспийского кружка любителей археологии истории Востока” – degen toplamnıń 3-bóliminde “Edige” menen Toqtamıs tuwralı jırdıń I.A.Belyaevtıń awdarmasında russha basılǵanın, sol toplamnıń 4-bóliminde “Edige”niń qaraqalpaqsha teksti “Qaraqalpaq xalqınıń tariyx etip shıǵarǵan hikayatı” – dep basılǵanın aytadı. Izertlewde “Edige” jırın I.A.Belyayev 1903-jılı Ámiwdárya bóliminiń Shımbay awılındaǵı sheriwshi urıwınan Bekmuxammed (Bekimbet jıraw) degen atqarıwshıdan jazıp alǵanlıǵın aytadı. Atqarıwshı haqqında bılay deydi: “Bekmuxammedtiń ózi sawatsız hám musılmansha bilimsiz bolsa da óziniń tuwısqan poeziyasın shın kewilden súyetuǵın adam edi” [5:14] – degen pikirdi keltiredi.

Jergilikli qánigelerden “Edige” dástanın birinshi mártebe Erpolat jırawdan 1929-jılı folklorist Q.Ayımbetov Shımbay qalasında etnografiya ekspediciyasında jazıp aladı. Bul qoljazbanıń joytılıp ketiwine baylanıslı, jáne Erpolat jırawdan qaytadan 1934-jılı jazıp alıp, 1937-jılı Moskvada bastırıp shıǵaradı. Kitaptıń alǵı sózinde: “Men “Edige”ni 1929-jılı Shımbay qalasında Erpolat jırawdan jazıp alǵan edim. Ol qoljazba túrli sebepler menen joq bolıp ketti. Maǵan “Edige”ni qaytadan jazıp alıwǵa tuwra keldi. 1934-jılı oktyabr ayınıń basında “Edige”ni Shımbay qalasına ilim izertlew institutı tárepinen barǵanda Erpolat jırawdan qaytadan jazıp aldım. Jazǵan waqıtta qobız benen jırlaytuǵın jırdı qara sóz benen awız eki ayttırıp jazıw qıyın boldı. Jıraw qobız benen jırlaǵanda jır sózleriniń uyqası kelisip jırlana beredi. Ol qobızdı qoyıp, awızeki aytqanda uyqasıǵın keltire almay, kóp qıyınshılıq penen aytıp berip otırdı” [6:10-11]. I.A.Belyayev jazıp alǵan Bekimbet jıraw, Q.Ayımbetov jazıp alǵan Erpolat jıraw, 1961-jılı Q.Qayratdinov tárepinen jazıp alınǵan Qıyas jıraw variantlarınan basqa “Edige” dástanınıń Óteniyaz jıraw variantı 1959-jılı Óteniyazov Niyetbay tárepinen jazıp alınadı. Bunnan basqa dástannıń Esemurat jıraw, Jannazar jıraw, Seyitjan jıraw, Jumabay jıraw taǵı basqa variantları jazıp alındı. Bul variantlar Ózbekistan Respublikası Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bólimi kitapxanasınıń qol jazbalar fondında saqlanadı. Belgili ilimpaz I.T.Saǵiytov dástanǵa unamlı baha berip, tariyxıy fakt penen folklorlıq dóretpeniń ayırmashılıqlarına toqtaydı [5:55-56]. Folklorist Q.Ayımbetov “Xalıq danalıǵı” kitabında Erpolat jıraw hám ol jırlaǵan “Edige” dástanına toqtap ótip, dástanda tariyxıy waqıyalardıń jırlanıwı, dástan tiliniń baylıǵı, jalpı kompaziciyalıq qurılısınıń sheberligi jaǵınan, sonday-aq, qosıq qurılısı, aytılıw texnikası, noǵaylılar zamanında payda bolǵan tariyxıy jır “Ormanbet biy” tolǵawına kútá jaqın keledi [7:97] – dep aytadı. Kórnekli ilimpaz

V.M.Jirmunskiy "Edige" dástanınıń Erpolat jıraw variantı boyınsha sóz etip, dástannıń qaraqalpaqsha versiyası eń kórkem hám syujetlik waqıyaları jaǵınan keńnen jırlanǵan [1:128] – dep bahalaydı. Folklorist Q.Maqsetovtıń redaktorlıǵındaǵı jámáátshilik miynette dástannıń tariyxqa qatnası, dástannıń dóreliw dáwiri, mazmunı haqqında maǵlıwmat beriledi [8:87-89]. Ol óziniń "Dástanlar, jırawlar, baqsılar" degen miynetinde basqa dástanlar menen bir qatarda "Edige" dástanınıń kórkemlik ózgesheligine, tili máselelerine toqtap ótedi [9:179-198]. "Edige" dástanı boyınsha arnawlı izertlew jumısı folklorist K.Allambergenov tárepinen 1990-jıllarda islendi. Bul ilimiy izertlew 1995-jılı "Qaraqalpaq xalıq dástanı "Edige"" degen atamada kitap bolıp basılıp shıqtı. Bul miynette dástannıń variantları hám versiyaları, syujetlik tipologiyası, dástannıń genezisi, syujetlik ózgeshelikleri, qaharman obrazları hár tárepleme tereń izertlendi. Sonday-aq, ilimpaz K.Allambergenov 2017-jılı "Ámir Temir hám Er Edige" (Ullı atlanıs) atamasında tariyxıy muzikalı drama dóretti. Folklorist K.Allambergenov óziniń izertlew jumısında "Edige" dástanınıń janrlıq ózgesheligi haqqında ilimde ele bir toqtamǵa kelmegenligin aytadı. Ol dástan haqqında izertlewlerinde sóz etken alımlardıń pikirlerine ayırıqsha itibar beredi: "Edige" dástanın "jır" (Sh.Wáliyxanov, N.Dáwqaraev), "ertek, qaharmanlıq dástan, jır" (Q.Ayımbetov, I.Saǵitov), "Dástan hám poema" (V.M.Jirmunskiy, I.A.Belyaev), "Qaharmanlıq dástan" (S.Bahadirova, Q.Bayniyazov), "Individual jeke dóretpe, qaharmanlıq dástan" (K.Mámbetov), "Tariyxıy dástan" (Q.Maqsetov) degen termin menen kórsetilgenin aytıp ótedi [10:49]. K.Allambergenov usılardı kórsetip mınaday juwmaq hám sheshimge keledi: "Edige" dástanınıń, onda tariyxıy-qaharmanlıq motivtıń kúshli ekenligi ańlatıladı. Dástan tematikası, syujetlik mazmunı boyınsha bul motivlerdiń ekewine de juwap beredi, hátte bul motivler birin-biri tolıqtırıp otıradı" [10:51] – dep, dástanda qaharmanlıq motiv, tariyxıylıq motiv teń qatar orın alatuǵınlıǵın názerde tutıp, tariyxıy qaharmanlıq dástan degen juwmaqqa keledi. "Edige" dástanı tiykarınan joqarıda kórsetip ótkenimizdey bir neshe variantları jazıp alınıp, ilimiy baǵdarda bir qatar izertleniwine iye boldı.

**Tiykarǵı bólim.** Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarınıń ele ashılmaǵan sóz etiliwi, ilimiy izertleniwi tiyis máseleleri kóp. Bul jerde sonı aytıp óter edik, yaǵnıy, qaharmanlıq dástanlardıń janrlıq ózgesheligi arnawlı baǵdarda izertleniwi zárúr. Atap ótilgen alımlardıń miynetlerinde dástannıń idea-tematikası, obrazları, kórkemliligi, janrlıq ózgesheliktiń bir salası. Bular janrlıq kózqarastan emes, al ádebiy miyras spatında kóp úyrenildi. Sonlıqtan da qaharmalıq dástanlardıń janrlıq ózgesheligin úyreniw dástantanıwdaǵı mashqalalı máselelerden esaplanadı. Qaharmanlıq dástanlar erte dáwirlerden baslap óziniń rawajlanıw basqıshlarınan ótip, awızeki xalıq dóretpeleriniń túrli janrları menen jetilisip keldi. Usılayınsha dástanlardıń janrlıq ózgesheligi qáliplesti. "Edige" dástanı sol XV ásirlerde dórelip búgingi kúnge jetip keliwinde erte dáwirlerden baslap qáliplesken epikalıq dástúrlerdi óz boyına tolıq jámlep klassikalıq usılda jırlanǵan dástan. Dásnanlardıń tariyxıy shınlıqqa qatnası, payda bolıwı, rawajlanıwı, ózgeriske ushırawı birgelkili bolmaydı. Bunnan qaharmanlıq dástanlardıń kóp qabatlılıǵın, kóp tarmaqlılıǵın, onda dáwir belgileriniń ushırasatuǵınlıǵın kóremiz. Usı kózqarastan "Edige" dástannıń janrlıq ózgesheligine názer awdarǵanımızda, bunda dáslep dástannıń dáwirlik ózgesheligin qarastırıw kerek boladı. Dáwirlerge bóliwde – arxaikalıq, klasikalıq kórkem formalardıń anıqlanıwında hár bir dáwirdegi júzege kelgen kompazciyalıq ózgesheliklerdi, sonıń menen tradiciyalıq usıllardı belgilewde ornı kórsetiledi. Bulardı úyreniwde baslı máselelerdiń biri bolıp, dástanlardıń payda bolıw negizin qarastırıp shıǵıw talap etiledi. Bul talaplardan dástannıń miflik, erteklik, diniy, salt-dástúrlik, tariyxıy qatlamlardan quralıwın anıqlawǵa boladı. Jáne, onıń syujettegi, kompoziciyalıq dizbektegi áhmiyeti anıqlanadı. Sonday-aq tariyxıy qosıqlar, joqlaw jırları negizinde dástanlardıń júzege kelgenligi haqqında pikirler jáhán folklortanıwında orın alıp kiyatır. Usılar menen bir qatarda dástandaǵı motivlerdiń dizbegi, olardıń motivler kórsetkishleri dástúriy strukturada beriledi.

Hár qanday eposlıq dóretpeler payda bolıwınan baslap óziniń basıp ótken hár bir dáwirinde jetilisip keledi. Dástan bunday ósiw jolında awızeki xalıq dóretpeleriniń túrli janrları, sonday-aq xalıqtıń tarıyxı, diniy isenimleri, mádeniyatı menen tıǵız baylanısta rawajlanıp otıradı. «Edige» dástanı syujetlik tárepten júdá mazmunlı bolıp qurılǵan hám kompoziciyalıq tárepden dástúrli kórkemlik usıllar sheber qollanılǵan. Dástanda túrli dáwirlik sıpatlardı ushıratıwımızǵa boladı. Dástanlardıń janrlıq qáliplesiwindegi eń eski basqıshındaǵı formanı mifler, ertekler quraydı. Bunday dáslepki basqıshlardaǵı derekler haqqında folklorist V.Ya.Propp «Rus bılıynalarınıń eń dáslepki dáwirin mámleketke shekemgi epos» dep qaraydı. Ol bunday eposlarda miftıń úlken orın alatuǵının atap ótedi. Kórnekli epostanıwshı V.M.Jirmunskiy «Qaharmanlıq dástanlardıń negizi batırlıq ertek» dep qaraydı. Belgili ádebiyatshı N.Dáwqaraev «Qaraqalpaq eposlıq jırlarında mifologiyalıq «quday», «táńri» dep baslap tap usı kúngi batırlarǵa shekemgi hár túrli obrazlardı tabıwǵa boladı» dep kórsetedi. «Edige» dástanı tiykarınan tarıyxıy ańızlar negizinde payda bolǵan epos. Dástannıń syujeti erteden jırawlardıń epos atqarıwındaǵı dástúrli kompoziciyasında qurılǵan. Onda qaharmanlıq dástanlarǵa tán batırdıń ózgeshe er jetiwi, birinshi qaharmanlıq isleri, ishki jaw menen arazlasıwı, t.b. usaǵan syujetlik dúzimde beriledi. Ádette, eposlıq dóretpeler dáwirge baylanıslı arxikalıq (góne epos), klassikalıq (úlken epos), sońǵı dáwirlerde payda bolǵan tarıyxıy (kishi epos) dástanlar bolıp úyreniledi. Dástanlar dáwirge baylanıslı kórkem formalıq ózgesheliklerge iye boladı. Góne eposlardıń syujetlik qurılısı, mazmunı qıyalıy erteklik sıpatta súwretlenedi. Olar mif, erteklik formalardan ibarat. Úlken eposlarda da miflik personajlar erteklik dúzilisler boladı. Biraq bunda real qaharmannıń háreketi, qaharmanlıq gúresi jámiyetlik mápke kóterilgen dárejede beriledi. Tiykaǵı ideya tematikalıq baǵıt ruw-qáwim, el-xalıq mápi, olardı qorǵawdan ibarat. Kishi eposlarda real tariyxıylıq basım dárejede boladı.

«Edige» dástanı klassikalıq, úlken epos bolıp esaplanadı. Dástanda arxaikalıq góne epos kórkem formaları keń orın alǵan. Tiykarında úlken eposlardaǵı qaharmanlardıń is-háreketleri real turmıslıq baǵdarda beriliw menen birge arxaikalıq kórkemlikte súwretlenedi. Edigenıń obrazlıq sıpatı dástanda arxaikalıq góne eposqa tán, miflik, erteklik forma jırlanǵanın kóremiz. Dástanda Edigenıń atası Qubır áwliyedegi ústilerine túk shıǵıp júretuǵın, jurttan bólek jalǵız júrgen ózgeshe adam

sıpatında súwretlenedi. Ol sol jerdegi bulaqqa on eki ayda úsh márte shomılıp ketetuǵın úsh kepterdiń biriniń lipasın alıp, onı hayallıqqa aladı. Baba Túkli Áziyz kepter lipasındaǵı perige bergen shártlerin buzıp, izinen qarasa periniń úsh tırnaǵı, qustıń jeppesindey ayaǵı bar eken, suwǵa shomılǵanına sıǵalap qarasa, periniń on eki aǵzasın bólek-bólek qılıp qayta qurap atırǵanın kóredi. Peri uyıqlap atırǵanında jawırnına qol ursa, jarıqtıń bar ekenligin, qoltıǵına názer salsa, elpildep shıǵıp-qaytıp turǵan qanattı kóredi. Periniń shashın tarap atırǵanına qarasa, basın qolına alıp shashın tarap atırǵanın kóredi. Bul periden Edige tuwıladı. Bunda babanıń ústi túkli bolıwı, áwliyede júriwi, onıń ápiwayı adam emes, áwliye, perishte sıyaqlı bolıp súwretleniwin kórsetedi. Baba Túkli Áziyz aqlıǵı Nuratdinnıń qáwip astında qalǵanlıǵın biledi. Sebebi, ol Nuratdinnıń sırtınan xabardar bolıp, aq-sarı bas quw bolıp ańlap júrgen edi. Aqlıǵına qáwip tuwǵanlıǵın bildirip, saray túńliginen kelip qanatı menen arqasına Nuratdindi mindirip alıp ketedi. Bul jerde de babanıń basqa túske enip, qusqa aynalıp júriwi, onıń káramatlı, perishte sıpatındaǵı súwretleniwi arxaikalıq kórkemlik usıllar. Bundaǵı kepterdiń lipasın taslawı, olardıń peri súlderine aylanıwı, ókshesiniń bolmawı, qoltıǵında qanatınıń bolıwı, qus bolıp beriliwi haqıqıy miflik sananıń jemisi esaplanadı. Bul bir tárepinen antropologiyalıq kózqaraslar menen de tıǵız baylanıslı. Dástandaǵı batırdıń tuwılıw epizodı miflik personajlardıń qatnasıwında berilgen. Bul epizodlıq waqıyalardıń qurılısı erteklik sıpatqa da iye. Onda úsh kepterdiń bulaqqa kelip shomılıwı, olardıń eń genjesiniń lipasın alıp qalıw arqalı hayallıqqa alıw, erteklerde júdá kóp qollanılatuǵın usıllardıń biri. Tiykarınan alǵanda mif hám ertek bir-biri menen tıǵız baylanısıp ketken. Bunday miflik, erteklik baǵıtta batırdıń káramatlı, qúdretli bolıp tuwılıwı, onıń aldaǵı qıyınshılıqtı, úlken tosqınlıqlardı jeńiwine uqıplı ekenligin bildiredi. Ulıwma «Edige» dástanında mif hám erteklik sıpatlar, arxaikalıq kórkemlik úlken orın iyelegen.

Sonıń menen bir qatarda, dástannıń tiykarǵı kórkemlilik baǵıtında tarıyxıylıq, real turmıslıq sıpatlarda basım dárejede súwretlenedi. Dástanda Edigeniń jılqı baǵıp júrip hár qanday dawlardı sheshiwi, Toqtamıs penen arazlasıwı, Nuratdinnıń xan xizmetinde bolıwı, atası Edige menen Nuratdinnıń ayralıqta bolıwı, Nuratdinnıń atasın izlep shıǵıwı, atası menen málellesip qalıwı hám jarasıwı usaǵan epizodlar tikkeley turmıslıq waqıyalarǵa baylanıslı bolıp esaplanadı. Sonday-aq, dástandaǵı Toqtamısxan, Edige, Sátemir sıyaqlı tiykarǵı syujetlik orayda turatuǵın qaharmanlar tarıyxta bolǵan adamlar. Biraq, bulardıń obrazı epikalıq dástúrde jasalǵan. Dástanda tarıyxıy dáwirdi súwretleytuǵın tolıp atırǵan tolǵawlar ushrasadı. Bul tarıyxıy tolǵawlar sol noǵaylı dáwirindegi el-xalıqtıń túrli jawgershilikten qıynalǵanlıǵı, tuwǵan mákanıń, tuwǵan-tuwısqanın, eli-xalqın saǵınıwı hám basqa da kúyinish sezimlerin tereń tolǵanıwda súwretleydi. Bulardıń barlıǵı xalıqtıń tarıyxıy turmısınan kelip shıqqan.

«Edige» dástanı mazmunlı, quramalı syujetke qurılıwı menen birge, júdá kórkem jırlanǵan dástanlardan esaplanadı. Dástanda obrazlardıń sıpatlanıwı, qaharmanlardıń waqıyadaǵı túrli is-háreketleri, sonday-aq, waqıyalardaǵı hár túrli kórinislerdiń bayanlanıwı epikalıq dástúrge tiykarlanıp kórkem súwretlenedi. Bunda batırdıń portretı, qarsılasına bolǵan ǵazebi, dushpanǵa qarsı gúresiwi, t.b. lar jırawlardıń dástan dóretiwdegi epikalıq usılları menen túrli kórkemlik súwretlew qurallarınan paydalanǵan halda jırlanǵan. Jıraw dástannıń kompaziciyasında syujetlik waqıyalardıń bóliniwlerin sheber qurastırıp, bólek waqıyalar, epizodlar baslanarda «Ál qıssa», «Endigi sóz» dep baslap jańa waqıyalardı bayan etedi. Hár qanday waqıyalıq kórinislerdi túrli kórkemlikte naqıl-maqallardı, epikalıq qaytalawlardı, dástúrli giperbolalıq hám teńew, metafora usaǵan túrlerin júdá sheber qollanadı. Dástandı oqıp otırǵanımızda kórkem súwretlew qurallarınan teńewlerdi kóplep ushıratamız. Edigenıń Kenjembayǵa aytqan sózlerinde «Qaranarday gúrkirep», jolǵa atlanıwında «Qazanlı astay qaynadı», «Qańırqaǵan búrkittey» Edige batırdıń Sátemirge bergen juwaplarında, eger tapsırmańdı orınlay almasam dep aytıp turǵan sózinde «Ashılǵan gúldey solaman» teńewleri qollanıladı. Edigeniń dáwdi izlep júriwin «Ash bórıdey jalaqlap», «Badana kózli jebesin» dep súwretlese, Qaratıyın Álip dáwdiń taxt ústinde otırǵanın «Qazannıń qara bultınday», «Tawda turǵan tóbedey, Bası tawdaǵı seńgirdey, Murtı bar jebedey... Jaraǵan narday aybatlı, Gebejedey qursaqlı, Qulaqları qalqanday, Murnı qısımlanǵan talqanday, Qorqıp esten tanǵanday», «Gellelesken qoshqarday» degen teńewler menen beriledi. Dáwdiń usınday turpatın súwretlewde epitetler mınaday bolıp qollanılǵan, «Mańlayında boz attıń», «Boz orda», «Jaraǵan nar», «Sur betli», «Qaynatqan temir reńli», «Qaytpas batır», «Ala tuwdı jamılǵan» dep beriledi. Aqbilek ayımnıń boz ordada muńayıp otırǵanınıń súwretleniwinde «Altın gúrsi astında, Tilla jamı dástinde», «Boz ordada otırıp, Aqsha júzin soldırǵan» degen epitetler qollanılǵan. Bulardan basqa «Dárya kibi talqılap, Quba úyrektey qalqılap» degen teńewlerdi ushratamız. Dáwdiń jebeden atqan oǵı «Qarǵın suwday sarqırap, Iyttey qańsıp baradı» dep súwretlense, batırdıń oq atıwǵa tayarlanıwı «Shegimi qattı polattay» dep súwretlenedi. Dástanda usınday teńewler, epitetler menen tolıp atırǵan metaforalıq súwretlerdi ushratamız. Mısalı; «Báhárde ashılǵan baǵdıń gúliseń, Bir azada baqqan ay ma, kúnbiseń», «Ayrılǵan kólden sonaman, Gá tutasıp, gá janaman», «Edige atlı shamshıraǵım qulaq sal», «Júk kótergen qatarımda nar edi», «zardabınan qızıl gúlim solǵandı», «Kimdi botadan ayırdı ... Qanatınan qayırdı», «Sózi ótkir mináyim», «Ashıldı baǵda gulzarım», «Mısal arıslan sher edi» taǵı basqa metaforalardı júdá kóplep qollanılǵanın kóremiz. Dástanda qaharmanlardıń obrazlıq sıpatların janlandırıp súwretlew ushın giperbolalıq kórkemlew quralları paydalanılǵan. Mısalı Edige batırdıń Buwırshın atınıń shabısın «Qara taslar solqıldap», «sekirgende tulparı, Tanap jarım jol aldı», «Jer tanabın quwırdı» dep súwretleydi. Dáwdiń basqan izi «Belbewlikten qazılǵan, Izdi kórip Edige», «Tepsingende jer qorıqqan», «Góne japtay izi bar» dep asıra súwretlenedi hám taǵı basqa usı sıyaqlı kórkem súwretlew quralları dástanda sheber qollanılǵan. Bul súwretlew quralları hár qanday is-háreketlerdi tásirli etip, onıń mánis-mazmunın keńeytip, tásirliligin arttıradı. Jırawlar bunday súwretlew qualların qollanıw arqalı qaharman obrazlarınıń kórkem sıpatlanıwın támiynleydi.

**Juwmaq.** Ulıwma juwmaqlap aytqanda, dástan ideyalıq, tematikalıq tárepden joqarı turatuǵın hám kórkemlik ózgesheligi jaǵınanda bay epikalıq dástúrlerde jırlanǵan xalqımızdıń bahalı dóretpesi esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Жирмунский  В.И. Тюркский героический эпос. – Ленинград: «Наука», 1974.
2. Ходьзко А. Народная поэзия Персин. – Лондон: 1840.
3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. Том II. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
4. Мелиранский П.М. Сказание об Едиге и Тохтамыша, приложение к сочинениям. Ч.Ч.Валиханова-Зап.РГО по отд. Этнографии. – Ташкент: XXI СПБ. 1903.
5. Сағитов И.Т. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
6. «Едиге» дәстаны. – Нөкис: «Билим», 1990.
7. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан»,1988.
8. Очерки по истории каракалпакского фолклора. – Ташкент: «Фан»,  1977.
9. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
10. Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге». – Нөкис: «Билим», 1995.

## «ADABIYOT TANITQICh» – AHMET BAYTURSINULINING KLASSIK TADQIQOTI

**Salqinbay Anar** – *filologiya fanlari doktori, professor*
asalkbek@gmail.com
*Al-Farobiy nomidagi Qozoq milliy universiteti*

## «АДАБИЁТ ТАНИТКИЧ» («ВВЕДЕНИЕ В ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИЕ») – КЛАССИЧЕСКОЕ ИССЛЕДОВАНИЕ АХМЕТА БАЙТУРСЫНОВА

**Салкынбай Анар** – *доктор филологических наук, профессор*
*Казахский национальный университет имени Аль-Фараби*

## "ADABIYOT TANITQICH" ("INTRODUCTION TO LITERARY STUDIES") – A CLASSIC STUDY BY AHMET BAYTURSINOV

**Salkynbay Anar –** *Doctor of Philological Sciences, Professor*
*Kazakh National University named after Al-Farabi*

**Tayanch so'zlar:** A.Baytursinuli, qozoq adabiy tili, drama, adabiy-falsafiy kategoriya, ichki olam, tashqi olam, til va nutq.

**Rezyume.** Maqolada A.Baytursinulining «Adabiyot tanitqich» asaridagi «aytis-tartis» tushunchalari haqidagi mulohazasini adabiy atama, antropologik-falsafiy g'oya sifatida baholash taklif etiladi.

**Ключевые слова:** А.Байтурсынулы, казахский литературный язык, драма, литературно-философская категория, внутренний мир, внешний мир, язык и речь.

**Резюме.** В статье предлагается рассматривать рассуждения А. Байтурсынулы о понятиях "айтыс-тартыс" в его труде "Основы теории литературы" в качестве литературного термина и антрополого-философской идеи.

**Key words:** A.Baytursynuly, Kazakh literary language, drama, literary-philosophical category, inner world, outer world, language and speech.

**Summary.** This article proposes an evaluation of A. Baytursinuly's reflections on the concepts of "aytis-tartis" in his work "A Guide to Literature" as a literary term and an anthropological-philosophical idea.

Qozoqlarning butun ma'naviy madaniyati adabiyotga bog'liq. Millatimizning falsafiy ta'limoti, psixologik bilimi, siyosiy maydoni, tarixiy saboqlari, pedagogik mahorati, ijtimoiy qarashlari - ko'pincha badiiy so'z san'atida saqlanib qolgan. Asl so'z qozoq xalqining butun ma'naviy borlig'idagi asosiy qadriyatlarni zamonlar qa'ridan saqlab, o'zida ta'limot sifatida jamlagan. Shu nuqtayi nazardan A.Baytursinuli o'zining bilimi, donishmandligi va allomalarcha qarashlarini ushbu «Adabiyot tanitgichi» nomli asarida imkon qadar to'la-to'kis bayon etishga intilgandek. Usbu asarni ko'plab olimlar o'rgangan, ilmiy fikrlarini bildirgan.

«Adabiyot tanitgichi» R.Sizdik ta'kidlaganidek, «Adabiyotshunoslik fani va qozoq adabiyoti tarixiga bag'ishlangan birinchi tadqiqot ishi.... Bu yerda muallif ko'plab masalalarni o'zi hal qilib, ko'plab tushunchalarga lug'at nomlarini taklif qiladi» [6:52]. Ahmetning «Adabiyot tanituvchi» asarini maxsus o'rgangan Jandos Smagul «Ahmet Baytursinuli - milliy adabiyotshunoslik fanining asoschisi» nomli tadqiqotida olim tomonidan tavsiya etilgan san'atshunoslik, adabiyotshunoslik, folklorshunoslik sohalari bo'yicha jadval tuzib, quyidagi raqamli ma'lumotni taqdim etadi: «Bu yerda adabiyotshunoslikka oid 327 ta so'z ishlatilgan bo'lsa, shundan 60 tasi (18%) hozirgi kungacha qo'llanilmoqda. 267 tasi (80%) hozirda qo'llanilmaydi» [7]. Olim-ustoz R.Nurgali ta'kidlaganidek, Ahmetning bu asari «estetik-falsafiy bilimi, adabiyotshunoslik nuqtayi nazari va tanqidiy qiyofasini to'liq namoyon etuvchi tizimli tadqiqot» bo'lganligi sababli, biz undan nafaqat adabiyotga oid so'zlarni izlash, balki estetik, falsafiy tushunchalar va kategoriyalarni topish va tushunishni ham maqsad qilganmiz.

A.Baytursinuli «Auza, tolgau, aytishuv-tortishuvning eng kattasi - aza, o'rtadagisi tolgau, kichigi - aytishuv-tortish. Aytishuv qozoqlarda og'zaki adabiyot shaklida bo'lsa-da, aytishuv-tortishuv shaklidagi so'zlar boshqa xalqlarda yozuv-chizuv, san'at-fan paydo bo'lgan paytda paydo bo'lgan. So'nggi paytlarda qozoqlarda ham haqiqiy aytishuvlar emas, ijodiy aytishuvlar paydo bo'ldi» [4:104]. Yani olimlar tadqiqotlarida o'rinli ko'rsatilganidek, olim bu terim so'zni «drama» ma'nosiga yaqin qo'llagan. Aytis-tartis - bu qozoq shoirlarining aytishuvi ham emas, ularning aytishib yozadigan she'rlari ham emas. Avezada (hikoya) shoir o'z tomonidan hech narsani aralashtirmasdan, boshqalarning boshidan o'tgan voqeani aytadi. Bahs-munozaralarda shoir o'z boshidan emas, balki boshqalarning boshidan kechirgan voqealarni ko'rsatadi, o'zidan va ruhiy holatidan hech narsani jalb qilmaydi. Bu jihatdan bahs-munozara ovozga (hikoyaga) yaqin» [4:173].

Baytursinuli bahs-munozaraga adabiy kategoriya sifatida qarab, uning: ijtimoiy, psixologik, axloqiy va dramaturgik darajalarda harakat qilishini ko'rsatadi. U bahs-munozaralarni «haqiqiy hayotning o'zi emas, balki narsaning ko'zgudagi aksi», voqealar ko'z o'ngida sodir bo'layotgandek taassurot qoldiradigan, ammo shoirning tasavvuridan kelib chiqqan badiiy haqiqat deb ta'riflab, uning murakkab ko'p qatlamli tabiatini ochib beradi. "Bahs-munozara" ijtimoiy munosabatlar, psixologik to'qnashuvlar, axloqiy mulohazalar va dramatik harakatning sintezidir. Akademik R.Nurgaliev «So'z san'atining buyuk tadqiqotchisi» nomli maqolasida millat ustozining bahs-munozaralar haqidagi fikrlarini tahlil qilib: «Aslida, Ahmad Boytursunov jahon dramatik san'atining yuksak namunalari Shekspir, Moler, Gyote, Ostrovskiy, Chexovni o'qib yoki sahnada ko'rib fikr bildirayotgandek», - deb yozadi [9].

Olim talqin qilayotgan bahs-munozara jamiyatdagi ijtimoiy munosabatlarning badiiy modelidir. «Biz voqeani ko'z o'ngimizda ko'ramiz va odamlarning hayotda bahslashib yashayotganini ko'ramiz»-deb, u san'at sifatida

ko‘rinayotgan harakatning kundalik hayotdagi harakatimizning o‘zi bo‘lmasa ham, uning «maydonda ko‘rsatilayotgan nuri» ekanini ochiqlab yozadi. Insonlarning yashash makoni bahs-munozara tilida madaniyat va san’at chegarasida yangi maydonga, yuqori darajaga ko‘tarilib, badiiy so‘z orqali yangi tuzilma va tizimga kiradi. «Hayot maydonida odamlarning aqli yetganicha chora ko‘rishi, g‘ayratiga yarasha qurol qilib kurashgani, aldab-suldagani, quvongani, yig‘lagani, o‘ynagani, kulgani, sevingani, kuyingani, dushmanlashgani, davolashgani, bitishgani, yarashgani go‘yoki hayotning o‘ziday ko‘z o‘ngingizdan o‘tadi».

Ahmet uchun bu yerdagi makon «hayot maydoni», vaqt esa «hayotdagidek». Hayot maydoni - muhit, ijtimoiy muhit. «Bahs-munozara»ning (yoki dramaning) muhim xususiyati «Bu haqiqiy hayotning o‘zi emas, balki narsaning ko‘zgudagi nuri kabi, hayotning maydonda ko‘rsatilgan nuri. Ammo narsalarning ko‘zgudagi nuri qanday o‘zgarmas bo‘lsa, bu ham haqiqiy hayotning o‘zidan farq qilmaydigan nurdir». Drama sirini, uning ijtimoiy roli va san’at sifatidagi tabiatini shu tarzda ochib bergan Ahmet Baytursinuli so‘z san’ati orqali ifodalangan «bahs-munozara»ni jamiyatning tashqi muhit sharoitlariga asoslangan va o‘z ichki tuzilishida madaniyatga xos ma’naviy qadriyatlarni saqlagan holda o‘zgarishlarga moslashgan barqaror mexanizm sifatida tushuntiradi.

U dramaning tabiatini chuqurroq ko‘rsatish maqsadida uni «havoza» bilan qiyosiy tahlil qiladi: «Havozada voqeani gapirish, bahs-tortishlarda shoir o‘zi gapirmay, boshqalarni gapirishga majbur qilib, bahslashib, ziddiyat qilib qo‘yib, o‘zi betaraf bo‘lib, faqat qiziqishiga qarab o‘tirib qolgan kabi bo‘ladi. Avezada shoir aytganidan o‘tgan voqeaning hikoyasini eshitamiz, bahs-munozaralarda voqeani kimningdir aytganidan eshitamiz».

«Aslini olganda, bahs-munozara ichki olam bilan tashqi olamning tutashganligini ko‘rsatuvchi so‘z turidir», - deb yozadi A. Baytursinuli. Bahs-munozaralar orqali olim insonning ichki borlig‘i va tashqi dunyo o‘rtasidagi bog‘liqlikni aniqlaydi: «Inson bolaligida tashqi olamda faqat ko‘zga ko‘rinadigan va tanaga seziladigan narsalarni biladi. Aql-hushi joyiga kelguncha u o‘zini boshqalardan ajratmaydi. Ulg‘aygan sari u o‘zining boshqalardan farqli ekanligini tushunib, o‘ziga yoqqan narsalarni qiladi. Ulg‘aygan sari dunyoning ishlaridan o‘zicha quvonadi, o‘zicha qayg‘uradi, o‘zicha yo‘l tutadi, o‘zicha hayot yo‘lini belgilaydi, o‘zicha fikrlaydi».

Shaxsning ma’naviy o‘sish yo‘li ma’lum bosqichlarda amalga oshiriladi:

- Bolalik davri: «ko‘zga ko‘rinib, tanaga sezilayotgan narsalarni tanish» → bilishning empirik darajasi.
- Aql kira boshlagan chog‘: «o‘zini o‘zgadan ayirmaydi», «o‘zganing qilganini qiladi» → imitativ, taqlidchan ong.
- Ulg‘ayish: «o‘zining o‘zgadan boshqaligini bilish» → subyektivlikning uyg‘onishi.
- Voyaga yetish: «o‘zicha suyunib, o‘zicha kuyinib», «o‘zicha yo‘l tutish» → shaxs sifatida shakllanish, refleksiya, qadriyatli baholash.

Demak, A. Baytursinuli bahs-munozaralarni lingvo-falsafiy yo‘nalishda tahlil qilib, insonning ichki olamini tasvirlashda tashqi borliqning ta’sirini ko‘rsatish orqali tilshunoslik va konseptual yondashuvlarni alohida ko‘rib chiqqan. V. fon Gumboldt, L.Vitgenshteyn, E.Kassirer singari mutafakkirlar tilning inson tomonidan dunyoni anglashdagi ijodiy va konseptual rolini ta’kidlab o‘tganlar. A.Baytursin uli qozoq mutafakkirlari orasida tilning inson borlig‘ini anglashdagi ahamiyatini ilk bor falsafiy yuksaklikka ko‘targan olimdir.

Inson «qayg‘usi, orzusi, maqsadi, manfaati bo‘lib, o‘sha orzu-maqsadga erishish istagini boshlagan joyda tashqi olam bilan chegaradosh yer chegarasiga kelib, ichki olam bilan tashqi olam uchrashadi». Ekzistensial ziddiyat real jismoniy harakatga aylanadi va konflikt tabiati aniqlashadi. O‘ylangan xulosa ikki darajada ko‘rib chiqilishi mumkin:

1. ekzistensial daraja. Shaxsning ichki manfaatlari, maqsadlari va tashqi sharoitlar o‘rtasidagi bog‘liqlikning nomuvofiqligi.
2. lingvokonseptual daraja. Til ikki xil borliqni, ya’ni tashqi olam haqidagi bilim va shaxsning ruhiy borlig‘ini yagona semantik maydonga birlashtiradi.

Insonning dard-u tashvishlari, orzu-umidlari, maqsad va manfaatlari til orqali aniq ifodalanib, ijtimoiy muhitga taqdim etiladi. A. Baytursinuli bu konsepsiyalarni tizimli ravishda bog‘lab, insonning ichki dunyosi milliy dunyoqarash asosida qurilishini ko‘rsatadi.

L.S. Vigotskiyning ta’kidlashicha, «ichki, dialogik va yozma nutq kontinuumni tashkil etadi». Ichki nutq o‘zingiz bilan muloqotdir; u bir qutbni tashkil qiladi, yozma nutq esa ikkinchi qutbdir. Ichki nutqning tabiatini o‘rganib, L.S.Vigotskiy birinchi bo‘lib ichki nutqning egosentrik nutqdan, tashqi nutqdan va o‘zi uchun gapirishdan kelib chiqishi haqidagi gipotezani taklif qildi. U 2 yoshdan 8 yoshgacha bo‘lgan bolalarning o‘yin paytida, topshiriqlarni bajarishda va bolalar o‘z harakatlari haqida fikr bildirganda nutqini o‘rganadi. L.S. Vigotskiyning fikricha, ichki nutq bolaning tashqi nutqidan uning ijtimoiy va egosentrik funksiyalarining differensiatsiyasi bilan ajralib chiqadi, bola egallagan nutq tuzilmalari esa uning tafakkurining asosiy tuzilmalariga aylanadi. Ichki nutq qisqartirilgan, uzuq-yuluq, elliptik va predikativ bo‘ladi.

A.Baytursinulining shaxsning ichki mulohazasi bo‘lishi, uning so‘z vositasida tashqariga chiqarilishi haqidagi fikriga e’tibor qaratish lozim. «So‘z san’ati ilmi» deb nomlangan bo‘limda olim yozma til va og‘zaki nutq o‘rtasidagi farqni aniqlash uchun 1) shoir tili; 2) Oddiy til degan terim so‘zlaridan foydalanadi. «Shoir tili bilan gapirganda, so‘zga alohida tus berilganligi sababli ifoda ko‘rgazmali bo‘ladi. Oddiy tilda gapirganda, so‘zga boshqacha tus berilmaganligi sababli, so‘zlar sovg‘a va yalang‘och bo‘lib chiqadi». Muallifning ko‘rgazmali ifodasi adabiy nutq, ko‘sa ifodasi esa og‘zaki nutq deb tushunamiz.

Nutqdan oldingi inson tafakkurini A. Baytursinuli shunday izohlaydi: ..Ichki fikrni, tasavvurni, ko‘ngil holatini tartibga solib, qolipini, qirrasini, jadvalini muvofiqlashtirib, so‘z orqali tashqariga chiqarish nutq chiqarishdir. «Asar» - bu shunday yaratilgan so‘z». Olimning yozishicha, har qanday til tajribasi yoki ongda qabul qilingan mazmunning umumlashtirilgan tabiati mavjud bo‘lib, muloqot jarayonida verbal ma’noning umumlashishi va rivojlanishi taxmin qilinadi.

Murakkab yaxlitlikni birliklarga ajratish intellectual jarayonlarning birligini ifodalovchi dinamik semantik tizim mavjudligini ko‘rsatadi. L.S.Vigotskiyning fikricha, ichki nutq bolaning tashqi nutqidan ajralib, nutqning ijtimoiy va

egosentrik funksiyalari differensiatsiyasi bilan birga kechadi [10]. Nutq va tafakkur nazariyasini bir-biriga qarama-qarshi qo‘yadigan Vigotskiy nazariyasi eksperimental-tanqidiy xarakterdagi masaladir.

A.Baytursinuli insonning ichki olami va tashqi olami o‘rtasidagi farqni manfaatlar farqi bilan bog‘liq holda ko‘rib chiqib, shunday yozadi: «Odam bo‘lgach, uning ko‘ngli biror narsani istamay turolmaydi... Ko‘nglining istagi ham, u istak yo‘lidagi amali ham odamiga qarab turlicha bo‘ladi. Mayda odamning maqsadi ham mayda bo‘ladi. Kimdir dunyoni o‘ziga qaratish, bo‘ysundirish, kimdir dunyoga dovruq taratish, kimdir dunyo sirlarini anglash, odamlarning ko‘zini ochish, bilimini oshirishga urinadi... Inson qanchalik dono, bilimdon, qanchalik qahramon va qudratli bo‘lmasin, agar jamiyat uning maqsadini tushunmasa, arbob qal’aga yolg‘iz bostirib kirgan botir kabi ovora bo‘ladi» [4:174-175].

L.Vigotskiy inson ongi va xulq-atvorining ijtimoiy-tarixiy tabiatini tushuntirib, psixologik jarayonlarni faqat biologik yoki «sof ruhiy» doirada ko‘rib chiqishning cheklanganligini ko‘rsatdi. Uning asosiy tezislaridan biri shuki, ongning o‘zi hayot va faoliyatdan kelib chiqadi va shu orqali inson xulq-atvorini tartibga soladi. Ko‘rinib turibdiki, L.Vigotskiy va A. Baytursin uli o‘rtaga tashlagan masalalar bir-biri bilan uyg‘unlashib, bir-birini boyitadi.




1-jadval. Ahmet ko‘rsatgan odamning dunyoviy xatti-harakatlari.

Shunday qilib, qat’iy nazariyani hayotga yaqinlashtiradi va insonning ichki borlig‘idagi maqsadning roli va ahamiyatini belgilaydi.




2-jadval. Ahmet ko‘rsatgan inson maqsadining turli sifatli harakatlari.

A.Baytursin uli ichki olamni insonning ma’naviy dunyosi sifatida ko‘rib chiqadi. Bu inson ongida shakllanadigan qadriyatli yo‘nalishlar, shaxsiy manfaatlar yig‘indisidir: ISTAK, ORZU, MANFAAT, MAQSAD. Odamning xatti-harakati ana shu ichki kuchlardan kelib chiqadi. «Istak» inson qalbidagi harakatning ilk yutug‘i bo‘lsa, manfaat shu istakning barqarorlashuvi, yo‘nalishga aylanishidir.

Insonning tashqi olami - ijtimoiy, madaniy, iqtisodiy muhit bilan munosabati orqali namoyon bo‘ladigan voqelik makonidir. Baytursin uliga ko‘ra, inson ichki istaklariga muvofiq harakat qiladi:

Ichki niyat - manfaat - maqsad - harakat - tashqi natija.

A.Baytursin uli xulosasi antropologiya va psixologiya uchun ham muhim bo‘lgan bir nechta ilmiy xulosalarga yo‘l ochadi:

- inson xatti-harakatlarini asoslovchi sababiylik tamoyili;
- irodaning roli; maqsadning hajmi va sifati insonning iroda darajasiga bog‘liq;
- shaxsning manfaati, shaxs uchun qadriyat bo‘lgan manfaat uning qadriyat yo‘nalishi bilan bog‘liq bo‘ladi;
- shaxsiy va ijtimoiy taraqqiyot birligi jamiyatdagi yirik maqsadlar tizimi yirik shaxslarning mavjudligi bilan bevosita bog‘liq.

L. Vigotskiy yuqorida ko‘rsatilgan asarida J. Piajening bola nutqi va tafakkuri masalalariga bag‘ishlangan ta’limotini chuqur tahlil qiladi [10: 27 б]. A. Baytursinuli tomonidan tahlil qilingan ichki va tashqi olam tamoyili va L. Vigotskiy tomonidan ko‘rsatilgan fikrlash shakllari o‘rtasida chuqur bog‘liqlik mavjud. Ushbu xulosalar inson ruhiyatini to‘rtta asosiy komponent orqali modellashtirish imkonini beradi:

1. Istak - ichki impuls. Bu L.Vigotskiy tomonidan tavsiflangan autistik tafakkurning xayoliy ibtidolari bilan mos keladi.

2. Manfaat - barqaror maqsadli yo‘nalish. Istakning vaqt o‘tishi bilan mustahkamlanib, shaxsning o‘zi yo‘naltirgan qadriyatlar tizimiga aylanishi.

3. Maqsad - niyatning aniq ijtimoiy shaklga ko‘chishi. Bu L. Vigotskiy nazariyasidagi egotsentrik fikrlash bilan mos keladi [10:22].

4. G‘ayrat va ijtimoiy tafakkur - iroda mexanizmi. Maqsadga erishishning energetik va irodaviy resursi.

Piaje tadqiqotlarini tahlil qilib, L.Vigotskiy intellektual rivojlanish muammosini aniqladi va tafakkurning uchta asosiy shaklini aniqladi:

1. Autistik fikrlash. Baytursinuli aytgan odamning dastlabki «xohish» darajasi bilan taqqoslash uchun asos bor.

2. Egotsentrik fikrlash. A.Baytursin uli ta’rifiga ko‘ra, manfaat va maqsad shakllanish darajasiga mos keladi.

3. Ijtimoiy (mantiqiy) fikrlash. Bu bosqich insonning ichki maqsad va g‘ayratining tashqi xatti-harakatlar bilan to‘liq uyg‘unlashishiga o‘xshaydi.

Ya’ni autistik fikrlash → mayda istaklar; egosentrik fikrlash → shakllanmagan manfaat; ijtimoiy fikrlash → oliy maqsad. Bundan inson tafakkur darajasi va maqsad sifati o‘zaro yaxlit tizim sifatida namoyon bo‘ladi. A.Baytursin uli va L.Vigotskiy nazariyalari inson rivojlanishining ikki tomonlama - motivatsion va kognitiv jihatlarini ko‘rib chiqadi. Ichki olamning quvvati va tafakkurning mantiqiy yetukligi insonning tashqi ijtimoiy faoliyati sifatini belgilaydi.

**Xulosa.** Olimlarning motivatsion-psixologik xulosalari va kognitiv rivojlanish nazariyasi birlashganida insonning ichki dunyosi va uning voqelik bilan aloqa qilish mexanizmlarini baholashning chuqur ilmiy asosi shakllanadi. A.Baytursin uli taklif qilgan: ichki ruhiy tuzilmalar tashqi harakatni belgilaydi; shaxs rivojlanishi –

ichki motivatsion energiyaning murakkablashuvi va tafakkur shakllarining ijtimoiy yo‘naltirilganligi birligi; maqsadning balandligi va fikrlashning mantiqiy darajasi – shaxs rivojlanishining asosiy ko‘rsatkichlariga boğlıq fikrlari hozirgi vaqtlarda ham óz kóchini yuqotmagan fikrlar qatoridan joy oladi.

**Adabiyotlar**


1. Байтұрсынұлы А. Таңдамалы шығармалары. Жалпы редакциясын басқарған Ж. Түймебаев, А. Салқынбай. – Алматы, 2022. Үш томдық шығармалар жинағы 1-том.
2. Байтұрсынұлы А. Таңдамалы шығармалары... 2-том.
3. Байтұрсынұлы А. Таңдамалы шығармалары... 3-том.
4. Байтұрсынов А. Әдебиет танытқыш. Зерттеу мен өлеңдер. – Алматы: «Атамұра», 2003.
5. Нұрғалиев Р. Қаз едік, қатар ұшып қаңқылдаған.
6. Сыздық Р. Ахмет Байтұрсынұлы. – Алматы: 1990.
7. Смағұл Ж. Ахмет Байтұрсынұлы - ұлттық әдебиеттану ғылымының негізін қалаушы»
8. Ойсылбай А. Ахмет Байтұрсынұлының «Әдебиет танытқышындағы» сөз өнері мен поэтика мәселесі. – Алматы, 2016.
9. Нұрғалиев Р. Сөз өнерінің ұлы зерттеушісі. // Қазақ әдебиеті, №4, 28 қаңтар, 1994.
10. Выготский Л. Мышление и речь. Психологические исследования. -М.-Л. 1934.
11. Piaget J. Psychology of the Child. – New York: «Basic Books», 1970.

# M A Z M U N Í

## BAS MAQALA

**Қодиров Қ.** Бағрикенглик ва ҳамжиҳатлик – Янги Ўзбекистоннинг бебаҳо бойлиги ……….. 3

## JÁMIYETLIK HÁM GUMANITAR ILIMLER

### Tariyx. Huqıqtanıw. Ruwxıylıq tiykarları

**Абатов А.Р.** Академик С.К.Камалов – как ректор каракалпакского государственного педагогического института …………………………………………………………………….. 6
**Бердиев Д.Т.** К вопросу о палеогидрографии и локализации оазисов Нижней Сырдарьи в раннем средневековье ……………………………………………………………………………... 10
**Erniyazova D.B.** XX asrning 70-yillarida Qoraqalpogʻistonda kasaba uyushmalari faoliyati va ularning jamiyatdagi oʻrni ………………………………………………………………………. 13

## TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANÍW

### Til bilimi

**Akimbekova Sh.A., Dosmailova A.N.** The linguo-cognitive paradigm of Kazakh and Uzbek pedagogical discourse in the early 20th century: based on the works of M.Zhumabayev and A.Avloni ……………………………………………………………………………………….. 16
**Amaniyazov A.O.** Kórkem shıǵarmalar tilinde iyt penen baylanıslı frazeologizmlerdiń qollanılıwı 20
**Ganieva Z.M.** Metaphorical models of the concept death in aphoristic discourse ………………… 23
**Xabibullaeva G.K.** Kommunikativ-kognitiv qatnas kózqarasınan leksikalıq kompetenciyanıń áhmiyeti ………………………………………………………………………………………... 28
**Mnajatdinova N.A., Аманиязов А.О.** Qaraqalpaq hám inglis tilindegi xalıq naqıl-maqallarında At (Horse) zooniminiń qollanılıwı ……………………………………………………………….. 32
**Прекеева А.** Сурхандәрья қарақалпақлары тилинде даўыслы сеслердиң қолланылыў өзгешеликлери ………………………………………………………………………………... 35
**Sailaubaeva G.A.** Qaraqalpaq til biliminde naqıl-maqallardıń jıynalıwı hám izertleniw tariyxı … 39
**Sultanova D.K.** Qaraqalpaq hám inglis til biliminde pedagogikalıq terminologiyanıń izertleniwi… 42
**Utemuratova G.B.** Leksikalıq tákirarlardıń tekst komponentlerin baylanıstırıwdaǵı ornı ……….. 46
**Шынназарова С.Ж.** Өлшем түсинигине қатнаслы соматикалық фразеологизмлер ……….. 49

### Ádebiyattanıw

**Allamuratova Z.M., Qaypbergenova A.M.** A.Ábdievtiń «Áyyemgi qaraqalpaqlar» roman-dialogiyasında folklorizmlerdiń qollanılıwı ……………………………………………………… 52
**Ametova M.** Professor K.Qurambaevtıń ádebiy baylanıslardıń rawajlanıwına qosqan úlesi ……… 55
**Baltabayeva N.K.** Kórkem shıǵarmada psixologizmniń funkciyası (A.Sultanovtıń shıǵarmaları mısalında) …………………………………………………………………………………………… 58
**Давлетов Б.А.** Бердақ шығармаларында мийнет темасының жырланыўы …………………… 63
**Jambulova R.A.** «Ǵárip ashıq» dástanınıń dramaturgiyaǵa stilizaciyası ………………………….. 65
**Kudiyarova R.K.** S.Jumaǵulovtıń yumorlıq gúrrińlerinde obraz jaratıw sheberligi ………………. 67
**Ktaybekova Z.K.** A.Ábdievtiń «Búrkit shıń» shıǵarmasında obraz jasaw ózgesheligi …………… 70
**Qalbaeva G.S.** Folklor prozasındaǵı "gúna" konceptiniń túrleri: diniy hám social-turmıslıq gúna.. 73
**Qosbergenova A.M.** Házirgi zaman qaraqalpaq balalar prozasında qaharman obrazı hám onıń oqıwshı shaxsına tásiri …………………………………………………………………………… 77
**Матимов К.Г.** Қарақалпақ роман-эсселеринде жанрлық диффузия көринислери *(Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссеси мысалында)* ………………………... 80
**Матимов К.Г.** Шығыс ҳәм түркий әдебиятындағы жанрлық диффузия дәстүрлери ……….. 84
**Nizamatdinov J.M.** Qaraqalpaq xalıq dástanı "Edige" hám onıń poetikasındaǵı ayırım máseleler........................................................................................................................................... 88
**Salqinbay A.** «Adabiyot tanitqich» – Ahmet Baytursinulining klassik tadqiqoti ………………. 92

# Ǵárezsizligimizdiń 35 jıllıq saltanatı institut aymaǵında da ózine tán bayram keypiyatı hám kóterińki ruwx penen kózge taslanbaqta




Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında da qutlı sáne múnásip kútip alınbaqta. Házirgi kúnde institut aymaǵında bayram ortalıǵın jaratıw, imarat hám obyektlerdiń sırtqı kórinisin jáne de abadanlastırıw hám bezew jumısları ámelge asırılmaqta.



# NMPI professor-oqıtıwshıları hám doktorantları xalıqaralıq konferenciyalarda belsene qatnasıp kelmekte






Ázerbayjan Respublikası Mádeniyat ministrligi tárepinen Birinshi Túrkologiyalıq Qurıltaydıń 100 jıllıǵı múnásibeti menen belgili ilim hám mádeniyat ǵayratkerleri, túrkiy tilli mámleketler menen baylanıslı tiyisli shólkemlerdiń basshıları, qatnasıwında «Túrkiy dúnya hápteligi» shólkemlestirildi.

Ájiniyaz atındaǵı NMPI professorı, filologiya ilimleriniń doktorı Turǵanbay Kerwenov háptelik sheńberinde Baku qalasında ótkerilgen «Birinshi Túrkologiyalıq Qurıltay: júz jıllıq ilimiy-mádeniy miyras» atamasındaǵı xalıqaralıq kongresske qatnasıp qayttı.







Malayziyanıń Linkoln universitetinde IV Xalıqaralıq «Globallıq bilimlendiriw» konferenciyası shólkemlestirildi. Konferenciyaǵa Ájiniyaz atındaǵı NMPI professor-oqıtıwshıları – Gúlzira Qıdırbaeva, Farida Ótenova, sonday-aq, tayanısh doktorant Aynura Ótewlievalar da óz ilimiy bayanatları menen qatnastı.

## Dıqqat, jazılıw – 2026!

Húrmetli, jurnal oqıwshıları! Eger, Siz ilim, tálim-tárbiya hám oqıtıwdıń jańa zamanagóy usılları, jańalıqları menen óz waqtında jaqınnan tanıspaqshı, ózińizdiń usı tarawdağı jetiskenliklerińiz hám oy-pikirlerińiz benen ortaqlaspaqshı bolsańız, «Ilim hám jámiyet» jurnalına 2026-jıl ushın jazılıwğa mirát etemiz.

Biziń jurnalımızda barlıq tarawlar boyınsha ilimiy, ilimiy-metodikalıq maqalalar járiyalanadı.

«Ilim hám jámiyet» jurnalı Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası janındağı Joqarı Attestaciya Komissiyası kollegiyasınıń qararı menen tómende kórsetilgen pánler boyınsha ilim doktorı dárejesin alıw ushın maqalalar járiyalanıwı tiyis bolğan ilimiy basılımlar dizimine kirgizilgen:

- 01.00.00 – fizika-matematika ilimleri;
- 02.00.00 – ximiya ilimleri;
- 03.00.00 – biologiya ilimleri;
- 05.00.00 – texnika ilimleri;
- 07.00.00 – tariyx ilimleri;
- 10.00.00 – filologiya ilimleri;
- 11.00.00 – geografiya ilimleri;
- 13.00.00 – pedagogika ilimleri;
- 19.00.00 – psixologiya ilimleri.

**Jazılıw bahası - 420.000 (tórt júz jigirma mıń) swm.**

*Redakciya mánzili: Nókis qalası, P.Seytov kóshesi, n/j.*

*Indeks: 230100, Telefon: +998612294086; +998933652520.*

*JURNALDÍŃ BASÍP SHÍĞARÍLÍWÍNA*

*JUWAPKER: Ájiniyaz atındağı NMPI baspaxanası.*

«Ilim hám jámiyet» jurnalınıń esap beti:

BANK: MB BB XKKM Toshkent shahri

Esap beti: 2340 2000 3001 0000 1010

MFO: 00014; INN: 201 122 919

Jeke esap beti: 4001 1086 0354 0170 9410 0350 005

| | |
|---|---|
| *Maqalalardıń mazmunına hám durıslığına avtorlar juwapker, olardıń pikirleri redakciyanıń pikirleri bolıp esaplanbaydı* | *Jurnalğa jıl dawamında jazılğan avtorlardıń miynetleri birinshi gezekte járiyalanadı. Maqala kólemi 6 betten kem bolmawı, 8 betten aspawı kerek.* |
| *Jurnal 1992-jıldan shığa basladı*<br>*ISSN 2010-720X*<br>*Indeksi: Jeke puqaralar ushın — 2101.*<br>*Mákemeler ushın — 2102.* | *Basıwğa ruxsat etildi: 14.08.2026*<br>*Buyırtpa: №0379 Format: 60x84 1/8*<br>*Kólemi: 12 b/t. Jurnal jılına 8 márte shığadı.*<br>*Reestr № 089632* |